

## BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

### 4.1 Hasil Panalungtikan

Ieu subbab medar ngeunaan hasil panalungtikan analisis wacana humoris dina kontén *reels* instagram @uc\_\_\_\_i (ulikan pragmatik). Data wacana anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan video anu medal dina tanggal ganjil salila taun 2023. Tina kontén nu medal dina akun instagram @uc\_\_\_\_i nu dianalisis, kapuluhruh aya 60 data wacana humoris, nu mangrupa data tinulis dina wangun paguneman antartokoh. Sabada dipaluruh, data wacana dipasing-pasing luyu jeung udagan panalungtikan nyaéta wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris. Saacan dipedar, di handap ieu aya tabél sababaraha conto data wacana humoris anu ditalungtik.

**Tabél 4. 1**

*Sampel Data Wacana Humoris*

No. Data	Paguneman	Kode Data
(01)	<p style="text-align: center;"><b>Marimar Gaduh Buah Balingbing</b></p> <p>Euceu : “Éyy boga balingbing”            Marimar : “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!”            Euceu : “Na ari éta naon atuh?”            Marimar : “Kacang”            (padahal buah nangka)</p>	<b>MGBB/V1/050123</b>
(02)	<p style="text-align: center;"><b>Mang Eman</b></p> <p>Euceu : “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”            Marimar : “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”            Euceu : “Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanas ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung”            Marimar : “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jadi jipen”            Euceu : “Lain nya, kuatan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”</p>	<b>ME/V2/090123</b>

	<p>Marimar : “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”</p> <p>Euceu : “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”</p> <p>Marimar : “Ah maenya”</p> <p>Euceu : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”</p> <p>Marimar : “Ih ulah atuh!”</p> <p>Euceu : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”</p> <p>Marimar : “Na teu karunya ka euceu?”</p> <p>Euceu : “Naha maké bet ka euceu?”</p> <p>Marimar : “Pan jeung euceu bobogohanana”</p>	
(03)	<p><b>Cara Nyanghareupan Tatangga Julid</b></p> <p>Euceu : “Perasaan mah asa tara usaha, tapi asa mineng katingali balanya”</p> <p>Marimar : “Naon ceu? Nyindir? Kenaé atuh balanya waé mah, daripada jiga euceu, gawé wé unggal poé ari beunghar henteu! Ripuh ah!”</p>	<b>CNYTJ/V3/110123</b>
(04)	<p><b>Nasihat Ti Marimar</b></p> <p>Marimar : “Ulah daék bobogohan jeung jelema nu tara solat”</p> <p>Euceu : “Naha?”</p> <p>Marimar : “Solat gé geus wani ditinggalkeun komo deui manéh!”</p>	<b>NTM/V4/130123</b>
(05)	<p><b>Meuli Ubar</b></p> <p>Euceu : “Tas ti mana ceu?”</p> <p>Marimar : “Tas meuli ubar”</p> <p>Euceu : “Ubar keur saha?”</p> <p>Marimar : “Nya keur nu gering atuh!”</p> <p>Euceu : “Na saha kitu nu gering?”</p> <p>Marimar : “Tatangga”</p> <p>Euceu : “Naha maké ku euceu meuli ubarna?”</p> <p>Marimar : “Ah teu nanaha, karunya wé, watir”</p> <p>Euceu : “Na gering naon kitu?”</p> <p>Marimar : “Harééng panas”</p> <p>Euceu : “Ti iraha kitu?”</p> <p>Marimar : “Can lila, ti saprak abi meuli mobil!”</p>	<b>MU/V5/170123</b>

Jst. (lengkepna dina lampiran 2)

#### 4.1.1 Wanda Polah Ucapan Humoris

Tina hasil analisis 60 data wacana humoris dina akun instagram @uc\_\_\_\_i kapaluruh sakabéh wanda polah ucapan, nyaéta (1) lakuning ucapan (lokusi); (2)

lakuning gawé (ilokusi); jeung (3) lakuning rasa (perlokusi). Dipedar sacara jéntré unggal wanda anu ditataan saperti ieu di handap.

#### 4.1.1.1 Lakuning Ucapan (*Lokusi*)

Lakuning ucapan atawa lokusi mangrupa polah basa pikeun ngedalkeun hiji hal ka nu lian. Tina hasil analisis 60 data wacana humoris kapanggih aya 66 polah ucapan nu nyampak lakuning ucapan atawa lokusi. Di handap ieu dipedar kalawan jéntré sababaraha conto hasil analisisna pikeun meunang gambaranana.

##### Marimar Gaduh Buah Balingbing

- (01) Euceu : “Éyy boga balingbing”  
 Marimar : “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!”  
 Euceu : “Na ari éta naon atuh?”  
 Marimar : “Kacang”  
 (padahal buah nangka)

(MGBB/V1/050123)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Marimar nu “Kacang” asup kana lakuning ucapan atawa lokusi lantaran omonganana mangrupa kedaling hiji hal tanpa ayana téndénsi pikeun milampah hiji hal. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran omongan tokoh Marimar mangrupa réson tina omongan tokoh Euceu nu “Éyy boga balingbing” padahal nu keur di dahar ku tokoh marimar téh buah nangka anu teu disangka tokoh Marimar rék nyebutkeun ngaran buah nu salah ogé.

##### Mang Eman

- (02) Euceu : “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”  
 Marimar : “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”  
 Euceu : “Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanana ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung”  
 Marimar : “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jarijipen”  
 Euceu : “Lain nya, kuatan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”  
 Marimar : “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”  
 Euceu : “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”  
 Marimar : “Ah maenya”  
 Euceu : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”

- Marimar : “Ih ulah atuh!”  
 Euceu : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”  
 Marimar : “Na teu karunya ka euceu?”  
 Euceu : “Naha maké bet ka euceu?”  
 Marimar : “Pan jeung euceu bobogohanana”

(ME/V2/090123)

Dina data wacana di luhur, nu nuduhkeun lakuning ucap atawa lokusi aya dina omongan tokoh Euceu nu “*Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanas ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung*” lantaran eusina mangrupa omongan nu ngedalkeun hiji hal kanu lian jeung teu nuduhkeun aya pangaruh ti panyatur ka pamiarsa. Unsur humorna muncul lantaran omongan tokoh Euceu nyebukeun rupa Mang Eman siga boléd kulanas, anu saenyana boléd kulanas téh rasana pait jeung teu bisa didahar.

#### Meuli Ubar

- (05) Euceu : “Tas ti mana ceu?”  
 Marimar : “Tas meuli ubar”  
 Euceu : “Ubar keur saha?”  
 Marimar : “*Nya keur nu gering atuh!*”  
 Euceu : “Na saha kitu nu gering?”  
 Marimar : “Tatangga”  
 Euceu : “Naha maké ku euceu meuli ubarna?”  
 Marimar : “Ah teu nanaha, karunya wé, watir”  
 Euceu : “Na gering naon kitu?”  
 Marimar : “*Harééng panas*”  
 Euceu : “Ti iraha kitu?”  
 Marimar : “*Can lila, ti saprak abi meuli mobil!*”

(MU/V5/170123)

Dina wacana humoris di luhur, bagéan “*Nya keur nu gering atuh!*”, “*Harééng panas*” jeung “*Can lila, ti saprak abi meuli mobil!*” kaasup kana lakuning ucap atawa lokusi lantaran hal anu ditepikeun ku tokoh Marimar teu nuduhkeun ayana téndénsi pikeun milampah hiji perkara. Hal anu matak pikaseurieun dina éta paguneman nyaéta tokoh nu ngarana Marimar nyebutkeun yén manéhna meuli ubar téh lain keur panyakit harééng anu sabenerna tapi keur ngubaran panyakit harééng tatanggana nu sirik atawa iri ti saprak Marimar meuli mobil anyar.

(06)

**Mesin Cuci Kotor**

- Euceu : “Ari euceu kunaon ngan gugutrut waé tatadi?”  
 Marimar : “Teuing atuh ieu téh asa ararateul”  
 Euceu : “Bajuna mérang meureun”  
 Marimar : “Piraku wé anyar ngaganti”  
 Euceu : “Berati nyeuseuhna éta mah teu beresih”  
 Marimar : “Lalawora maké nyebutkeun teu beresih”  
 Euceu : “Éta ning ararateul kitu jiga pelakor”  
 Marimar : “Kurang kumaha, nyeuseuhna ogé maké sabun mahal. Sabun seuseuhna ogé anu sok dipaké ku Shah Rukh Khan!”  
 Euceu : “Naon, Shah Rukh Khan mah lamun nyeuseuh maké sabun gandu!”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh?”  
 Euceu : “Ceuk dulurna, pan aya orang Cibaduyut! Palinggé euceu mah mesin cucina anu kotor”  
 Marimar : “*Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan*”  
 Euceu : “Nya teu bisa atuh! Mesin cuci gé kudu dimandian”  
 Marimar : “Ah! rariweuh aingah ngumbahna ogé”

(MCK/V6/270123)

Dina wacana humoris di luhur, lakuning ucap atawa lokusi aya dina bagéan “*Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan*” lantaran eusina nepikeun pesen panyatur ka pamiarsa tanpa ayana paréntah pikeun milampah hiji hal. Unsur humorisna muncul nalika tokoh Marimar mikir yén mesin cuci téh bisa ngumbah sorangan sabab tukang nyeuseuh, padahal mesin cuci ngan bisa nyeuseuh baju teu bisa nyeuseuh atawa ngumbahan dirina sorangan.

**Sundanese Death Metal**

- Budak : “Keur naon ma?”  
 Ema : “Hah?”  
 Budak : “Keur naon?”  
 (08) Ema : “*Keur ngadéngékeun tembang*”  
 Budak : “Keur ngadéngé lagu naon ma?”  
 Ema : “*Biasa kujang romping*”  
 (Padahal lagu métal)

(SDM/V8/050223)

Dumasar kana data wacana humrois di luhur, lakuning ucap atawa lokusi ébréh ina omongan tokoh Ema nu “*Keur ngadéngékeun tembang*”, jeung “*Biasa kujang romping*” lantaran eusi omonganana ngan ngedalkeun hiji hal nyaéta manéhna keur ngadéngékeun tembang jeung nyebutkeun lagu kujang romping. Tina omonganana teu kapanggih ayana rasa pikeun mangaruhan jeung nitah hiji hal. Ieu hal ogé jadi

unsur humor lantaran tokoh Ema nyebutkeun tembang kujang rompang padahal nu didéngékeun téh lagu métal anu biasana jalma nu geus kolot jarang aya nu resep kana lagu métal.

### THR

- (23)
- Budak : “Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR”  
 Ema : “Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah”  
 Budak : “Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?”  
 Ema : “Nya lain atuh, da urangmah unggal taun gé tara meunang”  
 (Ema balik ti luar)  
 Ema : “Assalamualaikum”  
 Budak : “Waalai kumsalam, éh ma!”  
 Ema : “Naon?”  
 Budak : “Tadi aya nu ka imah nanyakeun ema”  
 Ema : “Saha kitu?”  
 Budak : “Teuing da cenah mah urut dunungan ema baheula”  
 Ema : “Arék naon?”  
 Budak : “Méré THR”  
 Ema : “Tah geuning ari milik mah, mana THRna kadieu keun”  
 Budak : “Euweuh dibikeun kanu ngamén tadi”  
 Ema : “Ari sia na maké dibikeun kanu ngamén”  
 Budak : “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*”  
 Ema : “Kadieu siah”  
 Budak : “Naon ema?”  
 Ema : “Diteundeun di mana?”  
 Budak : “Naon nu diteundeun?”  
 Ema : “*Otak manéh!*”

(THR/V23/110423)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh budak nu “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*” mangrupa wanda lakuning ucap atawa lokusi lantaran eusi omonganana mangrupa ngedalkeun hiji hal. Lian ti éta omongan tokoh Ema nu “*Otak manéh!*” ogé asup kana lakuning ucap atawa lokusi lantaran omonganana ngan ngedalkeun hiji hal tanpa ayana téndénsi pikeun mangaruhan atawa milampah hiji hal. Omonganana ogé nuduhkeun ayana humor lantaran tokoh budak nu salah anggapan yén lamun meunang THR téh lain hakna jeung omongan tokoh Ema mangrupa réspon kana kalakuan budakna nu nanyakeun otak budakna diteundeun di mana.

### Can Dahar

- (28) Euceu : “Ceueu, assalamualaikum ceueu, kamana ari si euceu nya piraku wayah kieu ngeus udar-ador. Éh teu dikonci geuning. Ceueu kunaon?”

Marimar : “*Aduh lapar ceu kuring can dahar*”  
 Euceu : “Aduh siah meni tika kieu, ti iraha euceu can dahar?”  
 Marimar : “Ti keur SD”

(CD/V28/270523)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, nu nuduhkeun lakuning ucap atawa lokusi nyaéta omongan tokoh Marimar nu “*Aduh lapar ceu kuring can dahar*” lantaran eusina ngan medar hiji hal nyaéta manéhna lapar can dahar. Nu matak pikaseurieunana nyaéta lebah omongan tokoh Marimar nu “*Ti keur SD*” lantaran omonganana nuduhkeun hal nu mustahil lamun manéhna can dahar ti keur SD nepi ka kolot.

#### 4.1.1.2 Lakuning Gawé (Ilokusi)

Lakuning gawé atawa ilokusi mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal. Tina hasil analisis 60 data wacana humoris kapanggih aya 61 polah ucap nu kaasup kana lakuning gawé atawa ilokusi. Dipedar kalawan jéntré, saperti sababaraha conto anu ditataan ieu di handap pikeun meunang gambaranana.

##### **POV: Hari Pertama Puasa**

(14) Euceu : “Astagfirulloh, euceu teu puasa?”  
 Marimar : “Éh!”  
 Euceu : “Emh”  
 Marimar : “Ih sia mah!”  
 Euceu : “Naon?”  
 Marimar : “*Cik ari ngélingan téh engké lamun aing geus seubeuh!*”

(PHPP/V14/070323)

Dina data wacana humoris di luhur, lakuning gawé atawa ilokusi ébréh dina omongan tokoh marimar nu “*Cik ari ngélingan téh engké lamun aing geus seubeuh!*” lantaran salian ti ngedalkeun hiji hal, tapi pikeun milampah hiji hal nyaéta nitah tokoh Euceu ngélingan keur puasa lamun manéhna geus seubeuh jeung ieu hal téh matak pikaseurieun.

##### **Mikiran Pangabutuh**

(27) Budak : “Kunaon ma? Bangun siga keur loba pikiran?”  
 Ema : “Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can imkiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan deui”

- Budak : “*Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox*”
- Ema : “Hahaha tangkurak sia!”

(MP/V27/170523)

Data wacana humoris di luhur, omongan tokoh budak nu “*Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox*” asup kana lakuning gawé atawa ilokusi lantaran omonganana pikeun milampah hiji hal nyaéta nitah indungna teu kudu méré duit keur jajan, tapi dibagéan ahir karah ménta pangmeulikeun moto aerox. Ieu hal jadi unsur humor lantaran omonganana jadi nambahan pikiran indungna.

### Pencairan BLT

- Euceu : “Alhamdulillah nya ceu BLT téh ngeus cair deui”
- Marimar : “Heueuh”
- Euceu : “*Pinuh korsi na gé, sok ceu mangga diuk didinya*”
- Marimar : “Ah sok wé diukan ku euceu!”
- Euceu : “*Sok buru bisi aya nu nempatan!*”
- Marimar : “Ah mening euceu wé diuk didinya!”
- Euceu : “*Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!*”
- Marimar : “*Moal cangkeul da geus biasa nangtung ti keur jaman Jepang ogé, sok wé diukan!*”
- Euceu : “*Embung ah! pajarkeun abi teu hormat kanu saluhureun sok wé euceu nu diuk didinya!*”
- Marimar : “*Ah kalem wé hayoh buru bisi ditempatan batur!*”
- Euceu : “Hayoh ceu diukan”
- Marimar : “Ah sok wé diukan”
- (30) (Waktu geus peuting)
- Euceu : “*Hayoh atuh ceu diukan!*”
- Marimar : “Ah moal sok wé”
- Euceu : “*Éh ari euceu sok bisi cangkeul!*”
- Marimar : “Moal ah sok wé tempatan”
- (Waktu geus nepi isuk deui)
- Euceu : “Sok atuh ceu tempatan!”
- Marimar : “Sok wé tempatan!”
- Euceu : “Abimah jadi curiga euceu mah panyakitan nya matak embung diuk gé”
- Marimar : “Gagabah teuing! Enya gé geus kolot kieu ari kaséhatan awakmah nomer hiji! Palinggé euceu tah nu bisulan!”
- Euceu : “Ngalédék! Émangna masih usum éta bisul?”
- Ibu-ibu : “Bu, tos lami?”
- Marimar : “*Tikamari, sok mangga calik*”
- Ibu-ibu : “Ah sok ibu calik didinya”
- Marimar : “Nuju keur teu tiasa calik ibu mah nuju wasir”

(PB/V30/030623)

Dumasar kana data wacana di luhur, lakuning gawé atawa ilokusi muncul ku polah ucap humoris “Pinuh korsi na gé, sok ceu mangga diuk didinya”, “Sok buru bisi aya nu nempatan!”, “Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!”, “Moal cangkeul da geus biasa nangtung ti keur jaman Jepang ogé, sok wé diukan!”, “Embung ah! pajarkeun abi teu hormat kanu saluhureun sok wé euceu nu diuk didinya!”, “Ah kalem wé hayoh buru bisi ditempatan batur!”, “Hayoh atuh ceu diukan!”, “Éh ari euceu sok bisi cangkeul!”, jeung “Tikamari, sok mangga calik” lantaran tokoh Euceu jeung Marimar dina éta paguneman eusina ngawawarkeun hiji hal jeung milampah hiji pagawéan. Tina data nu kapanggih, lakuning gawé atawa ilokusi dina ieu paguneman ngagunakeun paréntah. Unsur humorna dina bagéan Euceu jeung Marimar anu teu eureun-eureun silih nitah ngadiukan korsi kosong nu nyésa hiji ti waktu datang ka tempat pencairan BLT nepi ka isukna deui masih kénéh silih nitah ngadiukan korsi nu kosong. Lian ti éta, humor muncul dina waktu Marimar nyebutkeun yén manéhna geus biasa nangtung ti jaman Jepang.

#### Kabalinger

- Ema* : “Tah kitu siapkeun heula peralatan sakola lain kana ngabluk!”  
*Budak* : “Heueuh”  
*Ema* : “Sakeudeung deui asup sakola téh ari disiapkeun ti ayeunamah genah engké moal riweuh ulah ngan hayoh wé kudu ku kolot, kolot mah loba uruseun”  
*Budak* : “Heueuh”  
*Ema* : “Ari éta kertas naon? Cik kadieu ngilikan ema”  
*Budak* : “Ah lain nanaon ma ieu mah kertas ulangan kamari”  
*Ema* : “Heueuh dieu ema hayang ngilikan”  
*Budak* : “Yeuh”  
**(37)** *Ema* : “Ari sia naon ieu!?”  
*Budak* : “Kertas”  
*Ema* : “Kertas-kertas! Ari sia sakola téh diajar atawa ngabluk meni teu balég pisan, sing bener ieu sakola téh kolot mah ngeus bélaan kumaha nyakolakeun nu jadi anak!”  
*Budak* : “Heueuh da éta gé geus bener atuh”  
*Ema* : “Ari bener mah siah ulangan gé moal tepika meunang peunteun nol”  
*Budak* : “Atuhda teu resep ema kana pelajaran matematika téh”  
*Ema* : “Maké sagala teu resep?”  
*Budak* : “Ah teu resep wé soalna urangmah jelemana tara itungan”

**(KB/V37/150723)**

Dina data wacana humoris di luhur, lakuning gawé atawa ilokusi ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Tah kitu siapkeun heula peralatan sakola lain kana ngabluk!*”, “*Sakeudeung deui asup sakola téh ari disiapkeun ti ayeunamah genah engké moal riweuh ulah ngan hayoh wé kudu ku kolot, kolot mah loba uruseun*”, “*Ari éta kertas naon? Cik kadieu ngilikan ema*”, jeung “*Heueuh dieu ema hayang ngilikan*” lantaran eusina salian ti ngawarkeun hiji hal tapi ogé pikeun milampah hiji hal nyaéta nitah budakna nyiapkeun alat keur sakola jeung ménta kertas ulangan. Unsur humorna muncul lebah sanggeus tokoh Ema nempo hasil ulangan budakna nu goréng tuluy di carékan tapi budakna karah ngajawab teu resep matématika saba manéhna jalma tara itungan.

#### **Tukang Kiridit**

- Ema* : “*De, lamun engké aya tukang kiridit ka imah béjakeun ema euweuh nya*”
- Budak* : “*Na ema rék kamana kitu?*”
- Ema* : “*Moal kamana-mana ema mah*”
- Budak* : “*Ih berati ema mah nitah bohong ka anak téh*”
- Ema* : “*Da moal matak dosa ngabohong ogé*”
- Budak* : “*Naha?*”
- Ema* : “*Da ieu mah niat nagé nyalametkeun indung*”
- Budak* : “*Oh kitu nyah? Nya hég atuh*”
- (Teu lila tidinya)
- Tukang Kiridit* : “*Assalamualaikum, punten*”
- Ema* : “*Tah sigana éta tempo cig!*”
- Budak* : “*Éh téh?*”
- Tukang Kiridit* : “*Ema aya?*”
- Budak* : “*Oh teu aya ema téh*”
- Tukang Kiridit* : “*Nuju kamana si ema na?*”
- (44) *Budak* : “*Éta nuju ka pasar*”
- Tukang Kiridit* : “*Oh ka pasar*”
- Budak* : “*Enya*”
- Tukang Kiridit* : “*Oh enya kéténg tadi téh tos nelepon saurna bade ka pasar dinten ayeuna téh, terus tadi si ema téh nyarios cenah sametan si ema ayeuna nu mayaranana badé ku tétéh*”
- Budak* : “*Hah? Naha maké ka urang, leres éta téh nyarios kitu?*”
- Tukang Kiridit* : “*Muhun da tadi nyariosna mah kitu*”
- Budak* : “*Ah kumaha ieu téh, kéla téh teu bener si ema mah*”
- Tukang Kiridit* : “*Nya mangga*”
- Budak* : “*Ma! na kumaha ieu téh, na maké jadi urang nu kudu mayaran hutang?*”
- Ema* : “*Ari sia atuh meureun kanyahoan aing nyumput!*”
- Tukang Kiridit* : “*Éh ma!*”
- Ema* : “*Éh...héhé*”
- Tukang Kiridit* : “*Saurna tadi nuju ka pasar*”
- Ema* : “*Tos uih*”

(TK/V44/010923)

Dina data wacana humoris di luhur, nu kaasup kana wanda polah ucap humoris lakuning gawé atawa ilokusi nyaéta palebah “*De, lamun engké aya tukang kiridit ka imah béjakeun ema euweuh nya*”, “*Ah kumaha ieu téh, kéla téh teu bener si ema mah*”, jeung “*Ma! na kumaha ieu téh, na maké jadi urang nu kudu mayaran hutang?*” lantaran pagunemanana salian ngawawarkeun ogé pikeun milampah hiji hal. Katingali dina paguneman Ema nu nitah ngabohong ka budakna lamun aya tukang kiridit yén Ema keur euweuh di imah, budak nu nitah tukang kiridit nungguan, manéhna rék nyampeurkeun indungna lantaran asa katempuhan mayar hutang, jeung budak nanya ka Ema keur mastikeun naha jadi budakna nu kudu mayar hutang ka tukang kiridit. Unsur humorna muncul palebah budakna nu karakterna polos nanya ka indungna padahal geus dibéjaan kudu ngabohong yén indungna keur euweuh di imah, anu ahirna jadi kapanggih keur aya di imah ku tukang kiridit.

#### Lari Pagi

- (59)
- |       |  |
|-------|--|
| Ema   | : “Na ék kamana manéh?”  |
| Budak | : “Ék lari pagi”   |
| Ema   | : “Ék lari pagi kos jelema beuheungan wé siah!”  |
| Budak | : “Kendaé ema ngarah aya kegiatan wé isuk-isuk téh”  |
| Ema   | : “Isuk-isuk mah gawé di imah lain ucrak-acrok teu puguh”  |
| Budak | : “Pan méh séhat ema”  |
| Ema   | : “ <i>Barang gawé di imah gé matak séhat atuh! Ngeus lah teu kudu lari pagi sapukeun wé tuh daun mangah ngarah teu barala, éra rék aya tamu</i> ” |
| Budak | : “Ah da percuma atuh ema disapukeun ogé bakal murudul deui étamah pan nyaho tangkal étamah dauna gé geus rarontok”                                |
| Ema   | : “Ngeus kaditu sasapu heula”  |
| Budak | : “Érék aya saha kitu ka imah?”  |
| Ema   | : “Rék aya tamu”   |
| Budak | : “Heueuh saha?”   |
| Ema   | : “Calon bapa téré manéh”  |

(LP/V59/271223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, lakuning gawé atawa ilokusi muncul dina omongan tokoh buda nu “*Barang gawé di imah gé matak séhat atuh! Ngeus lah teu kudu lari pagi sapukeun wé tuh daun mangah ngarah teu barala, éra rék aya tamu*” lantaran eusina mangrupa paréntah pikeun milampah hiji pagawéan nyaéta nitah barang gawé di imah jeung nyaram sangkan ulah *lari pagi*. Unsur

humorna muncul sabab alesan tokoh Ema nitah budakna barang gawé di imah téh lantaran rék aya tamu anu teu disangka nyaéta calon bapa téré.

#### 4.1.1.3 Lakuning Rasa (Perlokusi)

Lakuning rasa atawa perlokusi mangrupa polah basa pikeun mangaruhan pamiarsa. Tina hasil analisis 60 data wacana humoris, kapanggih aya 55 data lakuning rasa atawa perlokusi. Ieu di handap dipedar sababaraha conto polah ucapan lakuning rasa atawa perlokusi pikeun meunang gambaranana.

##### Mang Eman

- Euceu* : “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”
- Marimar* : “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”
- Euceu* : “Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanana ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung”
- Marimar* : “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jadi jipen”
- Euceu* : “Lain nya, kuantan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”
- (02) *Marimar* : “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”
- Euceu* : “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”
- Marimar* : “Ah maenya”
- Euceu* : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”
- Marimar* : “Ih ulah atuh!”
- Euceu* : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”
- Marimar* : “Na teu karunya ka euceu?”
- Euceu* : “Naha maké bet ka euceu?”
- Marimar* : “Pan jeung euceu bobogohanana”

(ME/V2/090123)

Data wacana humoris di luhur, nu nuduhkeun launing rasa atawa perlokusi ébréh dina omongan Euceu nu “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”, jeung “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui” lantaran eusina salian ngawawarkeun hiji hal tapi ogé pikeun mangaruhan tokoh Marimar sangkan percaya yén Mang Eman téh sok

paduduaan jeung awéwé séjén. Lian ti éta, omongan tokoh Marimar nu “*Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé*”, “*Ih ulah atuh!*”, jeung “*Na teu karunya ka euceu?*” eusina pikeun mangaruhan tokoh Euceu sangkan ulah ngalaporkeun Mang Eman nu paduduaan jeung awéwé séjén. Unsur humorna muncul sabab awéwé nu paduduaan jeung Mang Eman téh padahal Marimar.

#### Hésé Mayar Hutang

- (09)
- |         |   |
|---------|---|
| Euceu   | : “Kesel da ka ceu Titin ngan hayoh wé datang ka imah”  |
| Marimar | : “Na érék naon?”   |
| Euceu   | : “Rék nginyeum duit”   |
| Marimar | : “ <i>Ih tong daék siah méré nginyeum</i> ”  |
| Euceu   | : “Naha?”   |
| Marimar | : “Sok hararésé mayarna”  |
| Euceu   | : “Oh kitu nyah? Ih sukur atuh can dibéré nginyeum ku urang”  |
| Marimar | : “Heueuh entong sia téh ari waktuna ditagih sok ngaleungit siga jurig”   |
| Jurig   | : “Ih punten nya abi mah tara ngaleungit ari ditagih hutang, bahkan lamun kumpulan bank émok gé sok pangheulana datang” |

(HMH/V9/090223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Marimar nu “*Ih tong daék siah méré nginyeum*” mangrupa omongan lakuning rasa atawa perlokasi lantaran eusi omonganana pikeun mangaruhan tokoh Euceu sangkan ulah nginjeumeun duit ka ceu Titin. Unsur humorna muncul lebah Marimar nu nyebutkeun ceu Titin siga jurig lamun geus nginjeum duit lantaran sok ngaleungit, jeung tokoh jurig nu ambek ngadéngé omongan tokoh Marimar nu nyaruakeun manéhna jeung tukang ngahutang.

#### Si Halimah

- (15)
- |         |  |
|---------|--|
| Euceu   | : “Ceu! Nyaho teu si Halimah?”   |
| Marimar | : “ <i>Huss! Bulan puasa ieu téh, cik atuh mikir! Ari keur puasa mah ulah sok ngomongkeun batur! Matak batal kana puasana gé</i> ” |
| Euceu   | : “Heueuh hampura, éta wé kitu pan biasana ogé euceu mah sok hayang nyaho waé ari beja soal si Halimah mah”                        |
| Marimar | : “Si Halimah mana kitu?”  |
| Euceu   | : “Ih éta geuning maru euceu, pamajikana Udung mantan euceu”   |
| Marimar | : “Oh, emang kunaon kitu si Halimah?”  |

(SH/V15/090323)

Lakuning rasa atawa perlokasi dina data wacana humoris di luhur muncul palebah “*Huss! Bulan puasa ieu téh, cik atuh mikir! Ari keur puasa mah ulah sok*

*ngomongkeun batur! Matak batal kana puasana gé*” lantaran eusina pikeun mangaruhan tokoh Euceu sangkan teu ngomongkeun batur dina waktu bulan puasa. Unsur humorna muncul kusabab Marimar tetep hayang apal béja ngeunaan si Halimah ti si Euceu, sanggeus apal si Halimah téh pamajikan popotonganana. Padahal saméméhna ngabéjaan si Euceu yén ngomongkeun batur di bulan puasa mah matak batal.

### Babanda

- (32) Euceu : “Ceu tempo tuh tatangga asa mineng balanjana téh, kamari asa anyar kénéh meuli kulkas jeung lomari yaeuna geus siga meuli méja makan jeung lomari tv tuh”
- Marimar : “Atuh kenbaé da duitna ieu”
- Euceu : “*Th lain kitu éta wé manguyuhan sakitu imah leutik gé ngan hayoh wé meulian barang asa ku mangheurinkeun aingmah*”
- Marimar : “*Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké*”

(BD/V32/150623)

Dina data wacana humoris di luhur, nu nuduhkeun ayana lakuning rasa atawa perlokasi ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Th lain kitu éta wé manguyuhan sakitu imah leutik gé ngan hayoh wé meulian barang asa ku mangheurinkeun aingmah*” lantaran eusi omonganana ngedalkeun hal anu mangaruhan pamiarasa, lebah dieu omongan tokoh Euceu eusina mangaruhan tokoh Marimar sangkan milu héran jeung sirik ka tatanggana nu balanja parabotan. Lian ti éta, omongan tokoh Maimar nu “*Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké*” ogé kaasup kana lakuning rasa atawa perlokasi lantaran eusina pikeun mangaruhan pamiarsa, nyaéta mangaruhan tokoh Euceu sangkan ulah sirik ka batur. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran anu asalna tokoh Euceu mangaruhan sangkan tokoh Marimar milu sirik, tapi tokoh Marimar justru karah moyok tokoh Euceu.

### Bijak Dina Milih

- (54) Marimar : “Ceu sakeudeung deui usum pemilu”
- Euceu : “Heueuh euceu ék milih saha engké caleg?”
- Marimar : “Abimah rék milih Haji Kohar”
- Euceu : “Naha?”

- Marimar : “Béjanamah cenah rék ngabagi béas jeung sembako”  
 Euceu : “Jadi milih Haji Kohar téh ku dibéré béas nyah?”  
 Marimar : “Nya heueuh atuh, mana nu loba barang béré éta nu dipilih komo lamun méré béas mah soalna abi peduli kana beuteung”  
 Euceu : “Ari kitu carana mah berati euceu kur peduli kana beuteung hungkul teu peduli kana kamajuan bangsa mah”  
 Marimar : “Na kumaha kitu?”  
 Euceu : “*Yeuh ceu ari milih calég kudu nu bener jeung puguh ulah asal-asalan urang téh kudu apal visi misina naon, ideu jeung gagasana naon waé dalam membangun bangsa téh pokonamah urang kudu nyaho program kerja manéhna téh naon waé lamun misalna engké kapilih jadi pejabat téh*”  
 Marimar : “Oh heueuh nya”  
 Euceu : “*Nya heueuh atuh matak lamun aya oknum pejabat pilihan urang anu teu euceug gawéna, urang ulah komplén sabab urang sorangan nu teu seléktif dina milihna asal-asalan beunang kasogok ku béas*”  
 Marimar : “Ah ari kitumah ék milih Asep Burayut wé ah nu masih ngora kénéh”  
 Euceu : “Émang naon waé visi misi jeung program kerja na?”  
 Marimar : “Teuing can apal”  
 Euceu : “Hor terus alesana naon atuh make milih si éta?”  
 Marimar : “Kasép”

(BDM/V54/031223)

Dina data wacana humoris di luhur, lakuning rasa atawa perlokasi muncul palebah omongan tokoh Euceu nyaéta “*Yeuh ceu ari milih calég kudu nu bener jeung puguh ulah asal-asalan urang téh kudu apal visi misina naon, ideu jeung gagasana naon waé dalam membangun bangsa téh pokonamah urang kudu nyaho program kerja manéhna téh naon waé lamun misalna engké kapilih jadi pejabat téh*”, jeung “*Nya heueuh atuh matak lamun aya oknum pejabat pilihan urang anu teu euceug gawéna, urang ulah komplén sabab urang sorangan nu teu seléktif dina milihna asal-asalan beunang kasogok ku béas*”. Omongan ti tokoh Euceu nuduhkeun ayana pangaruh jeung ngayakinkeun tokoh Marimar pikeun bijak dina milih calég, ulah daék disogok ku dibéré béas. Lebah dieu, omongan Euceu kabuktian mangaruhan pisan keur Marimar lantaran Marimar langsung robah pikiran dina milih calég nu asalna milih Haji Kohar jadi milih Asep Burayut. Unsur humorna muncul nalika ditanya ku tokoh Euceu “*Hor terus alesana naon atuh maké milih si éta?*” tokoh Marimar ngan ngajawab sabab Asep Burayut kasép.

### 4.1.2 Prinsip Polah Ucapan Humoris

Tina 60 data wacana humoris nu di analisis, kapanggih sakabéh prinsip polah ucapan humoris nyaéta (1) prinsip kasopanan; jeung (2) prinsip gawé bareng. Dipedar sacara jéntré unggal prinsip anu ditataan dina pedaran satuluyna saperti ieu di handap.

#### 4.1.2.1 Prinsip Kasopanan dina Polah Ucapan Humoris

Prinsip kasopanan mangrupa kaédah atawa aturan makéna basa dina waktu komunikasi kalawan binarung ku kasopanan anu ilaharna dina basa Sunda disebut undak usuk basa atawa tatakrama basa nu dicirian ku maké basa lemes atawa hormat. Prinsip kasopanan boga genep maksim nyaéta (1) maksim kawijaksanaan; (2) maksim katumarima; (3) maksim pangcocog; (4) maksim kasimpat; (5) maksim balabah; jeung (6) maksim handap asor. Sakabéh maksim prinsip kasopanan kapanggih dina data wacana humoris nu ditalungtik.

#### 1) Maksim Kawijaksanaan

Maksim kawijaksanaan atawa dina basa Inggris disebut *tact maxim* eusina meredih omongan ku cara ngaréan kauntungan atawa ngarugian ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Tina hasil analisis 60 data wacana humoris kapanggih 12 polah ucapan humoris ngeunaan maksim kawijaksanaan. Di handap dipedar kaawan jéntré sababaraha conto hasil analisis maksim kawijaksanaan sangkan meunang gambaranana.

#### Mang Eman

- |              |   |   |
|--------------|---|---|
| Euceu        | : | “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”   |
| Marimar      | : | “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”   |
| Euceu        | : | “Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanas ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung” |
| (02) Marimar | : | “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jadi jipen”   |
| Euceu        | : | “Lain nya, kuatan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”   |
| Marimar      | : | “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”   |
| Euceu        | : | “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”  |
| Marimar      | : | “Ah maenya”   |

- Euceu : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”  
 Marimar : “Ih ulah atuh!”  
 Euceu : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”  
 Marimar : “Na teu karunya ka euceu?”  
 Euceu : “Naha maké bet ka euceu?”  
 Marimar : “Pan jeung euceu bobogohanana”

(ME/V2/090123)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim kawijaksanaan ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulan as ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung*”. Lebah dieu, maksim kawijaksanaan dirempak lantaran eusi omonganana ngarugikeun pamiarsa sabab ngajojoré rupa Mang Eman nu saenyana kabogoh Marimar. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran nyaruakeun Mang Eman jeung boléd kulan anu sabenerna rasa jeung rupa boléd kulan téh goréng. Lian ti éta, nu matak pikaseurieun téh sabab awéwé nu bobogohan jeung Mang Eman téh padahal tokoh Marimar.

#### **Skincare Marimar**

- Euceu : “Ceuh, sabunan sok béak sabaraha pikeun meuli *skincare*?”  
 Marimar : “Lumayan lah, mahi keur sadombaeun mah”  
 Euceu : “Alah geuning meni mahal”  
 Marimar : “Nya mahal atuh da keur beungeut lain keur bujur”  
 Euceu : “Emmh, tapi da aya cenah *skincare* keur bujur ogé”  
 Marimar : “Nya aya meureun, teuing da euceu mah tara maké, bujur euceu mah da mulus”  
 Euceu : “Lain ceu, béjana ari *skincare* abal-abal mah cenah murah nya?”  
 Marimar : “Murah ngan beungeut matak ruksak”  
 Euceu : “Wah? Maenya? Naha maké bisa kitu?”  
 (13) Marimar : “Heueuh da palsu atuh! Kumaha wé bobogohan, ari cinta jeung kanyaahna palsu mah hubungan gé matak ruksak”  
 Euceu : “Heueuh nya, éh ceu nginyeum téplon lah”  
 Marimar : “Keur naon?”  
 Euceu : “Nya keur usuk asak atuh! Piraku wé keur nepak jelema mah”  
 Marimar : “Heug dagoan atuh nya urang cokot heula”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Yeuh!”  
 Euceu : “Gusti nu agung ieu téh téplon?”  
 Marimar : “Heueuh téplon ceuk saha ngidir!”  
 Euceu : “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parabatan meni raréwok kieu!*”

(SM/V13/010323)

Maksim kawijaksanaan dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parobotan meni raréwok kieu!*” lantaran eusi omonganana loba ngarugikeun pamiarsa, ieu hal ngarempak kana maksim kawijaksanaan. Sanajan kitu, ieu omongan tokoh Euceu matak pikaseurieun lantaran nyebutkeun yén Marimar ngan ngurus beungeut wungkul ari parobotan raréwok teu diurus.

### Meuli LKS

- Budak : “Ma ménta duit ma”  
 Ema : “Keur naon duit?”  
 Budak : “Keur mayar LKS di sakola”  
 Ema : “Na sabaraha kitu?”  
 Budak : “50 rébu”  
 Ema : “Mahal-mahal teuing meni 50 rébu”  
 Budak : “Meni nyebutkeun mahal sakitu ogé teu cara meuli Tupperware ema mah ratusan rébu gé dibeuli”  
 Ema : “Yeuh, lamun teu eucrug sakolana ku aing podaran siah!”  
 (Waktu rék ulin)  
 Budak : “Ma ménta duit ma”  
 Ema : “Na hayoh wé ménta duit pan ngeus dibéré tadi isuk”  
 Budak : “Keur mayar LKS isukan”  
 Ema : “Ngan hayoh wé meuli LKS”  
 Budak : “Pan mata pelajaranana ogé loba ema henteu ngan hiji”  
 Ema : “Yeuh”  
 (Waktu rék indit sakola)  
 (22) Budak : “Ma ménta deui duit keur meuli LKS”  
 Ema : “Gusti nu agung ngeus LKS deui waé”  
 Budak : “Heueuh da kumaha deui atuh da étamah titah guru, mana?”  
 Ema : “Yeuh”  
 (Waktu balik ti sakola)  
 Bu Guru : “Muhun atuh ibu nya abdi bade uih heula”  
 Budak : “Oh muhun manga-manga”  
 Budak : “Naha maké aya bu guru ka imah? Assalamualaikum”  
 Ema : “*Walaikumalam anaku yang cantik, sudah pulang nak?*”  
 Budak : “Sudah ibunda, éh ma naha aya bu guru ka imah?”  
 Ema : “Oh bieu lain? Ngeus nagihan”  
 Budak : “Nagihan naon ma?”  
 Ema : “Nagih duit LKS cenah geus tilu bulan teu dibayar-bayar”  
 Budak : “Oh”  
 Ema : “Ngawadul siah ka kolot! Bedegong siah ka kolot!”  
 Budak : “Hampura ma”

(ML/V22/090423)

Tina data wacana humoris di luhur, maksim kawijaksanaan ébréh dina bagéan omongan Ema nyaéta “*Walaikumalam anaku yang cantik, sudah pulang nak?*”

lantaran omongan tokoh Ema nguntungkeun jeung ngurangan karugian pamiarsa nyaéta budakna nu diwangun ku omongan komisif atawa pertanyaan. Unsur humorna muncul sabab lain saenyana Ema muji budakna geulis, padahal rék nyarékan budakna nu ngawadul ménta duit keur mayar LKS tapi teu dibayarkeun salila tilu bulan.

### Pencairan BLT

- Euceu : “Alhamdulillah nya ceu BLT téh ngeus cair deui”  
 Marimar : “Heueuh”  
 Euceu : “Pinuh korsi na gé, sok ceu mangga diuk didinya”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan ku euceu!”  
 Euceu : “Sok buru bisi aya nu nempatan!”  
 Marimar : “Ah mening euceu wé diuk didinya!”  
 Euceu : “*Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!*”  
 Marimar : “Moal cangkeul da geus biasa nangtung ti keur jaman Jepang ogé, sok wé diukan!”  
 Euceu : “Embung ah! pajarkeun abi teu hormat kanu saluhureun sok wé euceu nu diuk didinya!”  
 Marimar : “Ah kalem wé hayoh buru bisi ditempatan batur!”  
 Euceu : “Hayoh ceu diukan”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan”  
 (30) (Waktu geus peuting)  
 Euceu : “Hayoh atuh ceu diukan!”  
 Marimar : “Ah moal sok wé”  
 Euceu : “Éh ari euceu sok bisi cangkeul!”  
 Marimar : “Moal ah sok wé tempatan”  
 (Waktu geus nepi isuk deui)  
 Euceu : “Sok atuh ceu tempatan!”  
 Marimar : “Sok wé tempatan!”  
 Euceu : “Abimah jadi curiga euceu mah panyakitan nya matak embung diuk gé”  
 Marimar : “Gagabah teuing! Enya gé geus kolot kieu ari kaséhatan awakmah nomer hiji! Palinggé euceu tah nu bisulan!”  
 Euceu : “Ngalédék! Émangna masih usum éta bisul?”  
 Ibu-ibu : “Bu, tos lami?”  
 Marimar : “Tikamari, sok mangga calik”  
 Ibu-ibu : “Ah sok ibu calik didinya”  
 Marimar : “Nuju keur teu tiasa calik ibu mah nuju wasir”

(PB/V30/030623)

Maksim kawijaksanaan muncul dina omongan tokoh Euceu nyaéta “*Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!*”. Tina omongan ieu katitén yén tokoh Euceu ngaréan kauntungan ku cara ngahormat ka nu leuwih kolot ti manéhna, sarta omongan Euceu mangrupa omongan impositif atawa paréntah sangkan tokoh Marimar diuk

Dede Farhan Mubarak, 2024

ANALISIS WACANA HUMORIS DINA KONTÉN REELS AKUN INSTAGRAM @uc\_\_\_\_i (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina korsi. Dina data di luhur aya ogé omongan tokoh Euceu nu ngarempak kana maksim kawijaksanaan nyaéta “*Abimah jadi curiga euceu mah panyakitan nya matak embung diuk gé*”, lantaran omongan tokoh Euceu karah ngaréan karugian ka pamiarsa dicirian ku tokoh Euceu curiga ka tokoh Marimar boga panyakit nu matak teu daék diuk dina korsi. Unsur humor nu matak pikaseurieun dina ieu paguneman katitén curigana tokoh Euceu nyatana bener yén tokoh Marimar boga panyakit wasir anu matak teu bisa diuk dina korsi tapi teu ngaku ka tokoh Euceu.

### Ginding

- (35)
- Marimar : “Ceui ari euceu asa geus lila rarabi téh”  
 Euceu : “Naon kitu ceu?”  
 Marimar : “*Éta wé asa can katempo kabeuli nanaon, imah gé masih ngontrak padahal salaki unggal poé gawé*”  
 Euceu : “Ah mahi keur dahar jeung kabutuhan sapopoé ogé geus alhamdulillah abi mah ceu”  
 Marimar : “Lain kitu atuh meuli wé ceu ari ali-ali waé mah sangkan awak téh katempo ginding piraku teu mampu, yeuh ngarah teu polos kitu éta awak, rarabi wé geus lila ari taeun can boga nanaon”  
 Euceu : “Ah lain teu hayang ceu, can aya wé keur meulina”  
 Marimar : “Tuh tempo awak abi mah tos ginding kieu naha teu kabita? Yeuh pamajikan ginding mah cingcirining hirupna sejahtera”  
 Euceu : “Ah piraku”  
 Marimar : “Maké sagala piraku”  
 Euceu : “Éta hirup euceu can Sejahtera najan geus ginding ogé”  
 Marimar : “Ceuk saha?”  
 Euceu : “Buktina euceu mah dicandung”

(GD/V35/030723)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim kawijaksanaan dirempak nu ébréh dina omongan tokoh Marimar “*Éta wé asa can katempo kabeuli nanaon, imah gé masih ngontrak padahal salaki unggal poé gawé*” lantaran eusi omonganana ngarugikeun pamiarsa nyaéta Euceu nu salakina unggal poé gawé tapi teu kabeuli nanaon. Unsur humoris muncul lebah ahir dina omongan tokoh Euceu nu “*Buktina euceu mah dicandung*” mangrupa réspon tina omongan Marimar nu ngarasa pangbeungharna jeung hirupna sejahtera padahal sabenerna hirupna teu sagemblengna sejahtera lantaran dicandung ku salakina.

## 2) Maksim Katumarima

Maksim katumarima dina basa Inggris disebut *approbation maxim* mangrupa maksim anu meredih sangkan omongan ti panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep, diwangun ku omongan komisif jeung impositif.

Kapanggih 7 polah uap humoris ngeunaan maksim katumarima tina 60 data wacana humoris. Ieu di handap dipedar kalawan jéntré conto hasil analisis ngeunaan maksim katumarima nu nuduhkeun polah ucap humoris.

**Story of Juring: Semasa Hirup**

- Jurig 1 : “Ceu, euceu bosen teu sih jadi jurig?”  
 Jurig 2 : “Bosen sih henteu ngan sok geregeteun ka jelema nu masih hirup”  
 Jurig 1 : “Naha? Kunaon?”  
 Jurig 2 : “Éta wé sok karedul kana ibadah, euceu gé harita keur hirup kénéh terlalu sibuk néangan duit basa keur ibadah gé loba kaluar tah kaduhungna mah ayeuna, banda nu sakitu lobana hiji gé euweuh nu dibawa maot”  
 Jurig 1 : “Heueuh saenyana da ceu ari geus kieu mah kur mawa amal soléh”  
 Jurig 2 : “*Euceu mah saméméh maot meuli heula lampu anu hargana puluhan juta keur di imah, tapi ari geus maot mah éta lampu nu puluhan juta téh teu bisa nyaangan di alam kubur ari nu bisa nyaangan di alam kubur mah euweuh lian ti solat urang*”  
 Jurig 1 : “Pantesan di jero kubur euceu mah meni paroék”  
 Jurig 2 : “*Da solatna kur tibang magrib jeung lohor*”  
 Jurig 1 : “Pantesan atuh meni harieum kitu, ari abi mah ceu kahirupan saméméh maot téh nya bisa dibilang keur genah-genahna hirup”  
 Jurig 2 : “Na kumaha kitu?”  
 Jurig 1 : “Abi mah ceu meunangkeun pagawéan anu teu ripuh, gajihna gedé, dununganana bageur bahkan ari kudu dibéjakeun mah ceu abi téh karyawan hiji-hijina nu dipikanyaah ku dunungan”  
 Jurig 2 : “Terus?”  
 Jurig 1 : “Gawé karék tilu bulan éta gajih geus ditaékeun tilu kali lipat encan bonusna éta téh saminggu sakali katempo wéh gawé siga nu haroréam sok dititah peré tapi tetep dibayar peré saminggu ogé”  
 Jurig 2 : “Na batur teu saririkeun éta?”  
 Jurig 1 : “Nya saririkeun atuh ngan ah abi mah teu paliré komo pas terahir nya abimah dipagmeulikeun mobil ku dunungan keur mangkat gawé cenah, pokonamah ceu pagawéan abi mah istuning genah”  
 Jurig 2 : “Terus harita euceu maotna kunaon?”  
 Jurig 1 : “Disulurkeun”

(SJSH/V10/110223)

Dumasar kana data di luhur, nu nuduhkeun maksim katumarima muncul dina waktu tokoh jurig 2 ngomong “*Euceu mah saméméh maot meuli heula lampu anu hargana puluhan juta keur di imah, tapi ari geus maot mah éta lampu nu puluhan juta téh teu bisa nyaangan di alam kubur ari nu bisa nyaangan di alam kubur mah euweuh lian ti solat urang*”, jeung “*Da solatna kur tibang magrib jeung lohor*”

Dede Farhan Mubarak, 2024

ANALISIS WACANA HUMORIS DINA KONTÉN REELS AKUN INSTAGRAM @uc\_\_\_\_i (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lantaran naon nu di omongkeun ku tokoh jurig 2 ngurangan kauntungan keur dirina sorangan dicirian ku manéhna hanjakal salila hirup di dunya téh loba duit jeung sagala dibeuli nu mahal gé, tapi teu dibarengan ku ibadah ka Gusti ngan solat tibang magrib jeung lohor hungkul. Unsur humorna muncul tina réspón tokoh jurig 1 nu nyebutkeun kuburan jurig 2 meni paroék padahal sabenerna kuburan jurig 1 gé pasti poék.

### *Skincare Marimar*

- (13) Euceu : “Ceu, sabunan sok béak sabaraha pikeun meuli *skincare*?”  
 Marimar : “Lumayan lah, mahi keur sadombaeun mah”  
 Euceu : “Alah geuning meni mahal”  
 Marimar : “Nya mahal atuh da keur beungeut lain keur bujur”  
 Euceu : “Emmh, tapi da aya cenah *skincare* keur bujur ogé”  
 Marimar : “*Nya aya meureun, teuing da euceu mah tara maké, bujur euceu mah da mulus*”  
 Euceu : “Lain ceu, béjana ari *skincare* abal-abal mah cenah murah nya?”  
 Marimar : “Murah ngan beungeut matak ruksak”  
 Euceu : “Wah? Maenya? Naha maké bisa kitu?”  
 Marimar : “Heueuh da palsu atuh! Kumaha wé bobogohan, ari cinta jeung kanyaahna palsu mah hubungan gé matak ruksak”  
 Euceu : “Heueuh nya, éh ceu nginyeum téplon lah”  
 Marimar : “Keur naon?”  
 Euceu : “Nya keur usuk asak atuh! Piraku wé keur nepak jelema mah”  
 Marimar : “Heug dagoan atuh nya urang cokot heula”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Yeuh!”  
 Euceu : “Gusti nu agung ieu téh téplon?”  
 Marimar : “Heueuh téplon ceuk saha ngidir!”  
 Euceu : “Euceu mah beungeut wé glowing, ari parobotan meni raréwok kieu!”

(SM/V13/010323)

Tina data wacana humoris di luhur, maksim katumarima ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Nya aya meureun, teuing da euceu mah tara maké, bujur euceu mah da mulus*”. Lebah dieu, maksim katumarima dirempak lantaran eusi omonganana ngalobaan kauntungan keur dirina nu nyebutkeun yén bujur manéhna mulus. Hal nu pikaseurieunana muncul lebah ahir nyaéta omongan tokoh Euceu nu “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parobotan meni raréwok kieu!*” lantaran ieu hal patukang tonggong jeung omongan Marimar nu ngarasa beungeut jeung bujur mulus, tapi parobotan nu sok dipaké tara diurus.

- (17) **Ceu Enur**  
 Marimar : “Ti saprak balik ti Arab asa tara aya nolol kadieu”

- Euceu : “Moal wara atuh! Pan duit ti Arabna ngahunyud kénéh. Ké ari ngeus susah karek lumahuh kadieu, ari keur loba duit mah nya barangdaang na gé nu méwah setéh”
- Marimar : “Heueuh nyah?”
- Euceu : “Heueuh setéh isuk-isuk gé sarapana téh roti dioles maké selé nu siga congé”
- Marimar : “Selé danas éta téh”
- Euceu : “Heueuh meureun, ieu ari baheula mah ning nya boléd kulanas ogé diharakan”
- Marimar : “Éh béjana cenah tiheula rék dikawin lain? Ku dununganana anu di Arab”
- Euceu : “Heueuh kan geus kungsi dikawin éta gé, ngan harita gé langsung ditalak cenah”
- Marimar : “Naha?”
- Euceu : “Ari ngareungeu mah cenah gara-gara dina bujur ceu Enur na loba tapak budug”
- Marimar : “Rujit meureun katempona”
- Euceu : “Berati nya anu glowing téh ulah beungeut waé”
- Marimar : “Nya heueuh atuh bool gé kudu *good looking*. Lain ceu Enur gaya nya sok mamaké tas *branded*”
- Euceu : “*Ah KW setéh ceu, lain asli*”
- Marimar : “Nu bener ieu téh”
- Euceu : “Heueuh setéh, piraku tas *branded* aya gambar singa ngahéot”

(CE/V17/190323)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Euceu nu “*Ah KW setéh ceu, lain asli*” ngarempak kana maksim katumarima lantaran eusina ngalobaan kauntungan keur dirina ku cara ngarendahkeun batur yén tas nu dipaké ku Ceu Enur téh KW atawa palsu. Hal nu matak pikaseurieun nyaéta tokoh Marimar salian nyebutkeun tas Ceu Enur palsu, tapi nyebutkeun ogé yén tasna aya gambar singa ngahéot.

### Ginding

- Marimar : “Ceu ari euceu asa geus lila rarabi téh”
- Euceu : “Naon kitu ceu?”
- Marimar : “Éta wé asa can katempo kabeuli nanaon, imah gé masih ngontrak padahal salaki unggal poé gawé”
- Euceu : “*Ah mahi keur dahar jeung kabutuhan sapopoé ogé ngeus alhamdulillah abi mah ceu*”
- (35) Marimar : “Lain kitu atuh meuli wé ceu ari ali-ali waé mah sangkan awak téh katempo ginding piraku teu mampu, yeuh ngarah teu polos kitu éta awak, rarabi wé geus lila ari taeun can boga nanaon”
- Euceu : “Ah lain teu hayang ceu, can aya wé keur meulina”
- Marimar : “*Tuh tempo awak abi mah tos ginding kieu naha teu kabita? Yeuh pamajikan ginding mah cingcirining hirupna sejahtera*”
- Euceu : “Ah piraku”
- Marimar : “Maké sagala piraku”
- Euceu : “Éta hirup euceu can Sejahtera najan geus ginding ogé”

Marimar : “Ceuk saha?”  
 Euceu : “Buktina euceu mah dicandung”

(GD/V35/030723)

Dina data di luhur, maksim katumarima kapanggih dina omongan tokoh Euceu nyaéta “*Ah mahi keur dahar jeung kabutuhan sapopoé ogé ngeus alhamdulillah abi mah ceu*”. Kaasup maksim katumarima lantaran omongan tokoh Euceu loba ngarurugi karep pikeun réson tina omongan tokoh Marimar nu “*Éta wé asa can katempo kabeuli nanaon, imah gé masih ngontrak padahal salaki unggal poé gawé*”. Lian ti éta, omongan Marimar ngarempak kana maksim katumarima dina omongan “*Tuh tempo awak abi mah tos ginding kieu naha teu kabita? Yeuh pamajikan ginding mah cingcirining hirupna sejahtera*” nu nuduhkeun tokoh Marimar ngalobaan kauntungan keur dirina sorangan. Unsur humor muncul tina omongan tokoh Euceu nu nyebutkeun Marimar loba duit jeung ginding teu ngagambarkeun hirup sejahtera siga nu di sebutkeun ku tokoh Marimar, lantaran sok sanajan hirup ginding tetep dicandung ku salakina nu mana hal ieu lain conto hirup sejahtera.

### Syukur

(36)

Ema : “De, kunaon manéh maké ngahuhuleng kitu?”  
 Budak : “Ah teu kunanaon”  
 Ema : “Kunaon setéh? Sasarina gé tara kitu”  
 Budak : “*Henteu, ngan asa kieu wé hirup téh asa teu bagja*”  
 Ema : “Maké sagala nyebutkeun teu bagja, ema geus kurang kumaha ngabagjakeun hirup manéh, hayang iphone dipangmeulikeun, hayang motor aerox najan urut ogé dipangmeulikeun ku ema, duit jajan sapopoé ngalir, bahkan lamun manéh hayang barang hakan nu ngeunar ogé dicumponan kolot mah bealaan kumaha ieu ngabagjakeun nu jadi anak tapi maneh mah masih kénéh wé ngarasa teu bagja, syukuran sia téh ayeunamah urang ngeus beunghar”  
 Budak : “Atuhda bingung ma, rek disyukurana ogé”  
 Ema : “Naha maké kudu bingung”  
 Budak : “Bingung wé da ema mah meunang duit ogé lain meunang gawé tapi meunang morotan salaki batur”

(SK/V36/070723)

Maksim katumarima dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Henteu, ngan asa kieu wé hirup téh asa teu bagja*” lantaran eusi

omonganana ngurangan kauntungan keur dirina sorangan ku nyebutkeun hirupna teu bagja. Unsur humorna muncul sabab dina lebah ahir tokoh budak nyebutkeun teu bagja téh lantaran duit indungna téh meunang morotan salaki batur.

### 3) Maksim Pangcocog

Maksim pangcocog atawa dina basa Inggris disebut *agreement maxim* mangrupa maksim nu meredih sangkan omongan ti panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa sarta kurangan omongan anu teu cocog. Ieu maksim diwangun ku omongan asértif keung éksprésif. Tina hasil analisis 60 data wacana humoris, kapanggih aya 3 polah ucap humoris ngeunaan maksim pangcocog. Sangkan leuwih écés, ieu di handap dipedar hiji-hiji.

#### Marimar Gaduh Buah Balingbing

- (01) Euceu : “Éyy boga balingbing”  
 Marimar : “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!”  
 Euceu : “Na ari éta naon atuh?”  
 Marimar : “Kacang”  
 (padahal buah nangka)

(MGBB/V1/050123)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim pangcocog dirempak lantaran eusi pagunemanana teu cocog. Dirempakna maksim pangcocog ngajadikeun hal anu matak pikaseurieun lantaran omongan tokoh Euceu nu “*Éyy boga balingbing*” jeung omongan tokoh Marimar nu “*Kacang*” sarua teu cocog jeung ngedalkeun hal anu salah.

#### Leuwih Serem ti Jurig

- (40) Budak : “Keur naon ma?”  
 Ema : “Ieu tadi peuting ema ngarékam pidio”  
 Budak : “Terus?”  
 Ema : “Pék téh dina pidiona aya kadéngé sora meni sieun téh”  
 Budak : “Sora naon ieu téh?”  
 Ema : “Yeuh déngékeun ku manéh!”  
 (Sora haharéwosan)  
 Budak : “Ah kur tibang sora nu kieu ema mah kuat nepika sieun”  
 Ema : “Éh déngékeun heula tika anggeus”  
 (sora haharéwosan tuluy “nginjeum heula duit saratus isukan digantian”)

(LSJ/V40/170823)

Tina data wacana humori di luhur, katitén aya omonga nu ngarempak kana maksim pangcocog nyaéta omongan tokoh Ema “*Ieu tadi peuting ema ngarékam pidio*” nu teu cocog jeung omongan ti tokoh Budak anu nanya keur naon. Omongan tokoh Ema mangrupa omongan asértif nyaéta omongan pikeun nepikeun bebeneran informasi ka budakna. Unsur humorna dina lebah budakna ngadangukeun rékaman video anu aya sora haharéwosan ngan dina tungtung video aya sora nginjeum duit 100 rébu nu matak nyeiun seuri leutik lantaran tokoh Ema sieun ku sora éta.

### Ngojég

- Marimar : “Ojég?”  
 Tukang Ojég : “Muhun ibu bade kamana?”  
 Marimar : “*Ih meni hayang nyaho wé kana urusan batur téh!*”  
 Tukang Ojég : “Hor pan ibu téh rék ngojég lain?”  
 Marimar : “Heueuh rék ngojég ceuk saha rék nyalég!”  
 Tukang Ojég : “Terus mun abi teu apal rék kamanana kumaha nganteurkeuna atuh”  
 Marimar : “Maké nanya kumaha, maké motor atuh piraku make gorobak”  
 Tukang Ojég : “Heueuh pan ibu aria pal tujuana rék kamana mah tatadi geus dianteurkeun ku abi make motor”  
 Marimar : “Atuh naha lain dianteurkeun ti tatadi karah ngocoblak wé hayoh!”  
 Tukang Ojég : “Heueuh pan teu apala bi mah ibu tujuanana”  
 (57) Marimar : “Émangna manéh teu boga tujuan?”  
 Tukang Ojég : “Ari abimah teu boga tujuan kamana-mana da eukeur ngojég ayeunamah”  
 Marimar : “Matak ogé lamun hirupmah kudu boga tujuan”  
 Tukang ojég : “Teuing ibu ah lieur”  
 Marimar : “Na atuh make ngojég ari lieur mah”  
 Tukang Ojég : “Pan butuh duit! Geus atuh ibu ah ngojég wé kanu séjén tong ka abi”  
 Marimar : “Ongkoh cenah butuh duit tapi malah nitah ngojég ka batur”  
 Tukang Ojég : “Teu bu teu butuh dui tabi mah”  
 Marimar : “Naha atuh make ngojég?”  
 Tukang Ojég : “Rék eureun da ngojégna gé”  
 Marimar : “Naha?”  
 Tukang Ojég : “Rék nyalég!”  
 Marimar : “Pantesan balaga embung nganteurkeun abi”

(NGJ/V57/231223)

Dumasar data di luhur, omongan tokoh Marimar nu “*Ih meni hayang nyaho wé kana urusan batur téh!*” ngarempak kana maksim pangcocog lantaran omongan tokoh Marimar teu cocog jeung omongan tukang ojég nu nanyakeun rék kamana tujuanana, tapi tokoh Marimar nganggap tukang ojég hayang nyaho kana urusan manéhna. Omongan tokoh Marimar mangrupa omongan éksprésif atawa kedaling

hate nu mangrupa réson tina omongan tukang ojég nu rék nanya tujuan Marimar ngojég kamana. Unsur humorna muncul lantaran tokoh Marimar nu salah sangka waé ka tukang ojég anu ahirna tukang ojég serba salah nepi ka teu jadi rék ngojég lantaran rudet nyanghareupan tokoh Marimar.

#### 4) Maksim Kasimpati

Maksim kasimpati atawa dina basa Inggris disebut *sympathy maxim* nyaéta maksim nu meredih sangkan omongan ti panyatur méré sarta ngalobaan rasa simpati atwa ngurangan antipasti ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis kapanggih aya 8 polah ucap humoris ngeunaan maksim kasimpati. Di handap dipedar kalawan jéntré hasil analisis ngeunaan maksim kasimpati sangkan meunang gambaranana.

##### Meuli Ubar

- (05)
- |         |   |
|---------|---|
| Euceu   | : “Tas ti mana ceu?”                          |
| Marimar | : “Tas meuli ubar”                            |
| Euceu   | : “Ubar keur saha?”                           |
| Marimar | : “Nya keur nu gering atuh!”                  |
| Euceu   | : “Na saha kitu nu gering?”                   |
| Marimar | : “Tatangga”                                  |
| Euceu   | : “Naha maké ku euceu meuli ubarna?”          |
| Marimar | : “ <i>Ah teu nanaha, karunya wé, watir</i> ” |
| Euceu   | : “Na gering naon kitu?”                      |
| Marimar | : “Haréng panas”                              |
| Euceu   | : “Ti iraha kitu?”                            |
| Marimar | : “Can lila, ti saprak abi meuli mobil!”      |

(MU/V5/170123)

Maksim kasimpati dina data wacana humoris di luhur ébréh lebah omongan tokoh Marimar nu “*Ah teu nanaha, karunya wé, watir*” lantaran eusi omonganana nuduhkeun rasa kasimpati. Ieu omongan diwangun ku omongan éksprésif. Unsur humorisna muncul dina lebah ahir, lantaran tokoh Marimar lain saenyana karunya kanu gering tapi keur nyungkun tatanggana nu sirik.

##### Diputuskeun Si Rohim

- (26)
- |       |  |
|-------|--|
| Ema   | : “Kunaon ari manéh maké léwéh kitu?”                        |
| Budak | : “Diputuskeun ku si Rohim”                                  |
| Ema   | : “Si Rohim mana ieu téh?”                                   |
| Budak | : “Éta nu kamari ulin ka imah geuning”                       |
| Ema   | : “Nu mana nya?”   |
| Budak | : “Ih Ema nu mana deui atuh da kabogoh urangmah ngan nu éta” |
| Ema   | : “Anu indungna anyar jadi Randa lain?”                      |

Dede Farhan Mubarak, 2024

ANALISIS WACANA HUMORIS DINA KONTÉN REELS AKUN INSTAGRAM @uc\_\_\_\_i (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Budak : “Heueuh éta”  
 Ema : “*Ah siamah! Lalaki sésa korod kitu ogé mani diceungceurikan*”  
 Budak : “Atuhda bogoh Ema”  
 Ema : “Na kunaon atuh maké bet bisa putus?”  
 Budak : “Teuing atuh da ceunah mah titah indungna”  
 Ema : “Indungna nitah putus?”  
 Budak : “Heueuh”  
 Ema : “Naha sagala ikut campur atuh kolot téh”  
 Budak : “Majarna téh da percuma, urang jeung si Rohim mah moal bisa kawin”  
 Ema : “Naha?”  
 Budak : “Teuing atuh, ceunah mah urang téh bakal jadi dulur”  
 Ema : “Ah dulur timana ieu téh? Asa teu katalian jadi dulur”  
 Budak : “Pan si Bapa bobogohan jeung indungna”  
 Ema : “Oh... Hah?”

(DPSR/V26/130523)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim kasimpat i ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Ah siamah! Lalaki sésa korod kitu ogé mani diceungceurikan*”. Ieu omonganana ngarempak kana maksim kasimpat lantaran nuduhkeun rasa antipasti kabudakna nu keur gering gara-gara diputuskeun si Rohim. Unsur humorisna muncul lantaran budakna putus téh gara-gara indung si Rohim bobogohan jeung salaki tokoh Ema.

#### Mikiran Pangabutuh

- Budak : “Kunaon ma? Bangun siga keur loba pikiran?”  
 Ema : “Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can imkiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan deui”  
 (27) Budak : “*Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox*”  
 Ema : “Hahaha tangkurak sia!”

(MP/V27/170523)

Dina data di luhur, nu kaasup maksim kasimpat i ébréh dina omongan tokoh budak nyaéta “*Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox*”. Omongan nu jadi budak nuduhkeun ayana rasa simpati dicirian ku omongan éksprésif *karunya teuing* ka indungna nu loba mikiran kahirupan sapopoé ditambah salakina nu bobogohan deui. Unsur

humorna muncul sanggeus budak méré rasa simpati ka indungna, tapi di palebah ahir éta budak karah nambahan pikiraneun indungna lantaran nitah meuli motor aerox.

### Can Dahar

- (28) Euceu : “Ceu, assalamualaikum ceu, kamana ari si euceu nya piraku wayah kieu ngeus udar-ador. Éh teu dikonci geuning. Ceu kunaon?”
- Marimar : “Aduh lapar ceu kuring can dahar”
- Euceu : “*Aduh siah meni tika kieu, ti iraha euceu can dahar?*”
- Marimar : “Ti keur SD”

(CD/V28/270523)

Dumasar data di luhur, maksim kasimpati ébréh dina omongan tokoh Euceu nyaéta “*Aduh siah meni tika kieu, ti iraha euceu can dahar?*” lantaran nuduhkeun rasa simpati ka tokoh Marimar anu katingali keur ngaringkuk sabab can dahar. Omongan tokoh Euceu mangrupa omongan éksprésif nu nuduhkeun ayana rasa hariwang. Unsur humor nu matak pikaseurieun nyaéta jawaban ti tokoh Marimar nu nyebutkeun manéhna can dahar ti keur SD kénéh, anu moal mungkin jalma bisa hirup lamun teu dahar ti keur SD nepi ka kolotna.

### (48) Rarudet

- Euceu : “Ceu karokéan yu ah”
- Marimar : “Mung ah horéam”
- Euceu : “Hayu atuh”
- Marimar : “Mung ah horéam keur rarudet kieu boro-boro hayang karoké”
- Euceu : “*Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet*”
- Marimar : “Rudet mikiran percintaan, sigana abimah jeung kabogoh nu ayeuna bakal putus “
- Euceu : “Étah geus putus deui waé hsyoh wé euceu mah bobogihan téh geus siga sinétron loba enggeusanana”
- Marimar : “Ari enggeus kumaha deui? Daripada rudet”
- Euceu : “Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?”
- Marimar : “Kesel ceu keluargana sok ikut campur waé”
- Euceu : “Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluargana”
- Marimar : “Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun”
- Euceu : “Atuhnya lalaunan deukeutanana”
- Marimar : “Ah anger moal bisa”
- Euceu : “Na saha kitu keluargana téh?”
- Marimar : “Pamajikanana”

(RT/V48/211023)

Maksim kasimpati dina data wacana humoris di luhur dirempak lebah omongan tokoh Euceu nu “*Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet*” lantaran eusi omonganana nuduhkeun rasa antipati ka tokoh Marimar nu keur rarudet. Omongan tokoh Euceu mangrupa omongan asértif. Unsur humor muncul sabab tokoh marimar nu rarudet masalah cinta téh sabab nu jadi kabogohna geus boga pamajikan.

### 5) Maksim Balabah

Maksim balabah atawa dina basa inggris disebut *generosity maxim* mangrupa maksim nu meredih sangkan omongan ti panyatur ngalobaan panghormat jeung muji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka dirina, biasana diwangun ku omongan éksprésif jeung asértif. Kapanggih aya 4 polah ucap humoris ngeunaan maksim balabah tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap ieu dipedar kalawan jéntré hasil analisisna pikeu meunang gambaranana.

#### Maké Emas

- |      |         |   |
|------|---------|---|
|      | Euceu   | : “Aduh si euceu meni baradag kitu éta emas”  |
|      | Marimar | : “ <i>Ah saalit</i> ”  |
|      | Euceu   | : “Ari éta meuli emasna di toko mana ceu?”  |
|      | Marimar | : “Ah loba tatanya kos nu rék meuli wé”   |
|      | Euceu   | : “Lain kitu justru rék ngabéjaan lamun meuli emas tuh di toko itu”   |
|      | Marimar | : “Dimana?”   |
| (11) | Euceu   | : “Tuh di ditu di toko emas sinar méncrang”   |
|      | Marimar | : “Émang lamun di dinya kumaha kitu?”   |
|      | Euceu   | : “Ari didinya mah euceu emasna murni jadi sanajan laleutik ogé duitna mah gedé tah ari rék neundeun duit mah mending emas nu kitu” |
|      | Marimar | : “Ah da euceu mah meuli emas gé lain hayang neundeun duit”   |
|      | Euceu   | : “Jang naon atuh?”   |
|      | Marimar | : “Ah hayang katempo wé ku batur”   |

(ME/V11/170223)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Marimar nu “*Ah saalit*” nu mangrupa jawaban tina omongan tokoh Euceu nu “*Aduh si euceu meni baradag kitu éta emas*” kaasup kana maksim balabah. Omongan tokoh Euceu muji ka tokoh Marimar ku omongan éksprésif, ari omongan tokoh Marimar ngurangan pamuji

keur dirina sorangan ku omongan asértif. Unsur humorna muncul dina lebah tokoh Euceu nu nyarankeun meuli emas di toko emas sinar méncrang, lantaran nu biasana meuli emas téh keur neundeun duit, tapi Marimar meuli emas lain keur neundeun duit ngan hayang katempo wé ku batur.

#### Si Halimah

- (15) Euceu : “Ceui! Nyaho teu si Halimah?”  
 Marimar : “Huss! Bulan puasa ieu téh, cik atuh mikir! Ari keur puasa mah ulah sok ngomongkeun batur! Matak batal kana puasana gé”  
 Euceu : “*Heueuh hampura, éta wé kitu pan biasana ogé euceu mah sok hayang nyaho waé ari beja soal si Halimah mah*”  
 Marimar : “Si Halimah mana kitu?”  
 Euceu : “Ih éta geuning maru euceu, pamajikana Udung mantan euceu”  
 Marimar : “Oh, emang kunaon kitu si Halimah?”

(SH/V15/090323)

Omongan tokoh Euceu nu “*Heueuh hampura, éta wé kitu pan biasana ogé euceu mah sok hayang nyaho waé ari beja soal si Halimah mah*” kaasup kana maksim balabah lantaran omongan manéhna nuduhkeun aya panghormat nu mangrupa omongan asértif dicirian ku kecap hampura sabab manéhna ngajak tokoh Marimar ngomongkeun si Halimah di bulan puasa. Unsur humorna muncul sabab tokoh Marimar hayang nyaho kana carita ngeunaan si Halimah padahal manéhna ngeus mapatahan tokoh Euceu sangkan ulah ngomongkeun batur di bulan puasa.

#### Tatangga Modél Kitu

- (21) Marimar : “Ceui”  
 Euceu : “Ieu, aya naon?”  
 Marimar : “Ék ngénta sangu keur saur, abi kaburangan teu kaburu nyangu”  
 Euceu : “Oh nya sok wé atuh aya kénéh sangu mah”  
 Marimar : “*Nuhun nya*”  
 Euceu : “Heueuh sami-sami”  
 Marimar : “Ceui”  
 Euceu : “Ieu”  
 Marimar : “Érék milu naheur cai saeutik di imah gas na beak”  
 Euceu : “Oh nya sok wé keur teu dipaké da”  
 Marimar : “Ceui boga cuka teu?”  
 Euceu : “Cuka? Tah ieu cuka keur naon kitu?”  
 Marimar : “Keur metis atuh manya keur mani”  
 Euceu : “Yeuh cuka mah”  
 Marimar : “*Nuhun nya*”  
 Euceu : “Heueuh sami-sami”  
 Marimar : “Ceui boga pulsa teu?”  
 Euceu : “Pulsa? Aya keur naon kitu?”

Marimar : “Pang neleponkeun salaki dititah nyandung téh teu balik-balik”  
 Euceu : “Yeuh”  
 Marimar : “Yeuh ceu enggeus”  
 Euceu : “Enggeus?”  
 Marimar : “*Heueuh, nuhun nya*”  
 (Euceu nyieun sirop tapi euweuh és batuna)  
 Euceu : “Sip tinggal maké és, euh can beku ning és na gé ménta heula  
 ah ka si euceu. Ceu!”  
 Marimar : “Yeu”  
 Euceu : “Boga és batu teu?”  
 Marimar : “Aya és batu mah érék?”  
 Euceu : “Érék ceu abi hayang hiji”  
 Marimar : “Yeuh”  
 Euceu : “Nuhun nya”  
 Marimar : “Nuhun? Sarébulan hiji na!”

(TMK/V21/010423)

Maksim balabah dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Nuhun nya*”, “*Nuhun nya*”, jeung “*Heueuh, nuhun nya*” lantaran omonganana nuduhkeun rasa panghormat nu dicirian ku kecap nuhun sabab geus dibantuan jeung dibéré sagala paménta manéhanana. Unsur humorna muncul lebah ahir dina éta paguneman nyaéta nalika tokoh Euceu ménta és batu, nu disangka bakal dibéré ari pék kudu mayar sarébu. Dina ieu hal nuduhkeun tokoh Maimar nu euweuh rasa mulang tarima tina sagala bantuan nu geus dilakukeun ku tokoh Euceu.

### Dangdan

Budak : “Ma”  
 Ema : “Naon?!”  
 Budak : “Ih meni nyereng kitu ema mah!”  
 Ema : “Teu nempo kolot keur parusing?!”  
 Budak : “Parusing kunaon atuh ma?”  
 Ema : “Keur pusing ka bapa manéh meni teu daék pisan ngajedog di imah!”  
 Budak : “Kamana kitu ayeuna?”  
 Ema : “Nguseup”  
 (24) Budak : “Nguseup waé atuh si bapa téh”  
 Ema : “Ngeus puguh heueuh!”  
 Budak : “Teu betah meureun ema cicing di imah mah ningali ema pakéan gé meni sebrag-sebrig kitu siga ririwa”  
 Ema : “Bedegong siah ka kolot nyebutkeun aing siga ririwa”  
 Budak : “Da émang heueuh atuh matak gé coba dangdan ema”  
 Ema : “Ah da osok éta gé dangdan mah mun ék indit”  
 Budak : “Maksudna téh dangdan di imah ema”  
 Ema : “Ah di imah mah sagala dangdan”  
 Budak : “*Hor ari ema dangdan keur saha atuh? Keur salaki apa keur batur? Sok coba di imah téh dangdan sing geulis ngarah si*”

*bapa téh betah di imah tempo tuh biwir gé meni pias kitu siga  
bool hayam”*

Ema : “Heueuh arék atuh”

(DD/V24/130423)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim balabah muncul dina omongan tokoh budak nu “*Hor ari ema dangdan keur saha atuh? Keur salaki apa keur batur? Sok coba di imah téh dangdan sing geulis ngarah si bapa téh betah di imah tempo tuh biwir gé meni pias kitu siga bool hayam*”. Lebah dieu, maksim balabah dirempak lantaran eusi omonganana teu nuduhkeun rasa panghormat jeung ngurangan pamuji ka pamiarsa. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh budak nyebutkeun biwir indngna pias siga bool hayam nu matak bapana teu betaheun cicing di imah.

#### 6) Maksim Handap Asor

Maksim handap asor atawa dina basa Inggris disebut *modesty maxim* mangrupa maksim nu meredih sangkan omongan ti panyatur leuwih loba panghormat atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa ku cara ngurangan basa loma atawa kasar, diwangun ku omongan asértif jeung éksprésif. Tina 60 data wacana humoris nu di analisis, kapanggih aya 6 polah ucap humoris ngeunaan maksim handap asor. Di handap dipedar hasil analisisna kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

#### Bukber

(18) Euceu : “Ceu abi mah dék bukber da di teun haji Iis”  
 Marimar : “Ah! bukber-bukber, ngomong wé teu boga deungeun sangu di imah!”

Euceu : “Ah da ieu mah diondang atuh, lain sapati-pati ngénta daang”  
 Marimar : “Ah dék daang mah di imah sorangan wé, di imah batur mah éra ngahuap komo bari daangna rewog siga euceu mah”

Euceu : “Lain nanaon ceu ari kadaharan di imah haji Iis mah sok sugema, deungeun sangu téh sok tika rupa-rupa nepika tumis simeut gé sok aya daripada bukber di imah euceu manya dur-duran magrib téh langsung habek kana sangu”

Marimar : “Terus kudu ngahakan naon heula atuh? Huut!?”  
 Euceu : “Huut, yeuh ceu ari buka puasa mah nya sunnah na ogé ngadaang nu amis-amis heula siga korma kitu tah”

Marimar : “Ah! teu hayang ngadaang korma téh, kamari gé meuli ti warung rasana téh amis teu puguh siga jagji kampanye!”

(B/V18/210323)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim handap asor ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ah! bukber-bukber, ngomong wé teu boga deungeun sangu di imah!*”. Lebah dieu ngarempak maksim handap asor ku omongan éksprésif lantaran eusina moyok tokoh Euceu jeung ngurangan panghormat ogé ngurangan kauntungan. Unsur humorna muncul sanggeus tokoh Euceu nyebutkeun lamun buka puasa di imah Marimar mah sok langsung ngadahar sangu sedengkeun di imah haji Iis mah sugema sagala aya, tuluy diréspon ku Marimar nu ngomong “*Terus kudu ngahakan naon heula atuh? Huut!?*”.

### THR

- Budak : “Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR”  
 Ema : “*Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah*”  
 Budak : “Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?”  
 Ema : “Nya lain atuh, da urangmah unggal taun gé tara meunang”  
 (Ema balik ti luar)  
 Ema : “Assalamualaikum”  
 Budak : “Walaikumsalam, éh ma!”  
 Ema : “Naon?”  
 Budak : “Tadi aya nu ka imah nanyakeun ema”  
 Ema : “Saha kitu?”  
 (23) Budak : “Teuing da cenah mah urut dunungan ema baheula”  
 Ema : “Arék naon?”  
 Budak : “Méré THR”  
 Ema : “Tah geuning ari milik mah, mana THRna kadieukeun”  
 Budak : “Euweuh dibikeun kanu ngamén tadi”  
 Ema : “Ari sia na maké dibikeun kanu ngamén”  
 Budak : “Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé”  
 Ema : “Kadieu siah”  
 Budak : “Naon ema?”  
 Ema : “Diteundeun di mana?”  
 Budak : “Naon nu diteundeun?”  
 Ema : “Otak manéh!”

(THR/V23/110423)

Tina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah*” kaasup kana maksim handap asor lantaran omonganana ngomah-ngomahan haté budakna nu hayang kabagéan THR siga batur. Omongan tokoh Ema kaasup kana omongan éksprésif. Unsur humorna nyaéta tokoh budak nu polos jeung teu ngarasa salah lantaran aya nu méré THR keur indungna karah dibikeun ka batur sabab tokoh

Ema nyebutkeun yén THR téh lain hak manéhanana, padahal saenyana tokoh Ema nyebut lain hak téh lamun THR na bagéan batur.

***Pelengkap Hidup***

- Budak : “Ma, ema teu masak lain?”  
 Ema : “Cicing ah! nyaho kolot téh keur kieu!”  
 Budak : “Rék tika iraha ma ngan kitu waé ngan hayoh wé mikiran lalaki ari eusi beuteung budak teu dipikiran pira gé ditingakeun ku tukang kiridit meni tika galau kabina-bina ngeus wé atuh ma matak naon mun hirup léngoh”  
 Ema : “*Maruk siamah ngeunah wé meureun nya hirup léléngohan téh, hirup teu boga salaki mah camplang sia téh jiga kuah sayur teu maké karbit*”  
 (33) Budak : “Karbit? Uyah meureun!”  
 Ema : “Pokona hirup teu boga salaki mah teu ngeunah rasana kurang lengkep”  
 Budak : “Heueuh ayeunamah néangan deui wé atuh ma nu bageur, nu beunghar, kasép, nu daékan usahana, nyaah ka ema jeung ka urang”  
 Ema : “Heueuh kudu néangan kamana atuh pelengkap hidup nu siga kitu”  
 Budak : “Heueuh da hésé atuh ema néangan nu siga kitu mah teu cara néangan perlengkapan orok!”

(PH/V33/230623)

Maksim handap asor dina data wacana humoris di luhur dirempak ku omongan éksprésif lebah omongan tokoh Ema nu “*Maruk siamah ngeunah wé meureun nya hirup léléngohan téh, hirup teu boga salaki mah camplang sia téh jiga kuah sayur teu maké karbit*” lantaran omonganana ngurangan rasa hormat ku basa nu kasar ka budakna. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh Ema nyebutkeun hirup teu boga salaki siga kuah sayur teu maké karbit padahalkuduna siga kuah sayur teu maké uyah.

**Teu Kabagéan Daging Qurban**

- Budak : “Ma, batur mah geus dibaragi kupon daging qurban gening urang kabagéan teu?”  
 Ema : “*Ah teuing teu kabagéan meureun*”  
 Budak : “Ih aingmah”  
 (34) Ema : “*Kenbaé atuh ah! euweuh milik meureun*”  
 Budak : “Ih aingmah meuli daging henteu, daging qurban teu kabagéan”  
 Ema : “Kendaé atuh ah teu pira gé daging”  
 Budak : “Lain kitu ma asa camplang wé lebaran téh meni euweuh daging-daging acan, baturmah ema poé lebaran téh ngadalahar daging, mareuleum, ari urang naon coba usuk-asak gé henteu di imah”

- Ema : “Manéh mah meni riweuh euweuh daging ogé cicing wé budakmah nyaho naon! Da kolot gé mikir atuh engké gé lamun geus waktuna mah urng téh bakal meuleum”  
 Budak : “Asik euy urang ék meuleum naon ma?”  
 Ema : “Meuleum japuh!”

(TKDQ/V34/290623)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim handap asor ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Ah teuing teu kabagéan meureun*”, jeung “*Kenbaé atuh ah! euweuh milik meureun*” lantaran eusi omonganana ngupahan budakna nu hayang daging qurban ku omongan asértif yén teu kabagéan daging qurban sabab lain milik atawa rejekina. Unsur humorna muncul lebah ahir nalika tokoh budak geus atoh rék meuleum daging qurban lantaran tokoh Ema ngupahan ku cara ngajangjikeun engké rék meuleum, ngan lain meuleum daging tapi dibeubeutkeun ku meuleum japuh.

#### Syukurana

- (36) Ema : “De, kunaon manéh maké ngahuhuleng kitu?”  
 Budak : “Ah teu kunanaon”  
 Ema : “Kunaon setéh? Sasarina gé tara kitu”  
 Budak : “Henteu, ngan asa kieu wé hirup téh asa teu bagja”  
 Ema : “*Maké sagala nyebutkeun teu bagja, ema geus kurang kumaha ngabagjakeun hirup manéh, hayang iphone dipangmeulikeun, hayang motor aerox najan urut ogé dipangmeulikeun ku ema, duit jajan sapopoé ngalir, bahkan lamun manéh hayang barang hakan nu ngeunar ogé dicumponan kolot mah bealaan kumaha ieu ngabagjakeun nu jadi anak tapi maneh mah masih kénéh wé ngarasa teu bagja, syukuran sia téh ayeunamah urang ngeus beunghar*”  
 Budak : “Atuhda bingung ma, rek disyukuran ogé”  
 Ema : “Naha maké kudu bingung”  
 Budak : “Bingung wé da ema mah meunang duit ogé lain meunang gawé tapi meunang morotan salaki batur”

(SK/V36/070723)

Tina data wana humoris di luhur, maksim handap asor dirempak dina omongan tokoh Ema nu “*Maké sagala nyebutkeun teu bagja, ema geus kurang kumaha ngabagjakeun hirup manéh, hayang iphone dipangmeulikeun, hayang motor aerox najan urut ogé dipangmeulikeun ku ema, duit jajan sapopoé ngalir, bahkan lamun manéh hayang barang hakan nu ngeunar ogé dicumponan kolot mah bealaan kumaha ieu ngabagjakeun nu jadi anak tapi maneh mah masih kénéh wé ngarasa teu bagja, syukuran sia téh ayeunamah urang ngeus beunghar*” lantaran sanajan

ngomah-ngomahan haté budakna nu nyebutkeun teu bagja tapi dibarengan ku basa loma atawa kasar “*sia*”. Omongan tokoh Ema mangrupa omongan asértif nu ngurangan panghormat atawa handap asor. Unsur humorna nyaéta budakna nyebutkeun teu bagja téh lain kakurangan matéri atawa sagala kahayangna teu dicumponan, tapi nu matak nyebutkeun hirup teu bagja téh sabab tokoh Ema meunang duitna lain hasil gawé tapi meunang morotan duit salaki batur.

#### Marimar Sunda

- Euceu : “Ceul!”  
 Marimar : “Euy”  
 Euceu : “Kamana waé tara bijil”  
 Marimar : “Aya di imh sarieun ah ék bijil téh”  
 Euceu : “Maké kudu sieun, sieun naon?”  
 Marimar : “Sieun aya nu nginyeum duit”  
 (50) Euceu : “Béjana kamari ngeus meuli emas, tapi mana ning teu katempo”  
 Marimar : “*Ah da teu hayang katempo ku batur*”  
 Euceu : “Ari éta rék kamana atuh?”  
 Marimar : “Rék miceun ieu tah”  
 (bari nempokeun kérésék)  
 Euceu : “Miceun naon kitu?”  
 Marimar : “Miceun géngsi!”

(MS/V50/031123)

Maksim handap asor dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ah da teu hayang katempo ku batur*”. Lebah dieu maksim handap asor dirempak ku omongan asértif tina omongan tokoh Euceu nu “*Béjana kamari ngeus meuli emas, tapi mana ning teu katempo*” lantaran eusi omonganana ngurangan rasa hormat ka tokoh Euceu. Unsur humorna muncul lebah tokoh Marimar nu rek miceun kérésék disebut ku tokoh Marimar rék miceun géngsi. Ieu hal mangrupa analogi tina rasa géngsi kana kérésék atawa sampah.

#### 4.1.2.2 Prinsip Gawé Bareng dina Polah Ucapan humoris

Prinsip gawé bareng, rempug jukung atawa kooperatif dina basa Indonesia disebut prinsip *kerjasama* lamun dina basa Inggris disebut *cooperative principles* mangrupa kaédah makéna basa dina waktu ngayakeun paguneman jeung jalma lian. Ieu prinsip diperlukeun sangkan komunikasi antara panyatur jeung pamiarsa lumangsung kalawan harmonis, teu aya pabéntar paham. Panyatur jeung pamiarsa gawé bareng dina ngedalkeun jeung maham eusi komunikasi. Prinsip gawé bareng miboga opat rupa nyaéta (1) maksim kuantitas; (2) maksim kualitas; (3) maksim

rélevansi; jeung (4) maksim cara. Sakabéh maksim prinsip gawé bareng kapanggih dina data nu ditalungtik.

### 1) Maksim Kuantitas

Maksim kuantitas atawa maksim jumlah dina basa Inggris disebut *maxim of quantity* mangrupa maksim nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna atawa sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa. Tina 60 data wacana humoris nu ditalungtik, kapanggih aya 43 polah ucap humoris ngeunaan maksim kuantitas. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan maksim kuantitas kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

#### Mesin Cuci Kotor

- Euceu : “Ari euceu kunaon ngan gugutrut waé tatadi?”  
 Marimar : “Teuing atuh ieu téh asa ararateul”  
 Euceu : “Bajuna mérang meureun”  
 Marimar : “Piraku wé anyar ngaganti”  
 Euceu : “Berati nyeuseuhna éta mah teu beresih”  
 Marimar : “Lalawora maké nyebutkeun teu beresih”  
 Euceu : “Éta ning ararateul kitu jiga pelakor”  
 Marimar : “*Kurang kumaha, nyeuseuhna ogé maké sabun mahal. Sabun seuseuhna ogé anu sok dipaké ku Shah Rukh Khan!*”  
 (06) Euceu : “*Naon, Shah Rukh Khan mah lamun nyeuseuh maké sabun gandu!*”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh?”  
 Euceu : “*Ceuk dulurna, pan aya orang Cibaduyut! Palinggé euceu mah mesin cucina anu kotor*”  
 Marimar : “Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan”  
 Euceu : “Nya teu bisa atuh! Mesin cuci gé kudu dimandian”  
 Marimar : “Ah! rariweuh aingah ngumbahna ogé”

(MCK/V6/270123)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim kuantitas ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Kurang kumaha, nyeuseuhna ogé maké sabun mahal. Sabun seuseuhna ogé anu sok dipaké ku Shah Rukh Khan!*” jeung omongan tokoh Euceu nu “*Naon, Shah Rukh Khan mah lamun nyeuseuh maké sabun gandu!*”, “*Ceuk dulurna, pan aya orang Cibaduyut! Palinggé euceu mah mesin cucina anu kotor*” lantaran eusi omonganana ngadeudeul jeung méré kontribusi sacukupna nu dipikabutuh pamiarsa ku nyebutkeun nyeuseuh maké sabun mahal nu dipaké ku

Shah Rukh Khan, Shah Rukh Khan nyeuseuh maké sabun gandu, jeung dulur Shah Rukh Khan urang Cibaduyut. Hal nu matak pikaseurieun aya dina omongan tokoh Euceu nu nyebutkeun Shah Rukh Khan boga dulur di Cibaduyut.

#### **Mikiran Pangabutuh**

- Budak : “Kunaon ma? Bangun siga keur loba pikiran?”  
 Ema : “*Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can imkiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan deui*”
- (27) Budak : “Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox”  
 Ema : “Hahaha tangkurak sia!”

(MP/V27/170523)

Dumasar kana data di luhur, maksim kuantitas ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can imkiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan deui*” lantaran omonganana ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna kana pertanyaan ti tokoh budak nu “*Kunaon ma? Bangun siga keur loba pikiran?*”. Unsur humorna muncul tina réspon tokoh budak nu mimitina jiga nu karunya ka indungna lantaran loba pikiran tapi lebah ahir ménta motor nu karah nambahan pikiran.

#### **Pelengkap Hidup**

- Budak : “Ma, ema teu masak lain?”  
 Ema : “Cicing ah! nyaho kolot téh keur kieu!”  
 Budak : “Rék tika iraha ma ngan kitu waé ngan hayoh wé mikiran lalaki ari eusi beuteung budak teu dipikiran pira gé ditingakeun ku tukang kiridit meni tika galau kabina-bina ngeus wé atuh ma matak naon mun hirup léngoh”
- (33) Ema : “Maruk siamah ngeunah wé meureun nya hirup léléngohan téh, hirup teu boga salaki mah camplang sia téh jiga kuah sayur teu maké karbit”  
 Budak : “Karbit? Uyah meureun!”  
 Ema : “Pokona hirup teu boga salaki mah teu ngeunah rasana kurang lengkep”  
 Budak : “*Heueuh ayeunamah néangan deui wé atuh ma nu bageur, nu beunghar, kasép, nu daékan usahana, nyaah ka ema jeung ka urang*”  
 Ema : “Heueuh kudu néangan kamana atuh pelengkap hidup nu siga kitu”

Budak : “Heueuh da hésé atuh ema néangan nu siga kitu mah teu cara néangan perlengkapan orok!”

(PH/V33/230623)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim kuantitas ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Heueuh ayeunamah néangan deui wé atuh ma nu bageur, nu beunghar, kasép, nu daékan usahana, nyaah ka ema jeung ka urang*” lantaran omonganana ngadeudeul sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa. Unsur humoris muncul lantaran ieu omonganana nyieun kesan ngababarikeun néangan pialakieun nu disebutkeun.

#### Teu Kabagéan Daging Qurban

- (34) Budak : “Ma, batur mah geus dibaragi kupon daging qurban gening urang kabagéan teu?”  
 Ema : “Ah teuing teu kabagéan meureun”  
 Budak : “Ih aingmah”  
 Ema : “Kenbaé atuh ah! euweuh milik meureun”  
 Budak : “Ih aingmah meuli daging henteu, daging qurban teu kabagéan”  
 Ema : “Kendaé atuh ah teu pira gé daging”  
 Budak : “*Lain kitu ma asa camplang wé lebaran téh meni euweuh daging-daging acan, baturmah ema poé lebaran téh ngadalaha daging, mareuleum, ari urang naon coba usuk-asak gé henteu di imah*”  
 Ema : “Manéh mah meni riweuh euweuh daging ogé cicing wé budakmah nyaho naon! Da kolot gé mikir atuh engké gé lamun geus waktuna mah urng téh bakal meuleum”  
 Budak : “Asik euy urang ék meuleum naon ma?”  
 Ema : “Meuleum japuh!”

(TKDQ/V34/290623)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim kuantitas ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Lain kitu ma asa camplang wé lebaran téh meni euweuh daging-daging acan, baturmah ema poé lebaran téh ngadalaha daging, mareuleum, ari urang naon coba usuk-asak gé henteu di imah*” lantaran eusi omonganana ngadeudeul sajumlah anu dipikabutuh ku pamiarsa, lebah dieu nyaéta ngeunaan kahayang budakna lamun dina poé lebaran hayang siga kumaha. Unsur humoris muncul lebah ahir nalika tokoh budak geus atoh rék meuleum daging qurban lantaran tokoh Ema ngupahan ku cara ngajangjikeun engké rék meuleum, ngan lain meuleum daging tapi dibeubeutkeun ku meuleum japuh.

### Haji Sanusi

- Marimar : “Tas timana ceu?”  
 Euceu : “Geus nempo nu balik ti Mekah”  
 Marimar : “Saha? Haji Sanusi?”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Oh”  
 Euceu : “Kabita ih indit ka Mekah jeung salaki iraha atuhnya urang bisa ngalaman ibadah bareng”  
 Marimar : “Éta euceu mawa naon nempo nu balik ti Mekah?”  
 Euceu : “*Nyaéta mawa béas lima kilo endog dua kilo, ari pas balik dibahanan kormana ngan saeutik*”  
 Marimar : “Piraku? Na sakumaha dibéréna?”  
 Euceu : “*Kormana lima siki, kismisna saséndok, kacang arabna sakantong leutik, cai zamzamna sabotol éta gé botolna nu bogél*”  
 (47) Marimar : “Meni saeutik atuhnya”  
 Euceu : “Heueuh nyaéta sakitu beunghar ogé barang béré gé meni saencrét pisan dasar korét salaki jeung pamajikan téh”  
 Marimar : “Tapi da abimah dibéré loba”  
 Euceu : “Wah?”  
 Marimar : “*Heueuh kormana sakotak, kismisna meureun aya sakilo, kacang arabna sakéler, jeung coklat sakantong, tah cai zamzamna mah sajirigén*”  
 Euceu : “Naha ning loba euceu mah?”  
 Marimar : “Éta euceu dibéréan bu hajina lain?”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Ari abimah ku pa haji na”  
 Euceu : “Naha nya make dibédakeun kitu?”  
 Marimar : “Nya pasti dibédakeun lah, ari jang kabogoh mah”  
 Euceu : “Hah?!”

(HIS/V47/011023)

Dina data di luhur nu kaasup kana masim kuantitas nyaéta omongan antara tokoh Euceu jeung Marimar nu “*Nyaéta mawa béas lima kilo endog dua kilo, ari pas balik dibahanan kormana ngan saeutik*”, “*Kormana lima siki, kismisna saséndok, kacang arabna sakantong leutik, cai zamzamna sabotol éta gé botolna nu bogél*”, jeung “*Heueuh kormana sakotak, kismisna meureun aya sakilo, kacang arabna sakéler, jeung coklat sakantong, tah cai zamzamna mah sajirigén*” lantaran omonganana nu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna nu dipikabutuh ku pamiarsa jeung omonganana nuduhkeun ayana jumlah atawa kuantitas, lebah dieu tokoh Euceu jeung Marimar nyebutkeun meunang pulang ti Haji Sanusi téh naon waé. Unsur humor dina ieu paguneman nyaéta tokoh Euceu nu kesel sabab barang bawa ka Haji Sanusi loba tapi dipulang saeutik jeung ngarasa anéh tokoh Marimar

dibéré loba ku Haji Sanusi padahal nu sabenerna tokoh Marimar téh bobogohan jeung Haji Sanusi nu masih kénéh boga pamajikan.

## 2) Maksim Kualitas

Maksim kualitas atawa maksim inajén dina basa Inggris disebut *maxim of quality* mangrupa maksim nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur nyoko kana eusi anu saenyana teu dijieun-jieun. Kapanggih aya 16 polah ucap humoris ngeunaan maksim kualitas tina 60 data wacana humoris nu ditalungtik. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan maksim kualitas kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

### Buru-buru

- Euceu : “Sok geregeteun da ari geus kieu téh, sok hayang buru-buru meunang milik”  
 Marimar : “Na rék naon kitu?”  
 Euceu : “Hayang ngalunasan cicilan motor sabulan deui”  
 (Aya Adzan)  
 Marimar : “Euh ngeus adan”  
 (12) Euceu : “Kamana atuh meni buru-buru?”  
 Marimar : “Nya rék solat atuh”  
 Euceu : “Meni buru-buru atuh nya engké wé da karék adan”  
 Marimar : “Nya éra wé atuh”  
 Euceu : “Na maké kudu éra?”  
 Marimar : “Ari meunang milik sok hayang buru-buru piraku ari waktuna solat diengké-engké”

(BR/V12/250223)

Maksim kualitas dina wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ari meunang milik sok hayang buru-buru piraku ari waktuna solat diengké-engké*” lantaran eusi omongan nu dikedalkeun nyoko kana hal anu saenyana jeung teu dijieun-jieun. Ieu hal mangrupa respon tina omongan tokoh Euceu nu “*Meni buru-buru atuh nya engké wé da karék adan*”. Unsur humor nu matak pikaseurieun muncul lantaran tokoh Marimar nyindir ka tokoh Euceu nu teu ngarasa éra jeung teu ngarasa salah ngaengké-engké solat.

### Skincare Marimar

- Euceu : “Ceun, sabunan sok béak sabaraha pikeun meuli *skincare*?”  
 (13) Marimar : “Lumayan lah, mahi keur sadombaeun mah”  
 Euceu : “Alah geuning meni mahal”  
 Marimar : “Nya mahal atuh da keur beungeut lain keur bujur”

- Euceu : “Emmh, tapi da aya cenah skincare keur bujur ogé”  
 Marimar : “Nya aya meureun, teuing da euceu mah tara maké, bujur euceu mah da mulus”  
 Euceu : “Lain ceu, béjana ari *skincare* abal-abal mah cenah murah nya?”  
 Marimar : “*Murah ngan beungeut matak ruksak*”  
 Euceu : “Wah? Maenya? Naha maké bisa kitu?”  
 Marimar : “Heueuh da palsu atuh! Kumaha wé bobogohan, ari cinta jeung kanyaahna palsu mah hubungan gé matak ruksak”  
 Euceu : “Heueuh nya, éh ceu nginyeum téplon lah”  
 Marimar : “Keur naon?”  
 Euceu : “Nya keur usuk asak atuh! Piraku wé keur nepak jelema mah”  
 Marimar : “Heug dagoan atuh nya urang cokot heula”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Yeuh!”  
 Euceu : “Gusti nu agung ieu téh téplon?”  
 Marimar : “Heueuh téplon ceuk saha ngidir!”  
 Euceu : “Euceu mah beungeut wé glowing, ari parabotan meni raréwok kieu!”

(SM/V13/010323)

Tina data di luhur, kapaluruh yén maksim kualitas ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Nya mahal atuh da keur beungeut lain keur bujur*”, jeung “*Murah ngan beungeut matak ruksak*” lantaran omongan tokoh Marimar Nyoko kana eusi saenyana jeung teu dijieun-jieun sabab *Skincare* ilaharna dipaké pikeun miara kaséhatan kulit utamana beungeut, jeung *skincare* anu hargana murah biasana *skincare* palsu anu matak ngarusak. Unsur humor nu matak pikaseurieun muncul dina lebah omongan tokoh Euceu nu “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parabotan meni raréwok kieu!*” nuduhkeun tokoh marimar nu sok miara kulit, tapi parabotan diantep nepika raréwok.

#### Mihapé Popoéan

- Euceu : “Ceu mihapé popoéan nya bisi hujan, abi rék ka warung sakeudeung”  
 Marimar : “Heueuh heug”  
 (teu lila tidinya)  
 Marimar : “Duh asa hayang ngising euy, ngising heula ah”  
 (Marimar nempo aya bangsat nyokot popoéan)  
 (16) Marimar : “Ah genah euy. Heh! Keur naon éta?”  
 Bangsat : “Euh, abi nuju ngabagsat”  
 Marimar : “Oh”  
 (Euceu balik ti warung)  
 Euceu : “Hah! Ceu ari popoéan abi kamarana?”  
 Marimar : “Euweuh bieu aya nu ngabagsat”  
 Euceu : “Hor ari euceu! Kumaha sih kapihapéan téh!”  
 Marimar : “*Pan mihapékeun na ogé bisi kahujanan lain bisi kabangsan*”

(MP/V16/150323)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim kualitas ébréh dina omongan tokoh Marimar nu *“Pan mihapékeun na ogé bisi kahujanan lain bisi kabangsatan”* lantaran eusi omonganana ngedalkeun hal anu saenyana teu dijieun-jieun. Tokoh Euceu téh bener ngomong mihapé popoéan bisi kahujanan lain kabangsatan. Ieu hal ogé matak pikaseurieun sabab lamun kapihapéan ku batur sok sanajan ngomongna bisi kahujanan ari popoéanana dicokot ku batur tetep kudu dijagaan.

#### Taat Lalu Lintas

- Euceu : “Nginjeum motor ceu, ék indit heula ah kaditu”  
 Marimar : “Rék kamana kitu?”  
 Euceu : “Rék ulin ah ék aya perlu ka si Enur”  
 Marimar : “Na moal solat heula? Sakitu geus adan ogé”  
 Euceu : “Gampang lah solat mah”  
 Marimar : *“Ulah sok diengké-engké ari solat mah komo ari tika teu dilakonan mah dosa!”*  
 Euceu : “Heueuh lah!”  
 Marimar : *“Ulah lalawora! Ningalkeun solat mah dosa na gedé pisan! Na teu sieun? Ulah dibiasakeun ningalkeun solat pamali!”*  
 Euceu : “Heueuh lah buru atuh mana konci motorna?”  
 Marimar : “Yeuh”  
 (31) Euceu : “Ah sakalian ceu nginjeum helm na”  
 Marimar : “Tidieu kadinya gé meni sagala maké hélm”  
 Euceu : “Éh lain kitu, sebagai pengendara yang baik harus mentaati tata tertib lau lintas”  
 Marimar : “Heueuh ari tata tertib lalu lintas mah di taati ari kana paréntah gusti Alloh teu taat”  
 (Si euceu idnit bari mikiran omongan Marimar tuluy balik deui)  
 Marimar : “Naha maké balik deui? Ék solat heula?”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Tah kitu atuh”  
 Euceu : “Yeuh koncina, moal jadi”  
 Marimar : “Naha?”  
 Euceu : “Motorna gé euweuh bingsinan”

(TLL/V31/110623)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim kualitas ébréh dina omongan tokoh Marimar nu *“Ulah sok diengké-engké ari solat mah komo ari tika teu dilakonan mah dosa!”*, jeung *“Ulah lalawora! Ningalkeun solat mah dosa na gedé pisan! Na teu sieun? Ulah dibiasakeun ningalkeun solat pamali!”* lantaran nu dikedalkeun ku tokoh Marimar Nyoko kana eusi saenyana jeung teu dijieun-jieun

sabab lamun jalma nu agamana Islam ninggalkeun solat bakal meunang dosa nu gedé. Unsur humorna muncul lebah tokoh Euceu nu mikiran omongan tokoh Marimar tuluy balik deui mikeun konci motor, tokoh Marimar nyangka tokoh Euceu balik deui téh rék solat padahal lain ngan saukur rék solat tapi motorna euweuh bengsinan.

### Perkara Duit

- Budak : “Ma aya pakét cod tadi”  
 Ema : “Mana pakétna? Dibayar teu ku manéh?”  
 Budak : “Mayar timana duitna ari ema?”  
 Ema : “Pan tadi isuk ku aing dibéré duit siatéh”  
 Budak : “Hor da étamah duit keur jajan atuh”  
 Ema : “Ari kitu téh ieuheun paké heula duit nu aya tibatan pakétna diretur mah”  
 Budak : “Lamun dibayarkeun ké keur jajan euweuh meureun”  
 Ema : “*Sia mah dipaké ku indung gé meni banget komo mun dipaké sedekah, ari hirup ulah sok itungan ieuheun komo sedekah mah ulah itungan!*”  
 Budak : “Heueuh”  
 Ema : “Ék kamana manéh?”  
 Budak : “Rék nyeuseuh”  
 Ema : “Yeuh sakalian atuh pangnyeuseuhkeun jakét ema”  
 Budak : “Mana dieuh”  
 (53) (Geus lila tidinya)  
 Budak : “Néangan naon ma?”  
 Ema : “Néangan duit, éta tadi dina jakét aya duitan weuh?”  
 Budak : “Aya”  
 Ema : “Tah geuning mana dieukeun”  
 Budak : “Ngeus euweuh duitna ogé”  
 Ema : “Na dikamanakeun?”  
 Budak : “Tadi téh aya nu ménta sumbangan ema ka imah jadi dibikeun wé duit téh”  
 Ema : “Ituh sia naha maké dibikeun?”  
 Budak : “Pan ceuk ema gé paké heula wé nu aya”  
 Ema : “Éta téh keur dipaké setoran motor sia téh, mana dieukeun sésana?”  
 Budak : “Euweuh ema dibikeun kabéh”  
 Ema : “Éta si jurig naha dibikeun kabéh?”  
 Budak : “*Pan ceuk ema gé ari sedekah mah tong itungan*”

(PD/V53/271123)

Maksim kualitas dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Sia mah dipaké ku indung gé meni banget komo mun dipaké sedekah, ari*

*hirup ulah sok itungan ieu komo sedekah mah ulah itungan!*” jeung omongan tokoh budak nu *“Pan ceuk ema gé ari sedekah mah tong itungan”* lantaran eusi omonganana nyoko kana eusi nu saenyana jeung teu dijieun-jieun. Omongan tokoh Ema nétélakeun hal anu saenyana yén lamun sedekah ulah itungan. Omongan tokoh budak ogé bener sabab indungna ngomong lamun sedekah tong itungan. Ieu hal ogé matak pikaseurieun ku kalakuan polos tokoh budak nu teu ngarasa salah kabéh duit indungna dibikeun ka nu ngénta sumbangan lantaran disebutkeun ku tokoh Ema sedekah tong itungan, tapi sabenerna lain kitu carana.

### 3) Maksim Rélevansi

Maksim rélevansi atawa maksim kasaluyuan dina basa Inggris disebut *maxim of relevance* mangrupa maksim nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu luyu atawa rélevan jeung pasualan anu dicaritakeun. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis, kapanggih aya 3 polah ucap humoris ngeunaan maksim rélevansi. Di handap baris dipedar ngeunaan hasil analisisna kalawan jéntré pikeun meunang gambarana.

#### Meuli Ubar

- (05)
- |         |  |
|---------|--|
| Euceu   | : “Tas ti mana ceu?”                     |
| Marimar | : “Tas meuli ubar”                       |
| Euceu   | : “Ubar keur saha?”                      |
| Marimar | : <i>“Nya keur nu gering atuh!”</i>      |
| Euceu   | : “Na saha kitu nu gering?”              |
| Marimar | : “Tatangga”                             |
| Euceu   | : “Naha maké ku euceu meuli ubarna?”     |
| Marimar | : “Ah teu nanaha, karunya wé, watir”     |
| Euceu   | : “Na gering naon kitu?”                 |
| Marimar | : “Haréng panas”                         |
| Euceu   | : “Ti iraha kitu?”                       |
| Marimar | : “Can lila, ti saprak abi meuli mobil!” |

(MU/V5/170123)

Data wacana humoris di luhur mangrupa maksim rélevansi lantaran eusi paguneman antara panyatur jeung pamiarsa luyu jeung pasualan nu keur dicaritakeun. Dicerian ku omongan tokoh Marimar nu *“Nya keur nu gering atuh!”* rélevan jeung nu ditanyakeun ku tokoh Euceu *“Ubar keur saha?”*, ubar saenyana bener keur ngubaran nu gering. Nu matak pikaseurieun muncul lebah ahir dina omongan tokoh Marimar nu *“Can lila, ti saprak abi meuli mobil!”*, lantaran tokoh

Marimar meuli ubar lain saenyana keur ngubaran panyakit tapi keur ngubaran tatanggana nu gering sabab ningali Marimar meuli mobil (sirik).

*Sundanese Death Metal*

- Budak : “Keur naon ma?”  
 Ema : “Hah?”  
 Budak : “Keur naon?”  
 (08) Ema : “*Keur ngadéngékeun tembang*”  
 Budak : “*Keur ngadéngé lagu naon ma?*”  
 Ema : “Biasa kujang romping”  
 (Padahal lagu métaal)

(SDM/V8/050223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, katitén aya maksim rélevansi lantaran omongan panyatur jeung pamiarsa luyu jeung pasualan nu dicaritakeun. Tokoh Ema ngomong “*Keur ngadéngékeun tembang*” jeung omongan tokoh budak nu “*Keur ngadéngé lagu naon ma?*” nuduhkeun ayana rélevansi nyebut tembang jeung lagu anu hartina sarua. Unsur humorna muncul lantaran tokoh Ema nu nyaruakeun tembang kujang romping jeung lagu metal, anu ilaharna jalma nu geus kolot jarang resep kana lagu metal.

#### 4) Maksim Cara

Maksim cara atawa maksim ‘pelaksanaan’ dina basa Inggris disebut *maxim of manner* mangrupa maksim nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur kudu langsung, teu samara tawa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran (ambigu) jeung teu kaleuleuwihi. Kapanggih aya 26 polah ucap humoris ngeunaan maksim cara tina 60 data wacana humoris nu ditalungtik. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan maksim cara kalawan jéntré pikeun meunang gambaranana.

**Péso Seukeut**

- Agén : “Assamalualaikum”  
 Ibu : “Waalaiikumsalam”  
 Agén : “Ngiringan calik nya bu”  
 Ibu : “Mangga”  
 (07) Agén : “Ibu punten bade ngawagel sakedap”  
 Ibu : “Manga-mamga sok wé”  
 Agén : “Abi ti agen parabotan rumah tangga bade nawisan péso”  
 Ibu : “Péso naon néng?”  
 Agén : “Péso modél baru ibu, modélna ogé saraé seueur pilihana aya nu modél gagangna béngkok kawas parawan nyeri cangkéng

- aya nu pananganana hipu awas nyepengan jabatan pokona seueur bu modélna bilih badé ieu aya katalogna”
- Ibu : “Ah moal néng gaduh kénéh itu peso mah”
- Agén : “Atuh nya wios ibu kanggé koléksi”
- Ibu : “Ah ibu mah moal seueur-seueur koléksi, ngoléksi mantan gé tos cekap”
- Agén : “Ibu, ieu mah pésona ogé saé bahkan ieu mah peso pang seukeutna”
- Ibu : “Nawarkeun barangmah sawajarna wé néng ulah di lebih-lebihkeun”
- Agén : “Ih ari ibu abimah teu ngawadul ieu mah fakta, ieu péso téh péso pang seukeutna”
- Ibu : “Teu percaya ibu mah”
- Agén : “Naha?”
- Ibu : “Da anu pangseukeutna mah sanés péso”
- Agén : “Naon atuh?”
- Ibu : “*Sungut jelema!*”

(PS/V7/030223)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim cara ébréh dina omongan tokoh Ibu nu “*Sungut jelema!*” lantaran omongan dikedalkeun langsung, teu samar, jeung teu kaleuleuwihi sabab sungut jelema mah leuwih seukeut tibatan peso, tapi ieu hal bisa nyieun seuri leutik.

#### *Story of Juring : Semasa Hirup*

- Jurig 1 : “Ceuh, euceu bosen teu sih jadi jurig?”
- Jurig 2 : “Bosen sih henteu ngan sok geregeteun ka jelema nu masih hirup”
- Jurig 1 : “Naha? Kunaon?”
- Jurig 2 : “Éta wé sok karedul kana ibadah, euceu gé harita keur hirup kénéh terlalu sibuk néangan duit basa keur ibadah gé loba kaluar tah kaduhungna mah ayeuna, banda nu sakitu lobana hiji gé euweuh nu dibawa maot”
- Jurig 1 : “Heueuh saenyana da ceu ari geus kieu mah kur mawa amal soléh”
- Jurig 2 : “Euceu mah saméméh maot meuli heula lampu anu harga puluhan juta keur di imah, tapi ari geus maot mah éta lampu nu puluhan juta téh teu bisa nyaangan di alam kubur ari nu bisa nyaangan di alam kubur mah euweuh lian ti solat urang”
- Jurig 1 : “Pantesan di jero kubur euceu mah meni paroék”
- Jurig 2 : “Da solatna kur tibang magrib jeung lohor”
- Jurig 1 : “Pantesan atuh meni harieum kitu, ari abi mah ceu kahirupan saméméh maot téh nya bisa dibilang keur genah-genahna hirup”
- Jurig 2 : “Na kumaha kitu?”
- Jurig 1 : “Abi mah ceu meunangkeun pagawéan anu teu ripuh, gajihna gedé, dununganana bageur bahkan ari kudu dibéjakeun mah ceu abi téh karyawan hiji-hijina nu dipikanyaah ku dunungan”
- Jurig 2 : “Terus?”

- Jurig 1 : “Gawé karék tilu bulan éta gaji geus ditaékeun tilu kali lipat encan bonusna éta téh saminggu sakali katempo wéh gawé siga nu haroréam sok dititah peré tapi tetep dibayar peré saminggu ogé”
- Jurig 2 : “Na batur teu saririkeun éta?”
- Jurig 1 : “Nya saririkeun atuh ngan ah abi mah teu paliré komo pas terahir nya abimah dipagmeulikeun mobil ku dunungan keur mangkat gawé cenah, pokonamah ceu pagawéan abi mah istuning genah”
- Jurig 2 : “Terus harita euceu maotna kunaon?”
- Jurig 1 : “Disulurkeun”

(SJSH/V10/110223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, maksim cara ébréh dina omongan tokoh Jurig 1 nu “*Disulurkeun*” lantaran omonganana teu samar, langsung, jeung teu kaleuleuwihi. Tokoh Jurig 1 salila gawé keur hirupna genah tapi lain saenyana genah padahal keur disulurkeun atawa jadi tumbal. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran omonganana nu teu disangka-sangka.

#### **Hayang Beunghar**

- Euceu : “Ieu lin ceu tangkalna?”
- Marimar : “Heueuh ieu, sok geura tuna sasajénna”
- Euceu : “Terus kumaha ceu?”
- Marimar : “Heueuh sok langsung barang pénta naon anu dipikahayang ku euceu”
- Euceu : “Maké kata sambutan tong?”
- (20) Marimar : “Teu kudu kohar! Langsung wé!”
- Euceu : “Punten kanu ngeugeuh didieu pamaksadan abdi téh hoyong beunghar wé kitu”
- Marimar : “Hoyong dipasih anu milik rezeki wé nu pasti”
- Euceu : “Enya hoyong beunghar pokonamah ngeus bosen hirup balangsak kieu téh”
- Jurig 1 : “Tuh tempo jelema nu hayang beunghar”
- Jurig 2 : “Hayang beunghar mah lain ménta kana tangkal, usaha bebel!”

(HB/V20/250323)

Dina data wacana humoris di luhur, maksim cara ébréh dina omongan tokoh jurig 2 nu “*Hayang beunghar mah lain ménta kana tangkal, usaha bebel!*” lantaran omongan tokoh jurig 2 dikedalkeun kalawan langsung, runtut, teu kabur, teu samar, jeung teu kaleuleuwihi yén lamun urang hayang beunghar tangtuna urang kudu usaha lain karah ménta kana tangkal, ieu hal ogé matak pikaseurieun ditambahan aya jurig nu ngomongkeun jalma hirup.

### Rarudet

- Euceu : “Ceu karokéan yu ah”  
 Marimar : “Mung ah horéam”  
 Euceu : “Hayu atuh”  
 Marimar : “Mung ah horéam keur rarudet kieu boro-boro hayang karoké”  
 Euceu : “Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet”  
 Marimar : “Rudet mikiran percintaan, sigana abimah jeung kabogoh nu ayeuna bakal putus “  
 Euceu : “Étah geus putus deui waé hsyoh wé euceu mah bobogihan téh geus siga sinétron loba enggeusanana”  
 Marimar : “Ari enggeus kumaha deui? Daripada rudet”  
 (48) Euceu : “Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?”  
 Marimar : “Kesel ceu keluargana sok ikut campur waé”  
 Euceu : “Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluargana”  
 Marimar : “Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun”  
 Euceu : “Atuhnya lalaunan deukeutanana”  
 Marimar : “Ah anger moal bisa”  
 Euceu : “Na saha kitu keluargana téh?”  
 Marimar : “Pamajikanana”

(RT/V48/211023)

Dumasar data wacana humoris di luhur, nu nuduhkeun ayana maksim cara nyaéta lebah omongan tokoh Marimar nu “*Pamajikanana*” lantaran omonganana langsung, teu samar jeung teu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran (ambigu). Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh Marimar nu rudet mikiran kabogohna sabab salila bobogohan keluarga kabogohna sok pipilueun waé, rék kumaha teu pipilueun da nu jadi kabogoh tokoh Marimar geus boga pamajikan, lebah dieu nuduhkeun yén nu disebut keluarga nu sok pipilueun ku tokoh Marimar téh pamajikanana.

### Bijak Dina Milih

- Marimar : “Ceu sakeudeung deui usum pemilu”  
 Euceu : “Heueuh euceu ék milih saha engké caleg?”  
 Marimar : “Abimah rék milih Haji Kohar”  
 Euceu : “Naha?”  
 Marimar : “Béjanamah cenah rék ngabagi béas jeung sembako”  
 Euceu : “Jadi milih Haji Kohar téh ku dibéré béas nyah?”  
 (54) Marimar : “Nya heueuh atuh, mana nu loba barang béré éta nu dipilih komo lamun méré béas mah soalna abi peduli kana beuteung”  
 Euceu : “Ari kitu carana mah berati euceu kur peduli kana beuteung hungkul teu peduli kana kamajuan bangsa mah”  
 Marimar : “Na kumaha kitu?”  
 Euceu : “Yeuh ceu ari milih calég kudu nu bener jeung puguh ulah asal-asalan urang téh kudu apal visi misina naon, ideu jeung gagasan naon waé dalam membangun bangsa téh pokonamah

- urang kudu nyaho program kerja manéhna téh naon waé lamun misalna engké kapilih jadi pejabat téh”
- Marimar : “Oh heueuh nya”
- Euceu : “Nya heueuh atuh matak lamun aya oknum pejabat pilihan urang anu teu eucréug gawéna, urang ulah komplén sabab urang sorangan nu teu seléktif dina milihna asal-asalan beunang kasogok ku béas”
- Marimar : “Ah ari kitumah ék milih Asep Burayut wé ah nu masih ngora kénéh”
- Euceu : “Émang naon waé visi misi jeung program kerja na?”
- Marimar : “Teuing can apal”
- Euceu : “Hor terus alesana naon atuh make milih si éta?”
- Marimar : “*Kasép*”

(BDM/V54/031223)

Dina data wacana humoris di luhur, nu nuduhkeun maksim cara nyaéta omongan tokoh Marimar nu “*Kasép*” lantaran omonganana nu langsung, runtut, teu kabur, teu samar, jeung teu kaleuleuwihi. Ieu hal unsur humorna muncul nalika ditanya ku tokoh Euceu “*Hor terus alesana naon atuh maké milih si éta?*” tokoh Marimar ngan ngajawab sabab Asep Burayut kasép.

#### 4.1.3 Fungsi Polah Ucap Humoris

Fungsi dina polah ucap bisa jadi ciri pagawéan nu keur dilakukeun, ieu fungsi dibagi jadi opat nyaéta komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif. Dumasar data wacana humoris nu dianalisis, kapaluruh sakabéh fungsi polah ucap humorisna. Dipedar kalawan jéntré unggal fungsina, au ditataan saperti ieu di handap.

##### 4.1.3.1 Fungsi Komisif dina polah Ucap Humoris

Fungsi komisif, nyaéta polah ucap anu gunana pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pananya. Fungsi komisif biasana miharep réson nu mangrupa jawaban. Wujud pragmatis komisif bisa Nyoko kana rupa-rupa ma’na diantaranya (1) ngawawarkeun, (2) nitah, (3) ngajak, (4) meredih, (5) ngahulag, jeung (6) ngantebkeun. Tina 60 data nu dianalisis kapanggih aya 27 polah ucap humoris ngeunaan fungsi komisif. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan fungsi komisif kalawan jéntré pikeun meunang gambaranana.

##### Péso Seukeut

- (07) Agén : “Assamalualaikum”  
 Ibu : “Waalaiikumsalam”  
 Agén : “Ngiringan calik nya bu”

- Ibu : “Mangga”  
 Agén : “Ibu punten bade ngawagel sakedap”  
 Ibu : “Manga-mamga sok wé”  
 Agén : “*Abi ti agen parabotan rumah tangga bade nawisan péso*”  
 Ibu : “Péso naon néng?”  
 Agén : “*Péso modél baru ibu, modélna ogé saraé seueur pilihan aya nu modél gagangna béngkok kawas parawan nyeri cangkéng aya nu pananganana hipu awas nyepengan jabatan pokona seueur bu modélna bilih badé ieu aya katalogna*”  
 Ibu : “Ah moal néng gaduh kénéh itu peso mah”  
 Agén : “*Atuh nya wios ibu kanggé koléksi*”  
 Ibu : “Ah ibu mah moal seueur-seueur koléksi, ngoléksi mantan gé tos cekap”  
 Agén : “Ibu, ieu mah pésona ogé saé bahkan ieu mah peso pang seukeutna”  
 Ibu : “Nawarkeun barangmah sawajarna wé néng ulah di lebih-lebihkeun”  
 Agén : “Ih ari ibu abimah teu ngawadul ieu mah fakta, ieu péso téh péso pang seukeutna”  
 Ibu : “Teu percaya ibu mah”  
 Agén : “Naha?”  
 Ibu : “Da anu pangseueuna mah sanés péso”  
 Agén : “Naon atuh?”  
 Ibu : “Sungut jelema!”

(PS/V7/030223)

Dina data wacana humoris di luhur, fungsi komisif ébréh dina omongan tokoh Agén nu “*Abi ti agen parabotan rumah tangga badé nawisan péso*” lantaran omonganana ngedalkeun tawaran nyaéta nawaran péso ka tokoh Marimar. Lian ti éta, omongan tokoh Agén nu “*Péso modél baru ibu, modélna ogé saraé seueur pilihan aya nu modél gagangna béngkok kawas parawan nyeri cangkéng aya nu pananganana hipu awas nyepengan jabatan pokona seueur bu modélna bilih badé ieu aya katalogna*” asup kana fungsi komisif lantaran eusina lian ti ngedalkeun tawaran tapi ogé ngawawarkeun hiji hal. Jaba ti kitu, éta wacana ngandung humor nu matak pikaseurieun lantaran tokoh Agén nawarkeun péso bari ngagambarkeun bentuk gagangna.

### Cung

- (25) Budak : “*Ma, ari duit lebaran urang tingal sabaraha deui?*”  
 Ema : “Gusti nu agung éta kana duit meni talété”  
 Budak : “Hayang nyaho wé atuh tingal sabaraha deui duitna”  
 Ema : “Nyebutkeun tingal sabaraha, duit manéh mah ngeus béak”  
 Budak : “*Naha maké ngeus béak deui Ema?, da rarasaan mah asa tara dibalanjakeun*”  
 Ema : “Terus éta daang jeung jajan manéh sapopoé timana atuh?”

- Budak : “Naha maké duit urang anu dipaké Ema? Pan ceuk Ema gé dipihapékeun ka Ema gé rék diteundeun”  
 Ema : “Maneh mah kitu, jajan we hantem ari duit kudu weuteuh”  
 Budak : “Nyaho kieu teu hayang mihapékeun duit ka Ema”  
 (budakna indit)  
 Ema : “Sabaraha deui nya, éh aya keur meuli baso”  
 (CG/V25/090523)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh budak nu “*Ma, ari duit lebaran urang tingal sabaraha deui?*”, jeung “*Naha maké ngeus béak deui Ema? da rarasaan mah asa tara dibalanjakeun*” kaasup kana fungsi komisif lantaran eusi omonganana mangrupa pananya jeung ngawawarkeun hiji hal, lebah dieu tokoh budak nanyakeun duit manéhanana nu dititipkeun ka tokoh Ema. Unsur humorna muncul sabab tokoh Ema ngabohong ka budakna yén duit nu dititipkeun téh geus béak padahal masih kénéh aya jeung rék dibeulikeun kana baso.

#### Taat Lalu Lintas

- Euceu : “Ngingjeum motor ceu, ék indit heula ah kaditu”  
 Marimar : “Rék kamana kitu?”  
 Euceu : “Rék ulin ah ék aya perlu ka si Enur”  
 Marimar : “*Na moal solat heula? Sakitu geus adan ogé*”  
 Euceu : “Gampang lah solat mah”  
 Marimar : “Ulah sok diengké-engké ari solat mah komo ari tika teu dilakonan mah dosa!”  
 Euceu : “Heueuh lah!”  
 Marimar : “*Ulah lalawora! Ningalkeun solat mah dosa na gedé pisan! Na teu sieun? Ulah dibiasakeun ningalkeun solat pamali!*”  
 Euceu : “Heueuh lah buru atuh mana konci motorna?”  
 Marimar : “Yeuh”  
 (31) Euceu : “Ah sakalian ceu ngingjeum helm na”  
 Marimar : “Tidieu kadinya gé meni sagala maké hélm”  
 Euceu : “Éh lain kitu, sebagai pengendara yang baik harus mentaati tata tertib lau lintas”  
 Marimar : “Heueuh ari tata tertib lalu lintas mah di taati ari kana paréntah gusti Alloh teu taat”  
 (Si euceu idnit bari mikiran omongan Marimar tuluy balik deui)  
 Marimar : “Naha maké balik deui? Ék solat heula?”  
 Euceu : “Heueuh”  
 Marimar : “Tah kitu atuh”  
 Euceu : “Yeuh koncina, moal jadi”  
 Marimar : “Naha?”  
 Euceu : “Motorna gé euweuh bingsinan”  
 (TLL/V31/110623)

Fungsi komisif dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Na moal solat heula? Sakitu geus adan ogé*”, jeung “*Ulah lalawora!*”

Dede Farhan Mubarak, 2024

ANALISIS WACANA HUMORIS DINA KONTÉN REELS AKUN INSTAGRAM @uc\_\_\_\_i (ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Ningalkeun solat mah dosa na gedé pisan! Na teu sieun? Ulah dibiasakeun ningalkeun solat pamali!*” lantaran omonganana nuduhkeun ayana pananya, ngawarkeun hiji hal ogé pikeun nitah hiji hal. Lebah dieu omongan tokoh Marimar nanya sakaligus nitah tokoh Euceu solat jeung ulah ninggalkeun solat saméméh indit. Unsur humorna muncul lebah tokoh Euceu nu mikiran omongan tokoh Marimar tuluy balik deui mikeun konci motor, tokoh Marimar nyangka tokoh Euceu balik deui téh rék solat padahal lain ngan saukur rék solat tapi motorna euweuh bengsinan.

### Bau Hitut

- (45) Euceu : “Éh bau hitut ih”  
 Marimar : “Ah teuing teu hitut”  
 Euceu : “Tapi ning kaambeuna tidinya”  
 Marimar : “Ah teuing atuh da teu ngarasa hitut”  
 Euceu : “Lamun lain euceu saha deui atuh? Da urang mah teu hitut”  
 Marimar : “Nya teuing atuh, jurig meureun”  
 Jurig : “Nya da ka aing wé nudingna téh. Aing mah boro-boro bisa hitut, hayang nyaneut boléd gé teu bisa”

(BH/V45/050923)

Dumasar data wacana humoris di luhur, fungsi komisif ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Lamun lain euceu saha deui atuh? Da urang mah teu hitut*” lantaran omongana mangrupa pananya nu kaasup salah sahiji ciri fungsi komisif. Nu matak pikaseurieun dina ieu data wacana humoris nyaéta lebah tokoh jurig nu ambek gara-gara dituduh ku tokoh Marimar nu teu ngaku hitut tuluy nuduh jurig nu hitutna.

### Cita-cita

- (49) Ema : “De, manéh sok ditanya tara ku guru? Cita-cita hayang jadi naon?”  
 Budak : “Osok, asa kamari nanyakeun téh”  
 Ema : “Terus manéh ngajawab naon?”  
 Budak : “Teu ngajawab nanaon”  
 Ema : “Hor na cita-cita manéh hayang jadi naon?”  
 Budak : “Ah teu hayang jadi nanaon ma”  
 Ema : “Ari teu hayang jadi nanaon mah meunggeus wé atuh tong sakola, milu ngarambét jeung mamang manéh”  
 Budak : “Hor ema mah kitu”  
 Ema : “Ari enggeus keur naon sakola teu hayang jadi nanaon mah?! Ngajedog wé di imah!”  
 Budak : “Atuhda bu guru ngomongna kitu”  
 Ema : “Na ngomong naon guru?”

- Budak : “Heueuh cenah gantungan cita-citamu setinggi bintang di langit”  
 Ema : “Yeuh éta téh motivasi sangkan manéh gableg cita-cita anu luhur, teu salah bu guru mah”  
 Budak : “Nyaéta embung ema luhur-luhur teuing téh”  
 Ema : “Naha?”  
 Budak : “Sieun labuh”

(CC/V49/251023)

Fungsi komisif dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*De, manéh sok ditanya tara ku guru? Cita-cita hayang jadi naon?*” lantaran eusi omonganana nuduhkeun ayana ciri komisif nyaéta omongan nu mangrupa pananya. Lian ti éta, omongan tokoh Ema nu “*Ari enggeus keur naon sakola teu hayang jadi nanaon mah?! Ngajedog wé di imah!*” ogé kaasup kana fungsi komisif lantaran eusi omonganana mangrupa pananya jeung ngawawarkeun hiji hal. Unsur humor muncul nu ngalantarankeun tokoh budak teu hayang boga cita-cita luhur téh sabab sieun labuh padahal ma’na nu sabanerna tina cita-cita nu luhur téh urang kudu boga cita-cita nu hadé.

#### 4.1.3.2 Fungsi Impositif dina Polah Ucap Humoris

Fungsi impositif, nyaéta polah ucap anu gunana pikeun ngedalkeun paréntah. Wujud pragmatis impositif Nyoko kana rupa-rupa ma’na diantaranya (1) nitah, (2) ménta, (3) ngadesek. (4) miharep, (5) nyaré, (6) ngajak, (7) ngageuri, (8) ngajurung, jeung (9) ngawawadian. Kapanggih aya 92 data ngeunaan fungsi impositif tina 60 data wacana humoris nu ditalungtik. Di handap dipedar kalawan jéntré hasil analisis ngeunaan fungsi impositif sangkan meunang gambaranana.

##### Nasihat Ti Marimar

- (04) Marimar : “*Ulah daék bobogohan jeung jelema nu tara solat*”  
 Euceu : “Naha?”  
 Marimar : “Solat gé geus wani ditinggalkeun komo deui manéh!”

(NTM/V4/130123)

Omongan tokoh Marimar dina data wacana humoris di luhur nu “*Ulah daék bobogohan jeung jelema nu tara solat*” mangrupa fungsi impositif lantaran eusi omonganana nuduhkeun ciri fungsi impositif nyaéta paréntah, lian ti éta

omonganana ogé pikeun nyarék. Omongan tokoh Marimar nu “*Solat gé geus wani ditinggalkeun komo deui manéh!*” jadi hal nu pikaseurieun.

**Hésé Mayar Hutang**

- (09) Euceu : “Kesel da ka ceu Titin ngan hayoh wé datang ka imah”  
 Marimar : “Na érék naon?”  
 Euceu : “Rék nginyeum duit”  
 Marimar : “*Ih tong daék siah méré nginyeum*”  
 Euceu : “Naha?”  
 Marimar : “Sok hararésé mayarna”  
 Euceu : “Oh kitu nyah? Ih sukur atuh can dibéré nginyeum ku urang”  
 Marimar : “Heueuh entong sia téh ari waktuna ditagih sok ngaleungit siga jurig”  
 Jurig : “Ih punten nya abi mah tara ngaleungit ari ditagih hutang, bahkan lamun kumpulan bank émok gé sok pangheulana datang”

(HMH/V9/090223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, fungsi impositif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ih tong daék siah méré nginyeum*” lantaran eusi omonganana mangrupa paréntah jeung nyarék sangkan tokoh Euceu teu nginjeumkeun duit ka Ceu Titin. Nu matak pikaseurieun muncul lebah tokoh Marimar nyaruakeun Ceu Titin jeung jurig lamun geus dibéré nginjeum duit sok ngaleungit.

**POV: Hari Pertama Puasa**

- (14) Euceu : “Astagfirulloh, euceu teu puasa?”  
 Marimar : “Éh!”  
 Euceu : “Emh”  
 Marimar : “Ih sia mah!”  
 Euceu : “Naon?”  
 Marimar : “*Cik ari ngélingan téh engké lamun aing geus seubeuh!*”

(PHPP/V14/070323)

Dina data wacana humoris di luhur, fungsi impositif ébréh dina omongan tokoh marimar nu “*Cik ari ngélingan téh engké lamun aing geus seubeuh!*” lantaran omonganana mangrupa panréntah atawa nitah, ieu hal mangrupa salah sahiji ciri fungsi impositif. Kitu deui ieu omongan tokoh Marimar ngandung unsur humor nu matak pikaseurieun sabab Marimar nitah ngélingan yén keur puasana engké lamun manéhanana geus seubeuh.

### Babanda

- (32) Euceu : “*Ceu tempo tuh tatangga asa mineng balanjana téh, kamari asa anyar kénéh meuli kulkas jeung lomari yaeuna geus siga meuli méja makan jeung lomari tv tuh*”
- Marimar : “Atuh kenbaé da duitna ieu”
- Euceu : “Ih lain kitu éta wé manguyuhan sakitu imah leutik gé ngan hayoh wé meulian barang asa ku mangheurinkeun aingmah”
- Marimar : “*Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké*”

(BD/V32/150623)

Dumasar data di luhur, fungsi impositif muncul lebah omongan tokoh Euceu nu “*Ceu tempo tuh tatangga asa mineng balanjana téh, kamari asa anyar kénéh meuli kulkas jeung lomari yaeuna geus siga meuli méja makan jeung lomari tv tuh*” lantaran eusina mangrupa paréntah atawa nitah. Lian ti éta nu kaasup fungsi impositif aya dina omongan tokoh Marimar nu “*Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké*” lantaran eusina salian ti nitah tapi ogé nyarékan sangkan tokoh Euceu ulah sirik ka batur. Unsur humorna muncul sabab anu tadina tokoh Euceu ngageunggeureuhkeun tatanggana nu barang beuli parabotan karah di poyok ku tokoh Marimar.

### Leuwih Serem ti Jurig

- (40) Budak : “Keur naon ma?”
- Ema : “Ieu tadi peuting ema ngarékam pidio”
- Budak : “Terus?”
- Ema : “Pék téh dina pidiona aya kadéngé sora meni sieun téh”
- Budak : “Sora naon ieu téh?”
- Ema : “*Yeuh déngékeun ku manéh!*”  
(Sora haharéwosan)
- Budak : “Ah kur tibang sora nu kieu ema mah kuat nepika sieun”
- Ema : “*Éh déngékeun heula tika anggeus*”  
(sora haharéwosan tuluy “nginjeum heula duit saratus isukan digantian”)

(LSJ/V40/170823)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Yeuh déngékeun ku manéh!*”, jeung “*Éh déngékeun heula tika anggeus*” asup kana fungsi impositif lantaran eusi oonganana mangrupa paréntah keur ngadéngékeun

sora nu aya dina rékaman video. Unsur humorana dina lebah budakna ngadangukeun rékaman video anu aya sora haharéwosan ngan dina tungtung video aya sora nginjeum duit 100 rébu nu matak nyeiun seuri leutik lantaran tokoh Ema sieun ku sora éta.

#### 4.1.3.3 Fungsi Éksprésif dina Polah Ucapan Humoris

Fungsi éksprésif, nyaéta polah ucapan anu gunana pikeun kedaling haté atawa sora bituna rasa, jeung ngébréhkeun sikep kana kaayaan. Wujud pragmatis ékspresif nyoko kana rupa-rupa ma'na diantarana (1) nyarékan, (2) ngawilujengkeun, (3) cumeluk, (4) kagét/reuwas, (5) tumamprak, (6) karumusaan, (7) bungah, (8) kanyeri, (9) mupuas, (10) geuluh, jeung (11) keuheul. Kapanggih aya 54 polah ucapan humoris ngeunaan fungsi éksprésif tina 60 data wacana humoris nu ditalungtik. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan fungsi éksprésif kalawa jéntré sangkan meunang gambaranana.

##### Marimar Gaduh Buah Balingbing

- (01) Euceu : “Éyy boga balingbing”  
 Marimar : “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!”  
 Euceu : “Na ari éta naon atuh?”  
 Marimar : “Kacang”  
 (padahal buah nangka)

(MGBB/V1/050123)

Dina data wacana humoris di luhur, fungsi éksprésif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!” lantaran omonganana muncul rasa keuheul jeung ambek nu kaluar nalika tokoh Euceu nyebutkeun buah nu keur di dahar ku tokoh Marimar téh buah balingbing. Hal nu matak pikaseurieun muncul lebah jawaban tokoh Marimar nu disangka bakal nyebutkeun ngaran buah nu bener tapi karah saruana nyebutkeun ngaran buah nu salah, nu sakuduna nyebutkeun nangka karah nyebut kacang.

##### Hésé Mayar Hutang

- (09) Euceu : “Kesel da ka ceu Titin ngan hayoh wé datang ka imah”  
 Marimar : “Na érék naon?”  
 Euceu : “Rék nginyeum duit”  
 Marimar : “Ih tong daék siah méré nginyeum”  
 Euceu : “Naha?”

- Marimar : “Sok hararésé mayarna”  
 Euceu : “Oh kitu nyah? Ih sukur atuh can dibéré nginyeum ku urang”  
 Marimar : “Heueuh entong sia téh ari waktuna ditagih sok ngaleungit siga jurig”  
 Jurig : “Ih punten nya abi mah tara ngaleungit ari ditagih hutang, bahkan lamun kumpulan bank émok gé sok pangheulana datang”

(HMH/V9/090223)

Dina data wacana humoris di luhur, fungsi ékspresif ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Kesel da ka ceu Titin ngan hayoh wé datang ka imah*” lantaran omonganana nuduhkeun ayana rasa keuheul ka Ceu Titin nu dating waé ka imahna rék nginjeum duit. Unsur humorna muncul nalika tokoh Marimar nyaruakeun Ceu Titin jeung jurig lamun geus dibéré nginjeum duit sok ngaleungit.

#### Mihapé Popoéan

- Euceu : “Ceu mihapé popoéan nya bisi hujan, abi rék ka warung sakeudeung”  
 Marimar : “Heueuh heug”  
 (teu lila tidinya)  
 Marimar : “Duh asa hayang ngising euy, ngising heula ah”  
 (Marimar nempo aya bangsat nyokot popoéan)  
 (16) Marimar : “Ah genah euy. Heh! Keur naon éta?”  
 Bangsat : “Euh, abi nuju ngabagsat”  
 Marimar : “Oh”  
 (Euceu balik ti warung)  
 Euceu : “*Hah! Ceu ari popoéan abi kamarana?*”  
 Marimar : “Euweuh bieu aya nu ngabagsat”  
 Euceu : “*Hor ari euceu! Kumaha sih kapihapéan téh!*”  
 Marimar : “Pan mihapékeun na ogé bisi kahujanan lain bisi kabangsatan”

(MP/V16/150323)

Dumasar data di luhur, omongan tokoh Euceu nu “*Hah! Ceu ari popoéan abi kamarana?*” mangrupa fungsi ékspresif lantaran nuduhkeun ayana rasa reuwas sabab popoéan nu dititipkeun areuweuh. Lian ti éta, omongan tokoh Euceu nu “*Hor ari euceu! Kumaha sih kapihapéan téh!*” ogé asup kana fungsi ékspresif lantaran omonganana mangrupa kedaling haté keuheul jeung aya rasa héran kana kaayaan. Unsur humorna muncul lebah jawaban tokoh Marimar nu “*Pan mihapékeun na ogé bisi kahujanan lain bisi kabangsatan*” nu nuduhkeun rasa teu salah nempo popoéan tokoh Euceu nu dibangsat ku batur.

### Cung

- Budak : “Ma, ari duit lebaran urang tingal sabaraha deui?”  
 Ema : “*Gusti nu agung éta kana duit meni talété*”  
 Budak : “Hayang nyaho wé atuh tingal sabaraha deui duitna”  
 Ema : “Nyebutkeun tingal sabaraha, duit manéh mah ngeus béak”  
 Budak : “*Naha maké ngeus béak deui Ema, da rarasaan mah asa tara dibalanjakeun*”  
 (25) Ema : “Terus éta daang jeung jajan manéh sapopoé timana atuh?”  
 Budak : “Naha maké duit urang anu dipaké Ema? Pan ceuk Ema gé dipihapékeun ka Ema gé rék diteundeun”  
 Ema : “Maneh mah kitu, jajan we hantem ari duit kudu weuteuh”  
 Budak : “*Nyaho kieu teu hayang mihapékeun duit ka Ema*”  
 (budakna indit)  
 Ema : “Sabaraha deui nya, éh aya keur meuli baso”  
 (CG/V25/090523)

Fungsi éksprésif dina data wacana humoris di luhur aya dina omongan tokoh Ema nu “*Gusti nu agung éta kana duit meni talété*” lantaran eusi omonganana nuduhkeun rasa keuheul sabab budakna nanyakeun waé duit nu dititipkeun. Lian ti éta, omongan tokoh budak nu “*Naha maké ngeus béak deui Ema, da rarasaan mah asa tara dibalanjakeun*”, jeung “*Nyaho kieu teu hayang mihapékeun duit ka Ema*” asup kana fungsi éksprésif lantaran nuduhkeun rasa héran, ambek, keuheul, jeung hanjakal ngeus nitipkeun duit ka Ema. Unsur humorna muncul lebah tokoh Ema ngabohong duit nu dititipkeun téh geus béak padahal masih kénéh aya jeung rék dibeulikeun kana baso.

### Hayang Skincare

- Budak : “Ma, hayang meuli skincare”  
 Ema : “Ah skinkar-skinkér”  
 Budak : “Buru atuh ma pan kudu dirawat beungeut téh”  
 Ema : “Ah kos artis wé dirawat”  
 Budak : “Éh pan méh glow up ema méh geulis ari geulis mah moal hésé néangan jodo ogé”  
 (39) Ema : “Ema gé baheula tara maké skinkar-skinkér tapi ning alhamdulillah laku ogé ari aya nu ngajak kawin mah”  
 Budak : “Ék teu dikawinkeun kumaha da ema mah reuneuh tiheula”  
 Ema : “*Nyaho tisaha sia?!*”  
 (Lumpat bari mawa sapu)  
 (HS/V39/010823)

Omongan tokoh Ema dina data wacana humoris di luhur nu “*Nyaho tisaha sia?!*” mangrupa fungsi éksprésif lantaran nuduhkeun rasa reuwas jeung ambek budakna nyaho Ema baheula kawin téh sabab reuneuh tiheula, anu sacara teu

langsung tokoh budak jadi anak hasil reuneuh tiheula. Ieu hal ogé jadi nu matak pikaseurieun.

#### 4.1.3.4 Fungsi Asértif dina Polah Ucapan Humoris

Fungsi asértif mangrupa polah ucapan anu gunana pikeun ngedalkeun bebeneran informasi. Kapanggih aya 38 polah ucapan humoris ngeunaan fungsi asértif tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Hasil analisisna baris dipedar di handap kalawanjéntré sangkan meunang gambaranana.

##### Mang Eman

- (02) Euceu : “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”
- Marimar : “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”
- Euceu : “Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanana ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung”
- Marimar : “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jadi jipen”
- Euceu : “Lain nya, kuantan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”
- Marimar : “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”
- Euceu : “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”
- Marimar : “Ah maenya”
- Euceu : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”
- Marimar : “Ih ulah atuh!”
- Euceu : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”
- Marimar : “Na teu karunya ka euceu?”
- Euceu : “Naha maké bet ka euceu?”
- Marimar : “*Pan jeung euceu bobogohanana*”

(ME/V2/090123)

Dina data wacana humoris di luhur, fungsi asértif ebréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Pan jeung euceu bobogohanana*” lantaran eusina ngedalkeun bebeneran informasi yén awéwé anu katingali ku tokoh Euceu paduduaan jeung Mang Eman téh nyaéta manéhna. Ieu hal ogé mangrupa unsur humor dina data wacana di luhur.

**THR**

- Budak* : “*Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR*”  
*Ema* : “Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah”  
*Budak* : “Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?”  
*Ema* : “Nya lain atuh, da urangmah unggal taun gé tara meunang”  
 (Ema balik ti luar)  
*Ema* : “Assalamualaikum”  
*Budak* : “Walaikumsalam, éh ma!”  
*Ema* : “Naon?”  
*Budak* : “Tadi aya nu ka imah nanyakeun ema”  
*Ema* : “Saha kitu?”  
 (23) *Budak* : “Teuing da cenah mah urut dunungan ema baheula”  
*Ema* : “Arék naon?”  
*Budak* : “Méré THR”  
*Ema* : “Tah geuning ari milik mah, mana THRna kadieukeun”  
*Budak* : “Euweuh dibikeun kanu ngamén tadi”  
*Ema* : “Ari sia na maké dibikeun kanu ngamén”  
*Budak* : “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*”  
*Ema* : “Kadieu siah”  
*Budak* : “Naon ema?”  
*Ema* : “Diteundeun di mana?”  
*Budak* : “Naon nu diteundeun?”  
*Ema* : “Otak manéh!”

(THR/V23/110423)

Fungsi asértif dina data wacana humoris di luhur nyaéta lebah omongan tokoh budak nu “*Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR*” lantaran omonganana ngedalkeun hal anu sabenerna yén lamun lebaran biasana sok meunang THR. Lian ti éta, omongan tokoh budak nu “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*” ogé asup kana fungsi asértif lantaran naon anu disebutkeun ku tokoh budak ogé bener disebutkeun ku tokoh Ema. Unsur humor muncul lantaran tokoh budak nu salah anggapan yén lamun meunang THR téh lain hakna jeung omongan tokoh Ema mangrupa réspon kana kalakuan budakna nu nanyakeun otak budakna diteundeun di mana.

**Diputuskeun Si Rohim**

- Ema* : “Kunaon ari manéh maké léwéh kitu?”  
*Budak* : “*Diputuskeun ku si Rohim*”  
*Ema* : “Si Rohim mana ieu téh?”  
 (26) *Budak* : “Éta nu kamari ulin ka imah geuning”  
*Ema* : “Nu mana nya?”  
*Budak* : “Ih Ema nu mana deui atuh da kabogoh urangmah ngan nu éta”  
*Ema* : “Anu indungna anyar jadi Randa lain?”  
*Budak* : “Heueuh éta”

*Ema* : “Ah siamah! Lalaki sésa korod kitu ogé mani diceungceurikan”  
*Budak* : “Atuhda bogoh Ema”  
*Ema* : “Na kunaon atuh maké bet bisa putus?”  
*Budak* : “Teuing atuh da ceunah mah titah indungna”  
*Ema* : “Indungna nitah putus?”  
*Budak* : “Heueuh”  
*Ema* : “Naha sagala ikut campur atuh kolot téh”  
*Budak* : “Majarna téh da percuma, urang jeung si Rohim mah moal bisa kawin”  
*Ema* : “Naha?”  
*Budak* : “Teuing atuh, ceunah mah urang téh bakal jadi dulur”  
*Ema* : “Ah dulur timana ieu téh? Asa teu katalian jadi dulur”  
*Budak* : “Pan si Bapa bobogohan jeung indungna”  
*Ema* : “Oh... Hah?”

(DPSR/V26/130523)

Dina data wacana humoris di luhur, kapaluruh yén aya fungsi asertif lebah “Diputuskeun ku si Rohim” jeung “Pan si Bapa bobogohan jeung indungna” lantaran omongan tokoh budak mangrupa bebeneran informasi tokoh budak ceurik téh diputuskeun si Rohim. Lian ti éta, bebeneran informasi nu ditepikeun ku tokoh budak ogé jadi hal nu pikaseurieun sabab nu ngalantarankeun putus jeung si Rohim téh indung si Rohim nyebutkeun yén tokoh budak jeung si Rohim bakal katalian jadi dulur nyaéta bapana bobogohan jeung indung si Rohim.

#### Nasihat ti Marimar

(46) *Marimar* : “Ari jadi awéwé ulah jiga buah manggah di tukang dagang”  
*Euceu* : “Naha?”  
*Marimar* : “Beunang diasaan saméméh dibeuli”

(NTM/V46/150923)

Nu kaasup kana fungsi asertif dina data wacana humoris di luhur nyaéta omongan tokoh Marimar nu “Beunang diasaan saméméh dibeuli” lantaran omonganana nepikeun bebeneran informasi yén buah manggah di tukang dagang beunang diasaan saméméh dibeuli. Ieu omongan ogé jadi hal nu pikaseurieun lantaran buah manggah di tukang dagang disaruakeun jeung awéwé.

#### Hag Siah Sarua Jiga Motor

(52) *Marimar* : “Jelema nu sok sirik kabatur mah, sarua jiga motor”  
*Euceu* : “Naon saruana?”  
*Marimar* : “Saruana kudu dipanasan! Hahaha”

(HSJM/V52/231123)

Dumasar data wacana humoris diluhur, fungsi asértif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Saruana kudu dipanasan! Hahaha*” lantaran eusina nepikeun bebeneran informasi yén motor kudu dipanasan kitu ogé jalma nu sok sirik ka batur kudu dipanasan. Ieu hal ogé mangrupa humor nu matak seuri leutik.

#### 4.1.4 Daya Humoris

Wacana humor nyoko kana kakuatan wacana atawa tulisan basa Sunda nu matak seuri, banyol, jeung kalucuan. Daya humor raket patalina jeung métafora, nu ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjén nu matak pikaseurieun. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis, aya 9 daya humoris nu kapanggih nyaéta (1) métafora réalistik; (2) métafora déskriptif; (3) métafora similitif; (4) métafora kontrasitif; (5) métafora interprétatif; (6) métafora sininomi; (7) métafora asimilasi; (8) métafora pasalia; jeung (9) métafora nyimpang. Dipedar sacara jéntré anu ditataan saperti ieu di handap.

##### 4.1.4.1 Métafora Réalistis

Métafora réalistik nyaéta daya humoris anu kasang tukangna mangrupa réalita nu keur diomongkeun. Kapanggih aya 15 data ngeunaan métafora réalistik tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap baris dipedar kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

##### *Story of Juring : Semasa Hirup*

- Jurig 1 : “Ceu, euceu bosen teu sih jadi jurig?”  
 Jurig 2 : “Bosen sih henteu ngan sok geregeteun ka jelema nu masih hirup”  
 Jurig 1 : “Naha? Kunaon?”  
 Jurig 2 : “*Éta wé sok karedul kana ibadah, euceu gé harita keur hirup kénéh terlalu sibuk néangan duit basa keur ibadah gé loba kaluar tah kaduhungna mah ayeuna, banda nu sakitu lobana hiji gé euweuh nu dibawa maot*”  
 (10) Jurig 1 : “Heueuh saenyana da ceu ari geus kieu mah kur mawa amal soléh”  
 Jurig 2 : “*Euceu mah saméméh maot meuli heula lampu anu hargana puluhan juta keur di imah, tapi ari geus maot mah éta lampu nu puluhan juta téh teu bisa nyaangan di alam kubur ari nu bisa nyaangan di alam kubur mah euweuh lian ti solat urang*”  
 Jurig 1 : “Pantesan di jero kubur euceu mah meni paroék”  
 Jurig 2 : “Da solatna kur tibang magrib jeung lohor”

- Jurig 1 : “Pantesan atuh meni harieum kitu, ari abi mah ceu kahirupan saméméh maot téh nya bisa dibilang keur genah-genahna hirup”  
 Jurig 2 : “Na kumaha kitu?”  
 Jurig 1 : “Abi mah ceu meunangkeun pagawéan anu teu ripuh, gajihna gedé, dununganana bageur bahkan ari kudu dibéjakeun mah ceu abi téh karyawan hiji-hijina nu dipikanyaah ku dunungan”  
 Jurig 2 : “Terus?”  
 Jurig 1 : “Gawé karék tilu bulan éta gaji geus ditaékeun tilu kali lipat encan bonusna éta téh saminggu sakali katempo wéh gawé siga nu haroréam sok dititah peré tapi tetep dibayar peré saminggu ogé”  
 Jurig 2 : “Na batur teu saririkeun éta?”  
 Jurig 1 : “Nya saririkeun atuh ngan ah abi mah teu paliré komo pas terahir nya abimah dipagmeulikeun mobil ku dunungan keur mangkat gawé cenah, pokonamah ceu pagawéan abi mah istuning genah”  
 Jurig 2 : “Terus harita euceu maotna kunaon?”  
 Jurig 1 : “Disulurkeun”

(SJSJ/V10/110223)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora réalistis ébréh dina omongan tokoh Jurig 2 nu “*Éta wé sok karedul kana ibadah, euceu gé harita keur hirup kénéh terlalu sibuk néangan duit basa keur ibadah gé loba kaluar tah kaduhungna mah ayeuna, banda nu sakitu lobana hiji gé euweuh nu dibawa maot*”, jeung “*Euceu mah saméméh maot meuli heula lampu anu hargana puluhan juta keur di imah, tapi ari geus maot mah éta lampu nu puluhan juta téh teu bisa nyaangan di alam kubur ari nu bisa nyaangan di alam kubur mah euweuh lian ti solat urang*” lantaran eusi omonganana dikasang tukang nu réalita nu keur diomongkeun. Tokoh Jurig 2 ngébréhkeun jawaban tina omongan tokoh Jurig 1 nu “*Naha? Kunaon?*” nu dikasang tukang nu “*Bosen sih henteu ngan sok geregeteun ka jelema nu masih hirup*”. Réson tokoh Jurig 1 nu “*Pantesan di jero kubur euceu mah meni paroék*” matak pikaseurieun lantaran anu ngaranna jero kuburan mah pasti poék, jeung pasti manéhna ogé jero kuburanana pasti poék.

#### **Skincare Marimar**

- (13) Euceu : “Ce, sabun sok béak sabaraha pikeun meuli *skincare*?”  
 Marimar : “Lumayan lah, mahi keur sadombaeun mah”  
 Euceu : “Alah geuning meni mahal”  
 Marimar : “Nya mahal atuh da keur beungeut lain keur bujur”  
 Euceu : “Emmh, tapi da aya cenah *skincare* keur bujur ogé”  
 Marimar : “Nya aya meureun, teuing da euceu mah tara maké, bujur euceu mah da mulus”  
 Euceu : “Lain ce, béjana ari *skincare* abal-abal mah cenah murah nya?”

*Marimar* : “*Murah ngan beungeut matak ruksak*”  
*Euceu* : “Wah? Maenya? Naha maké bisa kitu?”  
*Marimar* : “Heueuh da palsu atuh! Kumaha wé bobogohan, ari cinta jeung kanyaahna palsu mah hubungan gé matak ruksak”  
*Euceu* : “Heueuh nya, éh ceu nginyeum téplon lah”  
*Marimar* : “Keur naon?”  
*Euceu* : “Nya keur usuk asak atuh! Piraku wé keur nepak jelema mah”  
*Marimar* : “Heug dagoan atuh nya urang cokot heula”  
*Euceu* : “Heueuh”  
*Marimar* : “Yeuh!”  
*Euceu* : “Gusti nu agung ieu téh téplon?”  
*Marimar* : “Heueuh téplon ceuk saha ngidir!”  
*Euceu* : “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parabotan meni raréwok kieu!*”

(SM/V13/010323)

Métafora réalistsis dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh *Marimar* nu “*Murah ngan beungeut matak ruksak*” lantaran eusi omonganana mangrupa jawaban nu dikasang tukang ku omongan tokoh *Euceu* “*Lain ceu, béjana ari skincare abal-abal mah cenah murah nya?*”. Lian ti éta, omongan tokoh *Euceu* nu “*Euceu mah beungeut wé glowing, ari parabotan meni raréwok kieu!*” nuduhkeun yén tokoh *Euceu* héran nempo téplon nu raréwok. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh *Marimar* ngan mentingkeun ngurus beungeut daripada ngurus parabotan nepika raréwokna.

#### Mihapé Popoéan

*Euceu* : “Ceu mihapé popoéan nya bisi hujan, abi rék ka warung sakeudeung”  
*Marimar* : “Heueuh heug”  
 (teu lila tidinya)  
*Marimar* : “Duh asa hayang ngising euy, ngising heula ah”  
 (Marimar nempo aya bangsat nyokot popoéan)  
 (16) *Marimar* : “Ah genah euy. Heh! Keur naon éta?”  
*Bangsat* : “Euh, abi nuju ngabagsat”  
*Marimar* : “Oh”  
 (Euceu balik ti warung)  
*Euceu* : “Hah! Ceu ari popoéan abi kamarana?”  
*Marimar* : “*Euweuh bieu aya nu ngabagsat*”  
*Euceu* : “Hor ari euceu! Kumaha sih kapihapéan téh!”  
*Marimar* : “Pan mihapékeun na ogé bisi kahujanan lain bisi kabangsan”

(MP/V16/150323)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, métafora réalistsis ébréh dina omongan tokoh *Marimar* nu “*Euweuh bieu aya nu ngabagsat*” lantaran ieu

omongan mangrupa jawaban nu dikasang tukang ku omongan tokoh Euceu “*Hah! Ceu ari popoéan abi kamarana?*” sabab reuwas nempo réalita popoéan nu dititipkeun euweuh. Omongan tokoh Marimar matak pikaseurieun lantaran teu ngarasa salah popoéan Euceu dibawa ku bangsat.

#### Bapa na

- (51) Budak : “Hayoh siah ngabaung! Huu ngabaung”  
 Ema : “Sok ngaheureuyan budak sia mah!”  
 Budak : “Resep atuhda”  
 Ema : “Kumaha siah lamun bébéja ka bapana?”  
 Budak : “Ah nya hég wéh”  
 Ema : “*Yeuh bapana téh sok ngabunuh siatéh na manéh teu sieun?*”  
 Budak : “Wah heueuh nyah?”  
 Ema : “Heueuh siatéh batur gé geus arapaleun”  
 Budak : “Naha atuh ari ngeus puguh sok ngabunuh mah teu ditangkep ku polisi”  
 Ema : “Nika iraha gé polisi mah moal wani nangkep”  
 Budak : “Naha?”  
 Ema : “Naha-naha wéh ari dibéjaan téh”  
 Budak : “Ih terus kumaha atuh lamun manéhna bébéja?”  
 Ema : “Na atuh siah sok lalawora ngaheureuyan budak batur!”  
 Budak : “Tapi asa masih kénéh teu percaya urangmah ma bapana sok nagbunuh”  
 Ema : “Ah sabodo teuing ngabéjaan enggeus”  
 Budak : “Émang aya kitu urang dieu nu pernah nempo manéhna ngabunuh?”  
 Ema : “Entong gé batur, ema gé pernah”  
 Budak : “Dimana?”  
 Ema : “Deukeut masigit”  
 Budak : “Iraha?”  
 Ema : “Ari nu sok meuncit sapi unggal taun téh saha atuh?”

(BN/V51/211123)

Omongan tokoh Ema dina data wacana humoris di luhur nu “*Yeuh bapana téh sok ngabunuh siatéh na manéh teu sieun?*” nuduhkeun métafora réalitis lantaran dikasang tukang ku tokoh budak nu ngaheureuyan budak batur. Ieu hal ogé matak pikaseurieun sabab tokoh Ema nyebutkeun bapa nu budakna diheureuyan téh tukang ngabunuh padahal réalitana tukang meuncit sapi lamun keur qurban.

#### Ngojég

- (57) Marimar : “Ojég?”  
 Tukang Ojég : “Muhun ibu bade kamana?”  
 Marimar : “Ih meni hayang nyaho wé kana urusan batur téh!”  
 Tukang Ojég : “Hor pan ibu téh rék ngojég lain?”  
 Marimar : “Heueuh rék ngojég ceuk saha rék nyalég!”

- Tukang Ojég : “Terus mun abi teu apal rék kamanana kumaha nganteurkeuna atuh”
- Marimar : “*Maké nanya kumaha, maké motor atuh piraku make gorobak*”
- Tukang Ojég : “Heueuh pan ibu ari apal tujuana rék kamana mah tatadi geus dianteurkeun ku abi make motor”
- Marimar : “Atuh naha lain dianteurkeun ti tatadi karah ngocoblak wé hayoh!”
- Tukang Ojég : “Heueuh pan teu apal abi mah ibu tujuanana”
- Marimar : “Émangna manéh teu boga tujuan?”
- Tukang Ojég : “Ari abimah teu boga tujuan kamana-mana da eukeur ngojég ayeunamah”
- Marimar : “Matak ogé lamun hirupmah kudu boga tujuan”
- Tukang ojég : “Teuing ibu ah lieur”
- Mariar : “Na atuh maké ngojég ari lieur mah”
- Tukang Ojég : “Pan butuh duit! Geus atuh ibu ah ngojég wé kanu séjén tong ka abi”
- Marimar : “Ongkoh cenah butuh duit tapi malah nitah ngojég ka batur”
- Tukang Ojég : “Teu bu teu butuh dui tabi mah”
- Marimar : “Naha atuh make ngojég?”
- Tukang Ojég : “Rék eureun da ngojégna gé”
- Marimar : “Naha?”
- Tukang Ojég : “Rék nyalég!”
- Marimar : “Pantesan balaga embung nganteurkeun abi”

(NGJ/V57/231223)

Dina data wacana humori di luhur, métafora réalistic ébréh dina omongan tokoh “*Maké nanya kumaha, maké motor atuh piraku make gorobak*” lantaran omonganana mangrupa jawaban nu dikasang tukang ku omongan tokoh tukang ojég nu lieur kana kalakuan tokoh Marimar “*Terus mun abi teu apal rék kamanana kumaha nganteurkeuna atuh*”. Ieu hal loge matak pikaseurieun sabab tokoh Marimar nu salah sangka jeung ngalilieur waé ka tukang ojég.

#### 4.1.4.2 Métafora Déskriptif

Métafora déskriptif nyaéta daya humoris anu museur kana babandingan acuan ku cara ngébréhkeun acuan. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis, kapanggih aya 14 data ngeunaan métafora déskriptif. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan métafora déskriptif kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

#### Péso Seukeut

- (07) Agén : “Assamalualaikum”  
 Ibu : “Waalaiikumsalam”  
 Agén : “Ngiringan calik nya bu”  
 Ibu : “Mangga”

- Agén : “Ibu punten bade ngawagel sakedap”  
 Ibu : “Manga-mamga sok wé”  
 Agén : “Abi ti agen parabotan rumah tangga bade nawisan péso”  
 Ibu : “Péso naon néng?”  
 Agén : “*Péso modél baru ibu, modélna ogé saraé seueur pilihana aya nu modél gagangna béngkok kawas parawan nyeri cangkéng aya nu pananganana hipu awas nyepengan jabatan pokona seueur bu modélna bilih badé ieu aya katalogna*”  
 Ibu : “Ah moal néng gaduh kénéh itu peso mah”  
 Agén : “Atuh nya wios ibu kanggé koléksi”  
 Ibu : “Ah ibu mah moal seueur-seueur koléksi, ngoléksi mantan gé tos cekap”  
 Agén : “Ibu, ieu mah pésona ogé saé bahkan ieu mah peso pang seukeutna”  
 Ibu : “Nawarkeun barangmah sawajarna wé néng ulah di lebih-lebihkeun”  
 Agén : “Ih ari ibu abimah teu ngawadul ieu mah fakta, ieu péso téh péso pang seukeutna”  
 Ibu : “Teu percaya ibu mah”  
 Agén : “Naha?”  
 Ibu : “Da anu pangseueuna mah sanés péso”  
 Agén : “Naon atuh?”  
 Ibu : “Sungut jelema!”

(PS/V7/030223)

Métafora déskriptif dina data wacana humoris di luhur, ébréh dina omongan tokoh Agén nu “*Péso modél baru ibu, modélna ogé saraé seueur pilihana aya nu modél gagangna béngkok kawas parawan nyeri cangkéng aya nu pananganana hipu kawas nyepengan jabatan pokona seueur bu modélna bilih badé ieu aya katalogna*” lantaran eusi omonganana ngadéskripsikeun jeung natahan acuan, lebah dieu nyaéta péso. Omongan tokoh Agén ogé matak pikaseurieun dina ngadéskripsikeun bentuk gagang peso nu diga parawan nyeri cangkéng jeung nu hipu jiga nyepengan jabatan.

#### Mikiran Pangabutuh

- Budak : “Kunaon ma? Bangun siga keur loba pikiran?”  
 Ema : “*Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can imkiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan dewi*”  
 (27) Budak : “Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox”  
 Ema : “Hahaha tangkurak sia!”

(MP/V27/170523)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, métafora déskriptif ébréh dina omongan tokoh Ema nu *“Heueuh mikiran pangabutuh, gas béak, tas beak, Listrik geus ngenyut, warung ngeus teu dibéré nganyuk, cicilan motor bayareun, encan can mikiran keur jajan manéh sapopoé, ari boga salaki tara usaha malah sibuk bobogohan deui”* lantaran eusi omonganana ngébréhkeun acuan nyaéta eusi pikiranana. Nyieun humor sabab anu diébréhkeun ku tokoh Ema ngagambarkeun kaayaan nu sangsara pisan, puncak humor na lebah omongan tokoh budak nu *“Karunya teuing boga indung téh, kieu wé atuh ma kusabab kaayaan kauangan keur siga kieu kendaé lah ma dua minggu ayeunamah abi tong dibéré jajan ngan pangmeulikeun motor aerox”* sabab tokoh budak nu mimitina ngarasa simpati tapi karah ménta dipangmeulikeun motor anu ahirna nambah pikiran tokoh Ema.

#### Syukuran

- (36)
- Ema : “De, kunaon manéh maké ngahuhuleng kitu?”  
 Budak : “Ah teu kunanaon”  
 Ema : “Kunaon setéh? Sasarina gé tara kitu”  
 Budak : “Henteu, ngan asa kieu wé hirup téh asa teu bagja”  
 Ema : *“Maké sagala nyebutkeun teu bagja, ema geus kurang kumaha ngabagjakeun hirup manéh, hayang iphone dipangmeulikeun, hayang motor aerox najan urut ogé dipangmeulikeun ku ema, duit jajan sapopoé ngalir, bahkan lamun manéh hayang barang hakan nu ngeunar ogé dicumponan kolot mah bealaan kumaha ieu ngabagjakeun nu jadi anak tapi manéh mah masih kénéh wé ngarasa teu bagja, syukuran sia téh ayeunamah urang ngeus beunghar”*  
 Budak : “Atuhda bingung ma, rek disyukurana ogé”  
 Ema : “Naha maké kudu bingung”  
 Budak : “Bingung wé da ema mah meunang duit ogé lain meunang gawé tapi meunang morotan salaki batur”

(SK/V36/070723)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora déskriptif ebréh dina omongan tokoh Ema nu *“Maké sagala nyebutkeun teu bagja, ema geus kurang kumaha ngabagjakeun hirup manéh, hayang iphone dipangmeulikeun, hayang motor aerox najan urut ogé dipangmeulikeun ku ema, duit jajan sapopoé ngalir, bahkan lamun manéh hayang barang hakan nu ngeunar ogé dicumponan kolot mah bealaan kumaha ieu ngabagjakeun nu jadi anak tapi manéh mah masih kénéh wé ngarasa teu bagja, syukuran sia téh ayeunamah urang ngeus beunghar”* lantaran eusina

ngébréhkeun jeung nataan acuan nyaéta cara tokoh Ema ngabagjakeun budakna. Unsur humorna muncul sanggeus tokoh budak nyebutkeun teu bagja sabab duit nu dipaké keur ngabagjakeun manéhna téh duit meunang morotan tokoh Ema ka salaki batur.

(48)

**Rarudet**

- Euceu : “Ceu karokéan yu ah”  
 Marimar : “Mung ah horéam”  
 Euceu : “Hayu atuh”  
 Marimar : “Mung ah horéam keur rarudet kieu boro-boro hayang karoké”  
 Euceu : “Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet”  
 Marimar : “Rudet mikiran percintaan, sigana abimah jeung kabogoh nu ayeuna bakal putus “  
 Euceu : “Étah geus putus deui waé hsyoh wé euceu mah bobogihan téh geus siga sinétron loba enggeusanana”  
 Marimar : “Ari enggeus kumaha deui? Daripada rudet”  
 Euceu : “*Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?*”  
 Marimar : “Kesel ceu keluargana sok ikut campur waé”  
 Euceu : “Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluargana”  
 Marimar : “Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun”  
 Euceu : “Atuhnya lalaunan deukeutanana”  
 Marimar : “Ah anger moal bisa”  
 Euceu : “Na saha kitu keluargana téh?”  
 Marimar : “Pamajikanana”

(RT/V48/211023)

Omongan tokoh Euceu dina data wacana humoris di luhu nu “*Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?*” nuduhkeun métafora déskriptif lantaran eusina ngadéskripsikeun jeung nataan acuan nyaéta urut kabogoh tokoh Marimar. Ieu hal ogé nyieun pikaseurieun lantaran tokoh Euceu ngébréhkeun urut kabogoh tokoh Marimar nu Asep Godeg bulu irungna nolol, jeung dadang Rante nu awakna bau tai bujal.

**Bijak Dina Milih**

- (54) Marimar : “Ceu sakeudeung deui usum pemilu”  
 Euceu : “Heueuh euceu ék milih saha engké caleg?”  
 Marimar : “Abimah rék milih Haji Kohar”  
 Euceu : “Naha?”

- Marimar : “Béjanamah cenah rék ngabagi béas jeung sembako”  
 Euceu : “Jadi milih Haji Kohar téh ku dibéré béas nyah?”  
 Marimar : “Nya heueuh atuh, mana nu loba barang béré éta nu dipilih komo lamun méré béas mah soalna abi peduli kana beuteung”  
 Euceu : “Ari kitu carana mah berati euceu kur peduli kana beuteung hungkul teu peduli kana kamajuan bangsa mah”  
 Marimar : “Na kumaha kitu?”  
 Euceu : “*Yeuh ceu ari milih calég kudu nu bener jeung puguh ulah asal-asalan urang téh kudu apal visi misina naon, ideu jeung gagasana naon waé dalam membangun bangsa téh pokonamah urang kudu nyaho program kerja manéhna téh naon waé lamun misalna engké kapilih jadi pejabat téh*”  
 Marimar : “Oh heueuh nya”  
 Euceu : “Nya heueuh atuh matak lamun aya oknum pejabat pilihan urang anu teu euceug gawéna, urang ulah komplén sabab urang sorangan nu teu seléktif dina milihna asal-asalan beunang kasogok ku béas”  
 Marimar : “Ah ari kitumah ék milih Asep Burayut wé ah nu masih ngora kénéh”  
 Euceu : “Émang naon waé visi misi jeung program kerja na?”  
 Marimar : “Teuing can apal”  
 Euceu : “Hor terus alesana naon atuh make milih si éta?”  
 Marimar : “Kasép”

(BDM/V54/031223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Euceu nu “*Yeuh ceu ari milih calég kudu nu bener jeung puguh ulah asal-asalan urang téh kudu apal visi misina naon, ideu jeung gagasana naon waé dalam membangun bangsa téh pokonamah urang kudu nyaho program kerja manéhna téh naon waé lamun misalna engké kapilih jadi pejabat téh*” kaasup kana métafora déskriptif lantaran eusina ngébréhkeun acuan nyaéta milih calég. Unsur humorna muncul sabab tokoh marimar nu geus dipapatahan ku tokoh Euceu keukeuh milih calég lain nu geus didéskripsikeun ku tokoh Euceu tapi karna kasép.

#### 4.1.4.3 Métafora Similatif

Métafora similatif nyaéta daya humoris nu museur kana babandingan acuan ku cara nuduhkeun sasaruaan acuan. Kapanggih 18 data ngeunaan métafora similatif tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap di pedar hasil analisis ngeunaan métafora similatif kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

##### Mesin Cuci Kotor

- (06) Euceu : “Ari euceu kunaon ngan gugutrut waé tatadi?”  
 Marimar : “Teuing atuh ieu téh asa ararateul”  
 Euceu : “Bajuna mérang meureun”

- Marimar : “Piraku wé anyar ngaganti”  
 Euceu : “Berati nyeuseuhna éta mah teu beresih”  
 Marimar : “Lalawora maké nyebutkeun teu beresih”  
 Euceu : “*Éta ning ararateul kitu jiga pelakor*”  
 Marimar : “Kurang kumaha, nyeuseuhna ogé maké sabun mahal. Sabun seuseuhna ogé anu sok dipaké ku Shah Rukh Khan!”  
 Euceu : “Naon, Shah Rukh Khan mah lamun nyeuseuh maké sabun gandu!”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh?”  
 Euceu : “Ceuk dulurna, pan aya orang Cibaduyut! Palinggé euceu mah mesin cucina anu kotor”  
 Marimar : “Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan”  
 Euceu : “Nya teu bisa atuh! Mesin cuci gé kudu dimandian”  
 Marimar : “Ah! rariweuh aingah ngumbahna ogé”

(MCK/V6/270123)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora similitif ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Éta ning ararateul kitu jiga pelakor*” lantaran eusina museur kana babandingan acuan ku cara ngébréhkeun acuan nyaéta rasa ateu jeung pelakor atawa awéwé nu ngarebut salaki batur. Muncul humor sabab tokoh Euceu nyaruakeun ateu jeung jalma nu ateu ka salaki batur nu disebut pelakor.

#### Ceu Enur

- (17) Marimar : “Ti saprak balik ti Arab asa tara aya nolol kadieu”  
 Euceu : “Moal wara atuh! Pan duit ti Arabna ngahunyud kénéh. Ké ari ngeus susah karek lumahuh kadieu, ari keur loba duit mah nya barangdaang na gé nu méwah setéh”  
 Marimar : “Heueuh nyah?”  
 Euceu : “*Heueuh setéh isuk-isuk gé sarapana téh roti dioles maké selé nu siga congé*”  
 Marimar : “Selé danas éta téh”  
 Euceu : “Heueuh meureun, ieu ari baheula mah ning nya boléd kulan as ogé diharakan”  
 Marimar : “Éh béjana cenah tiheula rék dikawin lain? Ku dununganana anu di Arab”  
 Euceu : “Heueuh kan geus kungsi dikawin éta gé, ngan harita gé langsung ditalak cenah”  
 Marimar : “Naha?”  
 Euceu : “Ari ngareungeu mah cenah gara-gara dina bujur ceu Enur na loba tapak budug”  
 Marimar : “Rujit meureun katempona”  
 Euceu : “Berati nya anu glowing téh ulah beungeut waé”  
 Marimar : “Nya heueuh atuh bool gé kudu *good looking*. Lain ceu Enur gaya nya sok mamaké tas *branded*”  
 Euceu : “Ah KW setéh ceu, lain asli”  
 Marimar : “Nu bener ieu téh”  
 Euceu : “Heueuh setéh, piraku tas *branded* aya gambar singa ngahéot”

(CE/V17/190323)

Métafora similitif dina data wacana humoris di luhur, ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Heueuh setéh isuk-isuk gé sarapana téh roti dioles maké selé nu siga congé*” lantaran omonganana museur kana sasaruuan acuan, lebah dieu nyaéta selé jeung congé atawa kokotor dina jero ceuli. Humor muncul sabab tokoh Euceu nyaruakeun selé danas nu mangrupa kadaharan jeung congé atawa kokotor dina jero ceuli pédah sarua warna konéng.

#### Bukber

- (18)
- Euceu : “Ceu abi mah dék bukber da di teun haji Iis”  
 Marimar : “Ah! bukber-bukber, ngomong wé teu boga deungeun sangu di imah!”  
 Euceu : “Ah da ieu mah diondang atuh, lain sapati-pati ngénta daang”  
 Marimar : “Ah dék daang mah di imah sorangan wé, di imah batur mah éra ngahuap komo bari daangna rewog siga euceu mah”  
 Euceu : “Lain nanaon ceu ari kadaharan di imah haji Iis mah sok sugema, deungeun sangu the sok tika rupa-rupa nepika tumis simeut gé sok aya daripada bukber di imah euceu manya dur-duran magrib téh langsung habek kana sangu”  
 Marimar : “Terus kudu ngahakan naon heula atuh? Huut!?”  
 Euceu : “Huut, yeuh ceu ari buka puasa mah nya sunnah na ogé ngadaang nu amis-amis heula siga korma kitu tah”  
 Marimar : “Ah! teu hayang ngadaang korma téh, kamari gé meuli ti warung rasana téh amis teu puguh siga jagji kampanye!”

(B/V18/210323)

Dumasar kana datawacana humoris di luhur, métafora similitif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ah! teu hayang ngadaang korma téh, kamari gé meuli ti warung rasana téh amis teu puguh siga jagji kampanye!*” lantaran eusina ngébrékeun dina sasaruuan acuan nyaéta rasa korma jeung jangji kampanye. Ieu hal nyieun pikaseurieun lantaran tokoh Marimar nyaruakeun rasa korma nu amis teu puguh jeung jangji kampanye anu ilaharna sok teu puguh prak-prakanana.

#### Jurig Bulan Puasa

- (19)
- Euceu : “Alhamdulillah nya ceu puasa taun ayeuna urang téh masih kénéh dipaparinan umur pikeun ngalaksanakeun ibadah”  
 Marimar : “Heueuh alhamdulillah”  
 Euceu : “Lain ari bulan puasa mah so kaya wé gogodana téh komo lamun tibeurang nempo batako téh siga gegeplak”  
 Marimar : “Heueuh nempo cikiih ucing siga jus lemon”  
 Euceu : “Ih geuleuh atuh etamah!”

- Marimar : “Hahaha”  
 Euceu : “Padahal cenah ceu ari ngaranan bulan puasa mah nya sétan jeung jurig téh da dicancang cenah sangkan teu ngaganggu nu puasa”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh? Wadul setéh!”  
 Euceu : “Ah piraku wadul?”  
 Marimar : “Maké kudu sagala piraku tuh buktina”  
 (bari nuduhkeun aya dua jurig keur ngadaweung)

(JBP/V19/250323)

Omongan tokoh Euceu dina data wacana humoris di luhur nu “*Lain ari bulan puasa mah so kaya wé gogodana téh komo lamun tibeurang nempo batako téh siga gegeplak*” mangrupa métafora similitif lantaran ngébréhkeun babandingan acuan ku cara nuduhkeun sasaran acuan nyaéta batako jeung gegeplak. Lian ti éta, omongan tokoh Marimar nu “*Heueuh nempo cikiuh ucing siga jus lemon*” ogé sarua ngébréhkeun babandingan acuan ku cara nuduhkeun sasaran acuan nyaéta cikiuh ucing jeung jus lemon. Humor muncul sabab tokoh Euceu jeung Marimar nyaruakeun kadaharan jeung benda nu teu bisa didahar, lebah dieu batako disaruakeun jeung gegeplak pédah warna na sarua coklat semu beureum, cikiuh ucing jeung jus lemon pédah sarua warna konéng jeung cai.

### Dangdan

- Budak : “Ma”  
 Ema : “Naon?!”  
 Budak : “Ih meni nyereng kitu ema mah!”  
 Ema : “Teu nempo kolot keur parusing?!”  
 Budak : “Parusing kunaon atuh ma?”  
 Ema : “Keur pusing ka bapa manéh meni teu daék pisan ngajedog di imah!”  
 Budak : “Kamana kitu ayeuna?”  
 Ema : “Nguseup”  
 Budak : “Nguseup waé atuh si bapa téh”  
 Ema : “Ngeus puguh heueuh!”  
 (24) Budak : “*Teu betah meureun ema cicing di imah mah ningali ema pakéan gé meni sebrag-sebrig kitu siga ririwa*”  
 Ema : “Bedegong siah ka kolot nyebutkeun aing siga ririwa”  
 Budak : “Da émang heueuh atuh matak gé coba dangdan ema”  
 Ema : “Ah da osok éta gé dangdan mah mun ék indit”  
 Budak : “Maksudna téh dangdan di imah ema”  
 Ema : “Ah di imah mah sagala dangdan”  
 Budak : “*Hor ari ema dangdan keur saha atuh? Keur salaki apa keur batur? Sok coba di imah téh dangdan sing geulis ngarah si bapa téh betah di imah tempo tuh biwir gé meni pias kitu siga bool hayam*”  
 Ema : “Heueuh arék atuh”

(DD/V24/130423)

Métafora similitif dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Teu betah meureun ema cicing di imah mah ningali ema pakéan gé meni sebrag-sebrig kitu siga ririwa*”, jeung “*Hor ari ema dangdan keur saha atuh? Keur salaki apa keur batur? Sok coba di imah téh dangdan sing geulis ngarah si bapa téh betah di imah tempo tuh biwir gé meni pias kitu siga bool hayam*” lantaran omonganana museur kana babandingan sasaran acuan nyaéta pakéan jeung ririwa, sarta biwir jeung bool hayam. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh budak nyaruakeun pakéan tokoh Ema nu sebrag-sebrig jeung ririwa atawa jurig. Lebah dieu ngagambarkeun pakéan tokoh Ema teu kaurus jiga pakéan ririwa. Lian ti éta, tokoh budak nyaruakeun biwir jalma jeung bool hayam anu sarua katingali pias pédah tokoh Ema teu dangdan.

#### 4.1.4.4 Métafora Kontrastif

Métafora kontrastif nyaéta daya humoris nu museur kana babandingan patukan tonggongna acuan. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis kapanggih aya 17 data ngeunaan métafora kontrastif. Di handap dipedar hasil analisis ngeunaan métafora kontrastif kalawan jéntré sangkan meunang gambaranana.

##### Jurig Bulan Puasa

- (19) Euceu : “Alhamdulillah nya ceu puasa taun ayeuna urang téh masih kénéh dipaparinan umur pikeun ngalaksanakeun ibadah”  
 Marimar : “Heueuh alhamdulillah”  
 Euceu : “Lain ari bulan puasa mah so kaya wé gogodana téh komo lamun tibeurang nempo batakó téh siga gegeplak”  
 Marimar : “Heueuh nempo cikiih ucing siga jus lemon”  
 Euceu : “Ih geuleuh atuh etamah!”  
 Marimar : “Hahaha”  
 Euceu : “Padahal cenah ceu ari ngaranan bulan puasa mah nya sétan jeung jurig téh da dicancang cenah sangkan teu ngaganggu nu puasa”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh? Wadul setéh!”  
 Euceu : “Ah piraku wadul?”  
 Marimar : “*Maké kudu sagala piraku tuh buktina*”  
 (bari nuduhkeun aya dua jurig keur ngadaweung)

(JBP/V19/250323)

Dina data waana humoris di luhur, omongan tokoh Marimar nu “*Maké kudu sagala piraku tuh buktina*” mangrupa métafora kontrastif lantaran omonganana

patukang tonggong jeung acuan. Lebah dieu, omongan tokoh Marimar patukang tonggong jeung omongan tokoh Euceu nu “*Padahal cenah ceu ari ngaranan bulan puasa mah nya sétan jeung jurig téh da dicancang cenah sangkan teu ngaganggu nu puasa*”. Sétan dina bulan puasa sok dicancang, tapi tokoh Marimar nuduhkeun aya jurig nu keur ngadaweung, ieu hal ogé matak pikaseurieun.

#### Pencairan BLT

- Euceu : “Alhamdulillah nya ceu BLT téh ngeus cair deui”  
 Marimar : “Heueuh”  
 Euceu : “Pinuh korsi na gé, sok ceu mangga diuk didinya”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan ku euceu!”  
 Euceu : “Sok buru bisi aya nu nempatan!”  
 Marimar : “Ah mening euceu wé diuk didinya!”  
 Euceu : “Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!”  
 Marimar : “Moal cangkeul da geus biasa nangtung ti keur jaman Jepang ogé, sok wé diukan!”  
 Euceu : “Embung ah! pajarkeun abi teu hormat kanu saluhureun sok wé euceu nu diuk didinya!”  
 Marimar : “Ah kalem wé hayoh buru bisi ditempatan batur!”  
 Euceu : “Hayoh ceu diukan”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan”  
 (30) (Waktu geus peuting)  
 Euceu : “Hayoh atuh ceu diukan!”  
 Marimar : “Ah moal sok wé”  
 Euceu : “Éh ari euceu sok bisi cangkeul!”  
 Marimar : “Moal ah sok wé tempatan”  
 (Waktu geus nepi isuk deui)  
 Euceu : “Sok atuh ceu tempatan!”  
 Marimar : “Sok wé tempatan!”  
 Euceu : “Abimah jadi curiga euceu mah panyakitan nya matak embung diuk gé”  
 Marimar : “Gagabah teuing! Enya gé geus kolot kieu ari kaséhatan awakmah nomer hiji! Palinggé euceu tah nu bisulan!”  
 Euceu : “Ngalédék! Émangna masih usum éta bisul?”  
 Ibu-ibu : “Bu, tos lami?”  
 Marimar : “Tikamari, sok mangga calik”  
 Ibu-ibu : “Ah sok ibu calik didinya”  
 Marimar : “*Nuju keur teu tiasa calik ibu mah nuju wasir*”

(PB/V30/030623)

Métafora kontrasif dina data wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Nuju keur teu tiasa calik ibu mah nuju wasir*” lantaran omonganana mangrupa babandingan tina patukang tonggongna acuan. Tokoh Marimar saméméhna ngomong “*Gagabah teuing! Enya gé geus kolot kieu ari kaséhatan awakmah nomer hiji! Palinggé euceu tah nu bisulan!*” pikeun

ngayakinkeun tokoh Euceu yén manéhna séhat jeung teu kudu diuk dina korsi, padahal sabenerna tokoh Marimar teu daék diuk téh boga panyakit wasir. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran omongan tokoh Marimar teu luyu jeung kaayaan nu sabenerna.

### Ginding

- (35)
- Marimar : “Ceui ari euceu asa geus lila rarabi téh”  
 Euceu : “Naon kitu ceu?”  
 Marimar : “Éta wé asa can katempo kabeuli nanaon, imah gé masih ngontrak padahal salaki unggal poé gawé”  
 Euceu : “Ah mahi keur dahar jeung kabutuhan sapopoé ogé ngeus alhamdulillah abi mah ceu”  
 Marimar : “Lain kitu atuh meuli wé ceu ari ali-ali waé mah sangkan awak téh katempo ginding piraku teu mampu, yeuh ngarah teu polos kitu éta awak, rarabi wé geus lila ari taeun can boga nanaon”  
 Euceu : “Ah lain teu hayang ceu, can aya wé keur meulina”  
 Marimar : “Tuh tempo awak abi mah tos ginding kieu naha teu kabita? Yeuh pamajikan ginding mah cingcirining hirupna sejahtera”  
 Euceu : “Ah piraku”  
 Marimar : “Maké sagala piraku”  
 Euceu : “Éta hirup euceu can Sejahtera najan geus ginding ogé”  
 Marimar : “Ceuk saha?”  
 Euceu : “*Buktina euceu mah dicandung*”

(GD/V35/030723)

Omongan tokoh Euceu dina ata wacana humoris di luhur nu “*Buktina euceu mah dicandung*” mangrupa métafora kontrastif lantaran eusina ngahasilkeun babandingan tina patukang tonggongna acuan. Tokoh Marimar ngomong “*Tuh tempo awak abi mah tos ginding kieu naha teu kabita? Yeuh pamajikan ginding mah cingcirining hirupna sejahtera*” mangrupa tarékah ngayakinkeun tokoh Euceu sangkan pamajikan ginding téh hirupna Sejahtera, padahal omonganana patukang tonggong jeung kaayaan nu sabenerna tokoh Marimar teu bisa disebut Sejahtera lantaran manéhna dicandung, ieu hal ogé matak pikaseurieun.

### Rarudet

- (48)
- Euceu : “Ceui karokéan yu ah”  
 Marimar : “Mung ah horéam”  
 Euceu : “Hayu atuh”  
 Marimar : “Mung ah horéam keur rarudet kieu boro-boro hayang karoké”  
 Euceu : “Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet”  
 Marimar : “Rudet mikiran percintaan, sigana abimah jeung kabogoh nu ayeuna bakal putus”

- Euceu : “Étah geus putus deui waé hsyoh wé euceu mah bobogihan téh geus siga sinétron loba enggeusanana”
- Marimar : “Ari enggeus kumaha deui? Daripada rudet”
- Euceu : “Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?”
- Marimar : “Kesel ceu keluargana sok ikut campur waé”
- Euceu : “Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluargana”
- Marimar : “Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun”
- Euceu : “Atuhnya lalaunan deukeutanana”
- Marimar : “Ah anger moal bisa”
- Euceu : “Na saha kitu keluargana téh?”
- Marimar : “Pamajikanana”

(RT/V48/211023)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, métafora kontrasitif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Pamajikanana*” lantaran eusi omonganana patukang tonggong jeung acuan. Ieu hal mangrupa jawaban tina omongan tokoh Euceu nu “*Na saha kitu keluargana téh?*”. Omongan tokoh Marimar nu “*Kesel ceu keluargana sok ikut campur waé*”, jeung “*Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun*” mangrupa omongan nu ngayakinkeun yén manéhna jeung kabogohna teu bisa ngahiji lantaran keluaraga kabogohna nu sok ikut campur. Lebah dieu ogé matak pikaseurieun lantaran keluarga nu dimaksud ku tokoh Marimar lain indung, lain bapa, lain lanceuk, lain adi atawa dulu tapi pamajikan kabogohna.

#### Talété

- Agén : “Ibu punten badé naros upami bumi bu Tia palih mana nya?”
- Marimar : “Bu Tia?”
- Agén : “Enya”
- Marimar : “Oh éta palih dinya”
- Agén : “Oh enya atuh bu hatur nuhun nya”
- Marimar : “Kéheula-kéheula ieu ti bang émok sanés? “
- Agén : “Muhun bu ti koperasi”
- Marimar : “Bu Tia nginjeum duit?”
- (55) Agén : “Nya enya atuh bu”
- Marimar : “Sabaraha nginjeumna? Gedé teu?”
- Agén : “Privasi atuh bu étamah teu beunang dibéja-béja”
- Marimar : “Ah tibang kitu gé mni banget”
- Agén : “Atuhda teu kengéng bu teu kengéng dibéja-béja”
- Marimar : “Lancar teu mayarna?”
- Agén : “Lancar”
- Marimar : “Maenya? Lain éta duit jang mayarna menang timana nya? Da tara arusaha setéh”
- Agén : “Duka atuh bu”

- Marimar : “Berarti bener ieu mah béja ceuk batur, cenah mah bu Tia jeung salaki ngingu tuyul”  
 Agén : “Ah piraku ieu téh bu”  
 Marimar : “Éh ari dibéjaan téh!”  
 Agén : “Nya atos atuh bu bi badé ka bu Tia heula bisi kaburu sonten”  
 Marimar : “Kéheula-kéheula, éta lamun mayar duitna bau tuyul teu?”  
 Agén : “Na ari si ibu, nya duka atuh! Da tara ngambuan dui tabi mah, ari mayar mah langsung wé diampi”  
 Marimar : “Lain di ambeuan atuh! Éh kadieu heula”  
 Agén : “Naon deui ibu?”  
 Marimar : “Lain éta bu Tia ngingjeum duit dipaké jang naon nya duitna?”  
 Agén : “Atuh nya duka ibu ah da sanés urusan abi étamah!”  
 Marimar : “Meni hararobi kana ngingjeum duit téh, uyuhan ih aingmah karudet-rudet”  
 Agén : “Nya entos atuh bu bi bade ka bumi bu Tia heula”  
 Marimar : “Kéheula atuh!”  
 Agén : “Astagfirulloh naon deui ibu?”  
 Marimar : “Éta lamun nginyeum duit angsurana gedé teu?”  
 Agén : “Teu gedé bu ringan”  
 Marimar : “*Abi gé rék nambut atuh*”

(TL/V55/151223)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora kontrastif ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Abi gé rék nambut atuh*” lantaran eusi omonganana ngébréhkeun babandingan patukang tonggongna acuan. Disebut patukang tonggong jeung acuan lantaran samémna tokoh Marimar ngomong “*Meni hararobi kana ngingjeum duit téh, uyuhan ih aingmah karudet-rudet*”, lebah dieu omonganana ngébréhkeun yén manéhna rudet lamun boga hutang, tapi ahirna maéhna rék ngingjeum duit ogé. Ieu hal ogé nu jadi pikaseurieun sabab tokoh Marimar ngagambarkeun kalakuan nu sarua jeung istilah dipoyok dilebok.

#### 4.1.4.5 Métafora Interpretatif

Métafora interpretatif nyaéta daya humoris anu museur kana babandingan jeung nafsirkeun acuan. Kapanggih aya 2 data ngeunaan métafora interpretatif tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap baris dipedar kalawan jéntré ngeunaan hasil analisis métafora interpretatif sangkan meunang gambaranana.

##### Maké Emas

- (11) Euceu : “Aduh si euceu meni baradag kitu éta emas”  
 Marimar : “Ah saalit”  
 Euceu : “Ari éta meuli emasna di toko mana ceu?”  
 Marimar : “Ah loba tatanya kos nu rék meuli wé”

- Euceu : “Lain kitu justru rék ngabéjaan lamun meuli emas tuh di toko itu”  
 Marimar : “Dimana?”  
 Euceu : “Tuh di ditu di toko emas sinar méncrang”  
 Marimar : “Émang lamun di dinya kumaha kitu?”  
 Euceu : “Ari didinya mah euceu emasna murni jadi sanajan laleutik ogé duitna mah gedé tah ari rék neundeun duit mah mending emas nu kitu”  
 Marimar : “Ah da euceu mah meuli emas gé lain hayang neundeun duit”  
 Euceu : “Jang naon atuh?”  
 Marimar : “Ah hayang katempo wé ku batur”

(ME/V11/170223)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora interprétatif muncul lebah omongan tokoh Marimar nu “*Ah hayang katempo wé ku batur*” lantaran eusina ngabandingkeun hiji hal kana hal nu séjén. Tokoh Euceu nafsirkeun tokoh Marimar meuli emas keur neundeun duit padahal keur pamér ka batur, ieu ogé hal matak pikaseurieun.

### THR

- Budak : “Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR”  
 Ema : “Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah”  
 Budak : “Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?”  
 Ema : “Nya lain atuh, da urangmah unggal taun gé tara meunang”  
 (Ema balik ti luar)  
 Ema : “Assalamualaikum”  
 Budak : “Waalikumsalam, éh ma!”  
 Ema : “Naon?”  
 Budak : “Tadi aya nu ka imah nanyakeun ema”  
 Ema : “Saha kitu?”  
 (23) Budak : “Teuing da cenah mah urut dunungan ema baheula”  
 Ema : “Arék naon?”  
 Budak : “Méré THR”  
 Ema : “Tah geuning ari milik mah, mana THRna kadieukeun”  
 Budak : “Euweuh dibikeun kanu ngamén tadi”  
 Ema : “Ari sia na maké dibikeun kanu ngamén”  
 Budak : “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*”  
 Ema : “Kadieu siah”  
 Budak : “Naon ema?”  
 Ema : “Diteundeun di mana?”  
 Budak : “Naon nu diteundeun?”  
 Ema : “Otak manéh!”

(THR/V23/110423)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh budak nu “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*” mangrupa métafora

interprétatif lantaran eusina museur kana babandingan jeung nafsirkeun acan ku cara nagabandingkeun hiji hal kanu hal séjén. Lebah dieu tokoh budak nafsirkeun THR paméré tibatur lain hak na matak THR na dibikeun kanu ngamén. Ieu hal matak pikaseurieun sabab tokoh budak nu polos jeung teu ngarasa salah.

#### 4.1.4.6 Métafora Sinonimi

Métafora sinonimi nyaéta daya humoris nu museur kana babandingan sasaruuan ma'na. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis, kapanggih aya 9 data ngeunaan métafora sinonimi. Di handap baris dipedar kalawan jéntré hasil analisis ngeunaan métafora sinonimo sangkan meunang gambaranana.

##### Mesin Cuci Kotor

- (06) Euceu : “Ari euceu kunaon ngan gugutrut waé tatadi?”  
 Marimar : “Teuing atuh ieu téh asa ararateul”  
 Euceu : “Bajuna mérang meureun”  
 Marimar : “Piraku wé anyar ngaganti”  
 Euceu : “Berati nyeuseuhna éta mah teu beresih”  
 Marimar : “Lalawora maké nyebutkeun teu beresih”  
 Euceu : “Éta ning ararateul kitu jiga pelakor”  
 Marimar : “Kurang kumaha, nyeuseuhna ogé maké sabun mahal. Sabun seuseuhna ogé anu sok dipaké ku Shah Rukh Khan!”  
 Euceu : “Naon, Shah Rukh Khan mah lamun nyeuseuh maké sabun gandu!”  
 Marimar : “Ah ceuk saha ieu téh?”  
 Euceu : “Ceuk dulurna, pan aya orang Cibaduyut! Palinggé euceu mah mesin cucina anu kotor”  
 Marimar : “*Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan*”  
 Euceu : “Nya teu bisa atuh! Mesin cuci gé kudu dimandian”  
 Marimar : “Ah! rariweuh aingah ngumbahna ogé”

(MCK/V6/270123)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora sinonimi ébréh dina omongan tokoh Marimar nu “*Ah piraku! Pan mesin cuci téh tukang nyeuseuh piraku teu bisa ngumbah sorangan*”. Dina éta omongan tokoh Marimar nyebut mesin cuci jeung tukang nyeuseuh mangrupa babandingan sasaruuan ma'na tukang meresihan baju nu geus kotor. Nu nyieun humor nyaéta tokoh Marimar ngomong mesin cuci tukang nyeuseuh tapi teu bisa ngumah sorangan.

##### Sundanese Death Metal

- (08) Budak : “Keur naon ma?”  
 Ema : “Hah?”

Budak : “Keur naon?”  
 Ema : “Keur ngadéngékeun tembang”  
 Budak : “Keur ngadéngé lagu naon ma?”  
 Ema : “Biasa kujang rompang”  
 (Padahal lagu métaal)

(SDM/V8/050223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Keur ngadéngékeun tembang*” jeung omongan tokoh nu budak “*Keur ngadéngé lagu naon ma?*” mangrupa métafora sinonimi. Tokoh Ema nyebutkeun tembang, sedengkeun tokoh budak nyebutkeun lagu, lebah dieu omongan ieu dua tokoh museur kana babandingan sasaruana ma’na. unsur humorna muncul lebah tokoh Ema yebut keur ngadéngékeun kujang rompang tapi teu sarua jeung nu keur didéngékeun nyaéta lagu métaal anu ilaharna dipikaresep ku lalaki jeung jalma ngora.

#### Pencairan BLT

(30) Euceu : “Alhamdulillah nya ceu BLT téh ngeus cair deui”  
 Marimar : “Heueuh”  
 Euceu : “Pinuh korsi na gé, sok ceu mangga diuk didinya”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan ku euceu!”  
 Euceu : “Sok buru bisi aya nu nempatan!”  
 Marimar : “Ah mening euceu wé diuk didinya!”  
 Euceu : “Éh teu sopan atuh pan euceu mah leuwih kolot ti abi kudu ngéléhan kanu saluhureun mah, sok buru bisi cangkeul suku!”  
 Marimar : “Moal cangkeul da geus biasa nangtung ti keur jaman Jepang ogé, sok wé diukan!”  
 Euceu : “Embung ah! pajarkeun abi teu hormat kanu saluhureun sok wé euceu nu diuk didinya!”  
 Marimar : “Ah kalem wé hayoh buru bisi ditempatan batur!”  
 Euceu : “Hayoh ceu diukan”  
 Marimar : “Ah sok wé diukan”  
 (Waktu geus peuting)  
 Euceu : “Hayoh atuh ceu diukan!”  
 Marimar : “Ah moal sok wé”  
 Euceu : “Éh ari euceu sok bisi cangkeul!”  
 Marimar : “Moal ah sok wé tempatan”  
 (Waktu geus nepi isuk deui)  
 Euceu : “Sok atuh ceu tempatan!”  
 Marimar : “Sok wé tempatan!”  
 Euceu : “Abimah jadi curiga euceu mah panyakitan nya matak embung diuk gé”  
 Marimar : “Gagabah teuing! Enya gé geus kolot kieu ari kaséhatan awakmah nomer hiji! Palinggé euceu tah nu bisulan!”  
 Euceu : “Ngalédék! Émangna masih usum éta bisul?”  
 Ibu-ibu : “Bu, tos lami?”  
 Marimar : “Tikamari, sok mangga calik”  
 Ibu-ibu : “Ah sok ibu calik didinya”

Marimar : “Nuju keur teu tiasa calik ibu mah nuju wasir”  
(PB/V30/030623)

Métafora sinonimi dina data wacan humois di luhur ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Hayoh ceu diukan*”, omongan tokoh Marimar nu “*Moal ah sok wé tempatan*”, jeung omongan tokoh Ibu-ibu nu “*Ah sok ibu calik didinya*”. Éta omongan tilu tokoh museur kana babandingan sasaruana ma’na nyaéta diuk, tempatan, jeung calik, lebah dieu ma’na nu sarua téh nyaéta ngeusian korsi nu kosong. Nu matak pikaseurieun dina ieu paguneman nyaéta tokoh Euceu jeung tokoh Marimar silih nitah nempatan korsi kosong ti mimiti nepi nepika poé isukna masih kénéh silih nitah nempatan korsi kosong.

#### Babanda

- (32) Euceu : “Ceu tempo tuh tatangga asa mineng balanjana téh, kamari asa anyar kénéh meuli kulkas jeung lomari yaeuna geus siga meuli méja makan jeung lomari tv tuh”  
Marimar : “Atuh kenbaé da duitna ieuuh”  
Euceu : “Ih lain kitu éta wé manguyuhan sakitu imah leutik gé ngan hayoh wé meulian barang asa ku mangheurinkeun aingmah”  
Marimar : “Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké”

(BD/V32/150623)

Omongan tokoh Marimar nu “*Kenaé atuh daripada siga euceu imah wé lega ari parabotan teu boga! Ulah sok usilan ka batur sakitu gé alus baturmah bisa babanda, coba euceu ayeuna geus boga naon? Piring songhék gé masih dipapaké*” mangrupa métafora sinonimi lantaran nyebutkeun babanda jeung parbotan anu museur kana babandingan sasaruana ma’na. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran omonganana malik moyok tokoh Euceu nu mangrupa réspon tina kalakuan tokoh Euceu nu sirik ka tatanggana.

#### Bapa na

- (51) Budak : “Hayoh siah ngabaung! Huu ngabaung”  
Ema : “Sok ngaheureuyan budak sia mah!”  
Budak : “Resep atuhda”  
Ema : “Kumaha siah lamun bébéja ka bapana?”  
Budak : “Ah nya hég wéh”  
Ema : “Yeuh bapana téh sok ngabunuh siatéh na manéh teu sieun?”  
Budak : “Wah heueuh nyah?”

- Ema : “Heueuh siatéh batur gé geus arapaleun”  
 Budak : “Naha atuh ari ngeus puguh sok ngabunuh mah teu ditangkep ku polisi”  
 Ema : “Nika iraha gé polisi mah moal wani nangkep”  
 Budak : “Naha?”  
 Ema : “Naha-naha wéh ari dibéjaan téh”  
 Budak : “Ih terus kumaha atuh lamun manéhna bébéja?”  
 Ema : “Na atuh siah sok lalawora ngheureuyan budak batur!”  
 Budak : “Tapi asa masih kénéh teu percaya urangmah ma bapana sok nagbunuh”  
 Ema : “Ah sabodo teuing ngabéjaan enggeus”  
 Budak : “Émang aya kitu urang dieu nu pernah nempo manéhna ngabunuh?”  
 Ema : “Entong gé batur, ema gé pernah”  
 Budak : “Dimana?”  
 Ema : “Deukeut masigit”  
 Budak : “Iraha?”  
 Ema : “Ari nu sok meuncit sapi unggal taun téh saha atuh?”

(BN/V51/211123)

Dina data wacana huoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Yeuh bapana téh sok ngabunuh siatéh na manéh teu sieun?*”, jeung “*Ari nu sok meuncit sapi unggal taun téh saha atuh?*” mangrupa métafora sinonimi. Tokoh Ema nyebutkeun ngabunuh jeung meuncit nu museur kana babandingan sasaran ma’na nyaéta maéhan. Bédana ngabunuh hartina maéhan jalma jeung salah sahiji hal nu dilarang, ari meuncit konotasina kana maéhan héwan nu biasa didahar. Nyieun humor lantaran tokoh Ema nyebutkeun bapa budak nu diheureuyan téh tukang ngabunuh padahal tukang meuncit sapi lamun keur qurban.

### Talété

- (55) Agén : “Ibu punten badé naros upami bumi bu Tia palih mana nya?”  
 Marimar : “Bu Tia?”  
 Agén : “Enya”  
 Marimar : “Oh éta palih dinya”  
 Agén : “Oh enya atuh bu hatur nuhun nya”  
 Marimar : “*Kéheula-kéheula ieu ti bang émok sanés?*”  
 Agén : “*Muhun bu ti koperasi*”  
 Marimar : “Bu Tia nginjeum duit?”  
 Agén : “Nya enya atuh bu”  
 Marimar : “Sabaraha nginjeumna? Gedé teu?”  
 Agén : “Privasi atuh bu étamah teu beunang dibéja-béja”  
 Marimar : “Ah tibang kitu gé mni banget”  
 Agén : “Atuhda teu kengéng bu teu kengéng dibéja-béja”  
 Marimar : “Lancar teu mayarna?”  
 Agén : “Lancar”

- Marimar : “Maenya? Lain éta duit jang mayarna menang timana nya? Da tara arusaha setéh”
- Agén : “Duka atuh bu”
- Marimar : “Berarti bener ieu mah béja ceuk batur, cenah mah bu Tia jeung salaki ngingu tuyul”
- Agén : “Ah piraku ieu téh bu”
- Marimar : “Éh ari dibéjaan téh!”
- Agén : “Nya atos atuh bua bi badé ka bu Tia heula bisi kaburu sonten”
- Marimar : “Kéheula-kéheula, éta lamun mayar duitna bau tuyul teu?”
- Agén : “Na ari si ibu, nya duka atuh! Da tara ngambuan dui tabi mah, ari mayar mah langsung wé diampi”
- Marimar : “Lain di ambeuan atuh! Éh kadieu heula”
- Agén : “Naon deui ibu?”
- Marimar : “Lain éta bu Tia ngingjeum duit dipaké jang naon nya duitna?”
- Agén : “Atuh nya duka ibu ah da sanés urusan abi étamah!”
- Marimar : “Meni hararobi kana ngingjeum duit téh, uyuhan ih aingmah karudet-rudet”
- Agén : “Nya entos atuh bua bi bade ka bumi bu Tia heula”
- Marimar : “Kéheula atuh!”
- Agén : “Astagfirulloh naon deui ibu?”
- Marimar : “Éta lamun nginyeum duit angsurana gedé teu?”
- Agén : “Teu gedé bu ringan”
- Marimar : “Abi gé rék nambut atuh”

(TL/V55/151223)

Omongan tokoh Marimar nu “*Kéheula-kéheula ieu ti bang émok sanés?*” tuluy dijawab ku tokoh Agén “*Muhun bu ti koperasi*” dina data wacana humoris di luhur, mangrupa métafora sinonimi. Bang émok jeung koperasi museur kana babandingan sasaruuan ma’na nyaéta salah sahiji fasilitator keur ngingjeumkeun duit. Hal nu jadi pikaseurieun sabab tokoh Marimar ngagambarkeun kalakuan nu sarua jeung istilah dipoyok dilebok, nu mimitina ngauyuhankeun tapi ahirna jadi ngingjeum duit.

#### 4.1.4.7 Métafora Asimilasi

Métafora asimilasi nyaéta daya humoris kana babandingan sasaruuan foném nu béda acuan. Kapanggih 1 data ngeunaan métafora asimilasi tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap dipedar kalawan jéntré hasil analisisna sangkan meunang gambaranana.

##### Loba Kahayang

- Budak : “Ma pangmeulikeun iphone ma, babaturan urang mah kabéh geus maraké iphone”
- (43) Ema : “Ah haroréan ngahaja ku angmah dijieunkeun klepon teu dihakan geningan”
- Budak : “Iphone lain klepon”  
(teu lila tidinya)

- Budak : “Ma hayang sapedah listrikma babaturan urang gé ari mangkat sakola maraké nu kitu”
- Ema : “Ah leumpang wé mangkat sakola mah sagala lustrak-listrik kos nu sok ngabantuan mayar lampu”
- (teu lila tidinya)
- Budak : “Ma hayang sapatu roda ma”
- Ema : “Sakitu jalan siga wahangan saat gé jol hayang sapatu roda sia mah! Rék dipaké dimana? Dina galengan bortol?”
- Budak : “Atuhda keur usum ema babaturan urang gé geus barogaeun”
- Ema : “Ah sagala teuing!”
- (Kaisukanana)
- Budak : “Ma”
- Ema : “Naon?”
- Budak : “Hayang meuli kaos BTS ma”
- Ema : “Ari sia ngeus rupa-rupa kahayang téh! Tikamari ngan hayoh wé loba paménta!”
- Budak : “Atuhda hayang ema babaturan urang gé ngeus maraké”
- Ema : “Sia mah hirup téh teu kaop neuleu batur! Sagala hayang wé! Hirup mah ieuh ulah sok ningali kaluhur saayana wé anguran mah sukuran naon anu geus dipikaboga ku urang tong sok panas jadi jelema mah!”
- (Ema balik ti luar)
- Budak : “Ma naon éta?”
- Ema : “Bedug! Pan geus nyaho meureun manéh gé nu kieu mah katél”
- Budak : “Timana éta ma?”
- Ema : “Meunang meuli atuh!”
- Budak : “Ari ema na maké sagala meuli katél sakitu geus boga ogé”
- Ema : “Can boga nu siga kieu mah! Yeuh tatangga mah ngeus barogaeun piraku ema teu boga”
- Budak : “Ema mah bisa wé mamatahan tong sok panas ka batur ari ema sorangan panas”
- Ema : “Saha nu panas da ema mah teu panas”
- Budak : “Éta pipileun meuli katél siga batur”
- Ema : “Ah Kabita wé iumah”

(LK/V43/290823)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Ah haroréan ngahaja ku angmah dijieunkeun klepon teu dihakan geningan*” mangrupa métafora asimilasi. Proses asimilasina nyaéta tina iphone jadi klepon. Ieu hal ogé matak pikaseurieun lantaran tokoh Ema nyangka tokoh budak téh hayang klepon padahal hayang *iphone* salah sahiji mérek *HP*.

#### 4.1.4.8 Métafora Pasalia

Métafora pasalia nyaéta daya humoris nu museur kana kasalahan dina interprétasi atawa nafsirkeun acuan. Tina 60 data wacana humoris nu dianalisis,

kapanggih 7 data ngeunaan métafora pasalia. Di handap dipedar kalawan jéntré hasil analisisna sangkan meunang gambaranana.

### THR

- Budak : “Ma batur mah genah nya érék lebaran téh mareunang THR”  
 Ema : “Ah tong sok sirik kana rejeki batur étamah lain hak urang da geus aya bagéanana rejeki mah”  
*Budak* : “*Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?*”  
 Ema : “Nya lain atuh, da urangmah unggal taun gé tara meunang”  
 (Ema balik ti luar)  
 Ema : “Assalamualaikum”  
 Budak : “Waalaikumsalam, éh ma!”  
 Ema : “Naon?”  
 Budak : “Tadi aya nu ka imah nanyakeun ema”  
 Ema : “Saha kitu?”  
 (23) Budak : “Teuing da cenah mah urut dunungan ema baheula”  
 Ema : “Arék naon?”  
 Budak : “Méré THR”  
 Ema : “Tah geuning ari milik mah, mana THRna kadieukeun”  
 Budak : “Euweuh dibikeun kanu ngamén tadi”  
 Ema : “Ari sia na maké dibikeun kanu ngamén”  
*Budak* : “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*”  
 Ema : “Kadieu siah”  
 Budak : “Naon ema?”  
 Ema : “Diteundeun di mana?”  
 Budak : “Naon nu diteundeun?”  
 Ema : “Otak manéh!”

(THR/V23/110423)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora pasalia ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Oh jadi THR mah lain hak urang nyah?*”, jeung “*Pan ceuk ema gé THR mah lain hak urang matak dibikeun wé*” lantaran tokoh budak nuduhkeun ayana kasalahan dina interprétasi atawa nafsirkeun acuan. Padahal maksud tokoh Ema nyebutkeun THR lain hakna téh lamun teu meunang THR ti batur. Ieu hal nyieun pikaseurieun lantaran tokoh budak nu salah nafsirkeun omongan tokoh Ema.

### Rarudet

- Euceu : “Ceu karokéan yu ah”  
 Marimar : “Mung ah horéam”  
 Euceu : “Hayu atuh”  
 Marimar : “Mung ah horéam keur rarudet kieu boro-boro hayang karoké”  
 (48) Euceu : “Rarudet kunaon? Sakitu loba duit masih kénéh wé rarudet”  
 Marimar : “Rudet mikiran percintaan, sigana abimah jeung kabogoh nu ayeuna bakal putus”  
 Euceu : “Étah geus putus deui waé hsyoh wé euceu mah bobogihan téh geus siga sinétron loba enggeusanana”  
 Marimar : “Ari enggeus kumaha deui? Daripada rudet”

- Euceu : “Tiheula jeung Asep Godeg putusna gara-gara bulu irung nu narolol, kamari jeung Dadang Rante putus gara-gara awakna bau tai bujal, tah ari jeung kabogoh nu ayeuna putus gara-gara naon?”
- Marimar : “Kesel ceu keluarganya sok ikut campur waé”
- Euceu : “*Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluarga*”
- Marimar : “Ah moal bisa justru lamun deukeut matak piomongeun”
- Euceu : “*Atuhnya lalaunan deukeutanana*”
- Marimar : “Ah anger moal bisa”
- Euceu : “Na saha kitu keluarga téh?”
- Marimar : “Pamajikanana”

(RT/V48/211023)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, métafora pasalia ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Atuh coba lamun ék serius mah deukeutan keluarga*”, jeung “*Atuhnya lalaunan deukeutanana*”. Tokoh Euceu nuduhkeun kasalahan nafsirkeun acuan, tokoh Euceu nyangkana keluarga nu dimaksud ku tokoh Marimar téh indung, bapa, lanceuk, adi, jeung dulur padahal nu dimaksud téh nyaéta pamajikan kabogohna. Nyieun pikaseurieun lantaran omongan Marimar nu teu disangka-sangka kabogoh manéhna geus boga pamajikan.

#### Cita-cita

- Ema : “De, manéh sok ditanya tara ku guru? Cita-cita hayang jadi naon?”
- Budak : “Osok, asa kamari nanyakeun téh”
- Ema : “Terus manéh ngajawab naon?”
- Budak : “Teu ngajawab nanaon”
- Ema : “Hor na cita-cita manéh hayang jadi naon?”
- Budak : “Ah teu hayang jadi nanaon ma”
- Ema : “Ari teu hayang jadi nanaon mah meunggeus wé atuh tong sakola, milu ngarambét jeung mamang manéh”
- Budak : “Hor ema mah kitu”
- (49) Ema : “Ari enggeus keur naon sakola teu hayang jadi nanaon mah?! Ngajedog wé di imah!”
- Budak : “Atuhda bu guru ngomongna kitu”
- Ema : “Na ngomong naon guru?”
- Budak : “Heueuh cenah gantungan cita-citamu setinggi bintang di langit”
- Ema : “Yeuh éta téh motivasi sangkan manéh gableg cita-cita anu luhur, teu salah bu guru mah”
- Budak : “*Nyaéta embung ema luhur-luhur teuing téh*”
- Ema : “Naha?”
- Budak : “Sieun labuh”

(CC/V49/251023)

Métafora pasalia dina wacana humoris di luhur ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Nyaéta embung ema luhur-luhur teuing téh*” lantaran omonganana nuduhkeun aana kasalahan interprétasi atawa nafsirkeun acuan, lebah dieu tokoh budak nyangkana neundeun cita-cita nu luhur téh sarua jeung digantungkeun di tempat nu luhur padahal maksudna sangkan boga cita-cita nu hadé. Ieu hal nyieun pikaseurieun sabab tokoh budak nu polos.

### Bapa na

- Budak : “Hayoh siah ngabaung! Huu ngabaung”  
 Ema : “Sok ngaheureuyan budak sia mah!”  
 Budak : “Resep atuhda”  
 Ema : “Kumaha siah lamun bébéja ka bapana?”  
 Budak : “Ah nya hég wéh”  
 Ema : “Yeuh bapana téh sok ngabunuh siatéh na manéh teu sieun?”  
 Budak : “Wah heueuh nyah?”  
 Ema : “Heueuh siatéh batur gé geus arapaleun”  
 Budak : “*Naha atuh ari ngeus puguh sok ngabunuh mah teu ditangkep ku polisi*”  
 Ema : “Nika iraha gé polisi mah moal wani nangkep”  
 Budak : “Naha?”  
 (51) Ema : “Naha-naha wéh ari dibéjaan téh”  
 Budak : “Ih terus kumaha atuh lamun manéhna bébéja?”  
 Ema : “Na atuh siah sok lalawora ngheureuyan budak batur!”  
 Budak : “Tapi asa masih kénéh teu percaya urangmah ma bapana sok nagbunuh”  
 Ema : “Ah sabodo teuing ngabéjaan enggeus”  
 Budak : “Émang aya kitu urang dieu nu pernah nempo manéhna ngabunuh?”  
 Ema : “Entong gé batur, ema gé pernah”  
 Budak : “Dimana?”  
 Ema : “Deukeut masigit”  
 Budak : “Iraha?”  
 Ema : “Ari nu sok meuncit sapi unggal taun téh saha atuh?”

(BN/V51/211123)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh budak nu “*Naha atuh ari ngeus puguh sok ngabunuh mah teu ditangkep ku polisi*” mangrupa métafora pasalia lantaran nuduhkeun ayana kasalahan nafsirkeun acuan. Tokoh budak nafsirkeun bapa budak nu diheureuyan téh tukang ngabunuh padahal maksudna tukang meuncit sapi qurban. Nyieun humor lantaran tokoh Ema nyebutkeun bapa budak nu di heureuyan téh tukang ngabunuh padahal tukang meuncit sapi lamun keur qurban.

### Perkara Duit

- (53)
- Budak : “Ma aya pakét cod tadi”  
 Ema : “Mana pakétna? Dibayar teu ku manéh?”  
 Budak : “Mayar timana duitna ari ema?”  
 Ema : “Pan tadi isuk ku aing dibéré duit siatéh”  
 Budak : “Hor da étamah duit keur jajan atuh”  
 Ema : “Ari kitu téh ieuheun paké heula duit nu aya tibatan pakétna diretur mah”  
 Budak : “Lamun dibayarkeun ké keur jajan euweuh meureun”  
 Ema : “Sia mah dipaké ku indung gé meni banget komo mun dipaké sedekah, ari hirup ulah sok itungan ieuheun komo sedekah mah ulah itungan!”  
 Budak : “Heueuh”  
 Ema : “Ék kamana manéh?”  
 Budak : “Rék nyeuseuh”  
 Ema : “Yeuh sakalian atuh pangnyeuseuhkeun jakét ema”  
 Budak : “Mana dieuh”  
 (Geus lila tidinya)  
 Budak : “Néangan naon ma?”  
 Ema : “Néangan duit, éta tadi dina jakét aya duitan weuh?”  
 Budak : “Aya”  
 Ema : “Tah geuning mana dieukeun”  
 Budak : “Ngeus euweuh duitna ogé”  
 Ema : “Na dikamanakeun?”  
 Budak : “Tadi téh aya nu ménta sumbangan ema ka imah jadi dibikeun wé duit téh”  
 Ema : “Ituh sia naha maké dibikeun?”  
 Budak : “Pan ceuk ema gé paké heula wé nu aya”  
 Ema : “Éta téh keur dipaké setoran motor sia téh, mana dieukeun sésana?”  
 Budak : “Euweuh ema dibikeun kabéh”  
 Ema : “Éta si jurig naha dibikeun kabéh?”  
 Budak : “Pan ceuk ema gé ari sedekah mah tong itungan”
- (PD/V53/271123)

Métafora pasalia dina data wacana humoris di luhur, ébréh dina omongan tokoh budak nu “*Pan ceuk ema gé ari sedekah mah tong itungan*” lantaran nuduhkeun kasalahan interprétasi atawa nafsirkeun acuan. Padahal nu dimaksud sedekah tong itungan téh lamun boga rezeki nu leuwih, jeung kudu ningali kana kaayaan diri sorangan heula. Nyieun humor lantaran tokoh budak nu polos jeung teu ngarasa salah.

### Ngojég

- (57)
- Marimar : “Ojég?”  
 Tukang Ojég : “Muhun ibu bade kamana?”  
 Marimar : “*It meni hayang nyaho wé kana urusan batur téh!*”  
 Tukang Ojég : “Hor pan ibu téh rék ngojég lain?”  
 Marimar : “Heueuh rék ngojég ceuk saha rék nyalég!”

- Tukang Ojég : “Terus mun abi teu apal rék kamanana kumaha nganteurkeuna atuh”
- Marimar : “Maké nanya kumaha, maké motor atuh piraku maké gorobak”
- Tukang Ojég : “Heueuh pan ibu aria pal tujuana rék kamana mah tatadi geus dianteurkeun ku abi maké motor”
- Marimar : “Atuh naha lain dianteurkeun ti tatadi karah ngocoblak wé hayoh!”
- Tukang Ojég : “Heueuh pan teu apala bi mah ibu tujuanana”
- Marimar : “*Émangna manéh teu boga tujuan?*”
- Tukang Ojég : “Ari abimah teu boga tujuan kamana-mana da eukeur ngojég ayeunamah”
- Marimar : “*Matak ogé lamun hirupmah kudu boga tujuan*”
- Tukang Ojég : “Teuing ibu ah lieur”
- Marimar : “*Na atuh make ngojég ari lieur mah*”
- Tukang Ojég : “Pan butuh duit! Geus atuh ibu ah ngojég wé kanu séjén tong ka abi”
- Marimar : “*Ongkoh cenah butuh duit tapi malah nitah ngojég ka batur*”
- Tukang Ojég : “Teu bu teu butuh dui tabi mah”
- Marimar : “Naha atuh make ngojég?”
- Tukang Ojég : “Rék eureun da ngojégna gé”
- Marimar : “Naha?”
- Tukang Ojég : “Rék nyalég!”
- Marimar : “Pantesan balaga embung nganteurkeun abi”

(NGJ/V57/231223)

Dumasar kana data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Marimar nu “*Ih meni hayang nyaho wé kana urusan batur téh!*”, “*Émangna manéh teu boga tujuan?*”, “*Matak ogé lamun hirupmah kudu boga tujuan*”, “*Na atuh make ngojég ari lieur mah*”, jeung “*Ongkoh cenah butuh duit tapi malah nitah ngojég ka batur*” mangrupa métafora pasalia lantaran eusina nuduhkeun kasalahan interprétasi atawa nafsirkeun acuan, lebah dieu maksud tukang ojég nanya tujuan tokoh Marimar ngojég kamana tapi jadi pabeulit ku kasalahan nafsirkeun tokoh Marimar. Nyieun humor lantaran dina pagunemanana tokoh Marimar salah sangka ka tukang ojég.

#### 4.1.4.9 Métafora Nyimpang (*Plesetan*)

Métafora nyimpang atawa *plesetan* nyaéta daya humoris nu museur kana ungkara nyimpang atawa *plesetan* tina acuan. Kapanggih 6 data ngeunaan métafora nyimpang tina 60 data wacana humoris nu dianalisis. Di handap dipedar kalawan jéntré hasil analisisna sangkan meunang gambaranana.

- (01) **Marimar Gaduh Buah Balingbing**  
*Euceu* : “*Éyy boga balingbing*”

Marimar : “Ari sia teu neuleu maké nyebutkeun balingbing!”  
 Euceu : “Na ari éta naon atuh?”  
 Marimar : “Kacang”  
 (padahal buah nangka)

(MGBB/V1/050123)

Omongan tokoh Euceu nu “*Éyy boga balingbing*” jeung tokoh Marimar nu “*Kacang*” mangrupa maétafora nyimpang lantaran éta omongan dua tokoh téh museur kana ungkara nyimpang atawa *plesetan* tina buah nangka jadi balingbing jeung kacang. Ieu hal ogé nyieun pikaseurieun sabab euweuh nu bener nyebutkeun ngaran buahna.

### *Pelengkap Hidup*

Budak : “Ma, ema teu masak lain?”  
 Ema : “Cicing ah! nyaho kolot téh keur kieu!”  
 Budak : “Rék tika iraha ma ngan kitu waé ngan hayoh wé mikiran lalaki ari eusi beuteung budak teu dipikiran pira gé ditingakeun ku tukang kiridit meni tika galau kabina-bina ngeus wé atuh ma matak naon mun hirup léngoh”  
 Ema : “*Maruk siamah ngeunah wé meureun nya hirup léléngohan téh, hirup teu boga salaki mah camplang sia téh jiga kuah sayur teu maké karbit*”  
 (33) Budak : “Karbit? Uyah meureun!”  
 Ema : “Pokona hirup teu boga salaki mah teu ngeunah rasana kurang lengkep”  
 Budak : “Heueuh ayeunamah néangan deui wé atuh ma nu bageur, nu beunghar, kasép, nu daékan usahana, nyaah ka ema jeung ka urang”  
 Ema : “Heueuh kudu néangan kamana atuh pelengkap hidup nu siga kitu”  
 Budak : “Heueuh da hésé atuh ema néangan nu siga kitu mah teu cara néangan perlengkapan orok!”

(PH/V33/230623)

Dina data wacana humoris di luhur, omongan tokoh Ema nu “*Maruk siamah ngeunah wé meureun nya hirup léléngohan téh, hirup teu boga salaki mah camplang sia téh jiga kuah sayur teu maké karbit*” mangrupa métafora nyimpang lantaran aya ungkara nyimpang atawa *plesetan* nyaéta lebah jiga kuah sayur teu maké karbit. Kecap karbit mangrupa *plesetan* tina uyah. Ieu hal ogé nyieun pikaseurieun sabab omongan tokoh Ema nu pikarunyaen tapi jadi humor tungtungna.

### Bantal Buluk

(Dialungan bantal ku ema)

- Budak : “Naon ieu ma?”  
 Ema : “*Cangcut! Ngeus puguh bantal!*”  
 (38) Budak : “Naha kudu sagala di alung-alung ari ema”  
 Budak : “Lain di alung-alung éta tempo piraku bantal parawan tika modél kitu, na sia téh teu éra? Mamaké bantal nu pinuh ku tapak dahdir ngeus kumah kaituh!”

(BB/V38/210723)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora nyimpang ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Cangcut! Ngeus puguh bantal!*” lantaran omonganana museur kana ungkara nyimpang. Tokoh Ema nyebutkeun cangcut padahal sabenerna bantal sok sanajan disebutkeun ogé bantalna. Ieu hal ogé nyieun seuri leutik.

### Hanas Ku Hanas

- Ema : “Ék kamana manéh?”  
 Budak : “Ék ulin”  
 Ema : “Ngablu wé hayoh”  
 (Teu lila ema nelepon)  
 Budak : “Halo naon ma?”  
 Ema : “Pangmeulikeun minyak buru!”  
 Budak : “Ih ari ema atuh naha lain bieu ari geus jauh karak nitah”  
 Ema : “Pan butuhna gé ayeuna, si uwa rék méré lauk cenah buru! Ké mun laukna ngeus dating kari digoréng”  
 Budak : “Mana atuh duitna?”  
 Ema : “Nganyuk heula wé”  
 Budak : “Ka warung ceu Tutih lain?”  
 Ema : “Heueuh”  
 Budak : “Embung ah éra”  
 Ema : “Maké sagala éra?”  
 41 Budak : “Éra ih hutang béas ge geus dua kintal can dibayar ema mah”  
 Ema : “Lah gampang étamah buru nganyuk heula ka warung!”  
 Budak : “Ari ema ih kumaha laum teu dibéréan”  
 Ema : “Teu dibéréan mah duruk wé warungna!”  
 Budak : “Nya enggeus atuh minyak hungkul lain?”  
 Ema : “Heueuh saléter”  
 Budak : “Heueuh. Éh naon nya bieu téh? Halo ma”  
 Ema : “Naon deui ari manéh?”  
 Budak : “Bieu téh nganyuk naon ma? Minyak lin?”  
 Ema : “*Lain! Nganyuk pajéro! Nya heueuh atuh minyak meni poho sia mah sakitu ogé*”  
 (Budak geus balik ka imah)  
 Budak : “Yeuh ma minyak téh, gera goréng atu laukna geus lapar”  
 Ema : “Ah lauk nahaon”  
 Budak : “Ongkoh cenah tadi si uwa rék méré lauk”  
 Ema : “Heueuh méré éta gé”

Budak : “Mana atuh laukna?”  
 Ema : “Tuh”  
 (padahal lauk koki)

(HKH/V41/210823)

Dina data wacana humoris di luhur, métafora nyimpang ébréh dina omongan tokoh Ema nu “*Lain! Nganyuk pajero! Nya heueuh atuh minyak meni poho sia mah sakitu ogé*” lantaran museur kana ungkara nyimpang atawa *plesetan* tina acuan. Ieu hal nyieun pikaseurieun sabab tokoh Ema nu geus keuheul ka tokoh budak nepika nyebutkeun minyak jadi *pajero* nu mangrupa salah sahiji mérek mobil.

### Marimar Sunda

(50) Euceu : “Ceul!”  
 Marimar : “Euy”  
 Euceu : “Kamana waé tara bijil”  
 Marimar : “Aya di imh sarieun ah ék bijil téh”  
 Euceu : “Maké kudu sieun, sieun naon?”  
 Marimar : “Sieun aya nu nginyeum duit”  
 Euceu : “Béjana kamari ngeus meuli emas, tapi mana ning teu katempo”  
 Marimar : “Ah da teu hayang katempo ku batur”  
 Euceu : “Ari éta rék kamana atuh?”  
 Marimar : “Rék miceun ieu tah”  
 (bari nempokeun kérésék)  
 Euceu : “Miceun naon kitu?”  
 Marimar : “*Miceun géngsi!*”

(MS/V50/031123)

Omongan tokoh Marimar nu “*Miceun géngsi!*” dina data wacana humoris di luhur, mangrupa métafora nyimpang lantaran museur kana ungkara nyimpang atawa *plesetan* tina acuan. Tokoh Marimar nyebut géngsi padahal nu abenerna kérésék sampah. Ieu hal matak pikaseurieun sabab tokoh Marimar lain ngan saukur nyimpangkeun kecap kérésék jadi géngsi, tapi ogé jadi sindiran keur tokoh Euceu nu hayang sagala nyaho jeung geunggeureuhan.

## 4.2 Pedaran Panalungtikan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, ieu panalungtikan maluruh ngeunaan wacan humoris. Data nu kapanggih dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i tanggal ganjil salila taun 2023 aya 60 data wacana humoris. Umumna

data wacana humoris anu kapuluruh mangrupa paguneman antara dua tokoh. Tokoh nu mindeng muncul nyaéta tokoh Ema, Budak, Euceu jeung Marimar. Data nu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis ogé didéskripsikeun luyu jeung udagan panalungtikan nyaéta (1) wanda polah ucap humoris; (2) prinsip polah ucap humoris; (3) fungsi polah ucap humoris; jeung (4) daya humoris.

Wanda polah ucap humoris kapasing-pasing jadi tilu wanda nyaéta (1) lakuning ucap atawa lokusi; (2) lakuning gawé atawa ilokusi; jeung (3) lakuning rasa atawa perlokusi. Tina hasil ngaklasifikasi wanda polah ucap humoris, lakuning ucap atawa lokusi jadi wanda nu panglobana kapanggih nyaéta aya 66 data lakuning ucap atawa lokusi. Hartina data dina kontén *reels* akun *instagram* @uc\_\_\_\_i leuwih kana komunikasi antar pribadi nu nepikeun hiji perkara saayaana sarta ngandung unsur humor. Panalungtikan nu dilakukeun ku (Maulina, 2020) nu nganalisis wacana humoris dina akun *instagram* @kangcartoon jeung (Septiadi, 2021) nu nganalisis wacana humoris dina kontén *youtube* @CangehgarrOfficial, wanda polah ucap nu loba kapanggih nyaéta lakuning gawé atawa ilokusi.

Prinsip polah ucap humoris dibagi jadi dua bagéan nyaéta (1) prinsip kasopanan; jeung (2) prinsip gawé bareng atawa rempug jukung. Prinsip kasopanan dipasing-pasing jadi 6 maksim nyaéta (1) maksim kawijaksanaan; (2) maksim katumarima; (3) maksim pangcocog; (4) maksim kasimpati; (5) maksim balabah; jeung (6) maksim handap asor. Dina prinsip kasopanan, maksim kawijaksanaan jadi maksim nu panglobana kapuluruh nyaéta aya 12 data. Prinsip gawé bareng atawa rempug jukung dipasing-pasing jadi 4 maksim diantarana (1) maksim kuantitas; (2) maksim kualitas; (3) maksim rélevansi; jeung (4) maksim cara. Nu loba kapuluruh dina prinsip gawé bareng nyaéta maksim kuantitas aya 43 data. Panalungtikan nu dilakukeun ku (Maulina, 2020) nu nganalisis wacana humoris dina akun *instagram* @kangcartoon dina prinsip polah ucap humoris nu loba kapuluruh nyaéta maksim cara, sedengkeun (Septiadi, 2021) teu nalungtik ngeunaan prinsip polah ucap humoris.

Dina fungsi polah ucap humoris nu dipasing-pasing jadi 4 fungsi nyaéta (1) fungsi komisif; (2) fungsi impositif; (3) fungsi éksprésif; jeung (4) fungsi asértif, nu loba kapuluruh nyaéta fungsi impositif aya 92 data. Hartina paguneman antar tokoh dina akun @uc\_\_\_\_i loba omongan nu ngedalkeun paréntah. Panalungtikan

nu dilakukeun ku (Septiadi, 2021) nu nganalisis wacana humoris dina akun *youtube* @Cangehgarrofficial nu loba kapaluruh nyaéta fungsi asértif.

Hasil analisis ngeunaan daya humoris, kapanggih 9 tina 12 daya humoris, nyaéta (1) métafora réalistis; (2) métafora déskriptif; (3) métafora similitif; (4) métafora kontrasitif; (5) métafora interprétatif; (6) métafora sinonimi; (7) métafora asimilasi; (8) métafora pasalia; jeung (9) métafora nyimpang atawa *plesetan*. Nu loba kapanggih nyaéta métafora similitif aya 18 data. Lebah dieu kapanggih daya humoris gabungan antara dua métafora nyaéta métafora déskriptif jeung similitif. Di handap dipedar daya humoris gabungan tina métafora déskriptif jeung similitif.

### Mang Eman

- Euceu : “Perasaan saprak pamajikanana ka Arab, mang Eman mah asa nyetil waé dangdananana”
- Marimar : “Heueuh nya, asa beuki kasép deuih”
- (02) Euceu : “*Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanas ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung*”
- Marimar : “Euceu mah resep da ka lalaki anu seungit, teu cara kana bararu kélék sok jadi jipen”
- Euceu : “Lain nya, kuatan ogé éta pamajikanana boga salaki nu korét model kitu”
- Marimar : “Ceuk saha korét? Sakitu béréhan ogé”
- Euceu : “Ah! kos nu apal wé! Naon da batur mah sok mineng nempo setéh, mang Eman keur paduduaan jeung awéwé, siganamah begér deui”
- Marimar : “Ah maenya”
- Euceu : “Maké kudu maenya! Tempat paragi apél na gé apal urangmah. Ké mah urang laporkeun ah ka pa RT, ngarah digrebeg”
- Marimar : “Ih ulah atuh!”
- Euceu : “Maké kudu ulah? Yeuh supaya pamajikana téh diditu apal, yén kalakuan salakina didieu kumaha”
- Marimar : “Na teu karunya ka euceu?”
- Euceu : “Naha maké bet ka euceu?”
- Marimar : “Pan jeung euceu bobogohanana”

(ME/V2/090123)

Dina data wacana humoris di luhur, gabungan métafora déskriptif jeung similitif ébréh dina omongan tokoh Euceu nu “*Ah! kasép timana! Sakitu beungeut siga boléd kulanas ogé. Kusaliwat gé geus katempo ronghod. Éta lamun ngaliwat sok tika seungit téh parfumna téh, asa nyocog sugan parfum kana liang irung*” lantaran eusi omonganana salian ti ngébréhkeun ku cara nataan hiji hal tapi ogé

museur kana babandingan acuan ku cara nuduhkeunn sasaruuan acuan. Lebah dieu, tokoh Euceu ngadéskripsikeun rupa Mang Eman jeung diselapan ku nyaruakeun jlma jeung kadaharan atawa tutuwuhan nyaéta Mang Eman jeung boléd kulanas. Ieu hal ogé nu matak nyieun pikaseurieun.